ISSN 2311-6854

ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

## НАУКОН-МЕТОДИКОН ЖУРНАЛ

# Рухстауæг



1
2023

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

*Сæйраг редактор* – МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Джанайты Ларисæ, Куыдзойты Анжелæ, Исахъты Людмилæ, Кцойты Маринæ, Солтанты Джульетæ***

***Журналы æддаг цъарыл-2023 азы Æппæтуæрæсеон конкурс «Мадæлон æвзаджы хуыздæр ахуыргæнæг»-ы регионалон этапы уæлахиздзау Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг Гæбуты Маринæ***

© СО РИПКРО, 2023
©ИПК «Литера», 2023

# НОМЫРЫ ИС:

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

***2023 АЗЫ ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ХУЫЗДÆР АХУЫРГÆНÆГ***

***РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС «ХУЫЗДÆР ХЪОМЫЛГÆНÆГ»***

***МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС – 2023***

### *Конкурсты архайджыты æрмæджытæ*

***Гæбуты Маринæ.*** Ирон æвзаджы урок 8-æм къласы. «Бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ».

***Габеты Зæлинæ.*** Ирон æвзаджы урок 6-æм къласы. «Ныууагътой нын нæ фыдæлтæ хæзна … »

***Брытъиаты Маргаритæ.*** Ирон æвзаджы урок 7-æм къласы. «Ирыстон – уазæгуарзаг зæхх».

***Боциты Альбинæ.*** Дидактикон æрмæгæй пайда кæныны мадзæлттæ ирон æвзаджы урокты

***Дудайты Ианæ***. Ахуыры темæ «Дидинджытæ»

***Хуымарты Илонæ***. Ахуры темæ «Джимиты Кларæ «Уæздан цъиу»»

***Цæгæраты Индианæ. Ахуыры темæ*** «Мигæнæнты хуызтæ»

***2023 АЗ – АХУЫРГÆНÆДЖЫ ÆМÆ ЗОНДАМОНÆДЖЫ АЗ***

**Пайдайаг фембæлдтытæ**

**Педагогон коучинг**

**Методикон ринг**

**Олимпиадæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн**

**Педагогон форум «Мой край – моя святыня»**

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

**Куыдзойты А.Ф.** Бавæргæ дзырдтæ хицæн кæнины фарст ирон æвзагзонынады

**Къадзаты Л.А.** Ирон драмæйы фæндаг

**Майрæмыхъуаты Ф.А.** Хæдзармæ куысты хуызтæ ирон æвзагæй

**Габеты Л.У.** Ирон литературæ æмæ критикæйы гуырæн заман

## *СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ*

Гахаты Зæлинæ. Ирон литературæйы урок «Хорзæй баззай, Ир!»

## *ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ*

***Гæджиты Лянæ.*** Брейн-ринг Нарты кадджытæй

* * *

Цы рæстæг базыдтон æдæрсгæ
Иронау чиныджы кæсын,
Уæдæй нырмæ рæсугъд нывæстæй
Мæ риуы царды цин хæссын.

Æз кастæн Нигеры, Секъайы…
Цомахъы уацмысты цæхæр
Мæ зонды хурзæринау райы
Мæ хъусты зæлы «Тохы хъæр»,

Къостайы тугæй фыст ныхæсты
Æз федтон ивгъуыд дуджы уаг.
Куыд хорз, куыд кадджын дæ мæ цæсты,
Нæ ирон мадæлон æвзаг!

Чеджемты Æхсар

***КОНКУРСТӔ, КОНКУРСТӔ, КОНКУРСТӔ…***

***2023 АЗЫ ИРОН ӔВЗАГ ӔМӔ ЛИТЕРАТУРӔЙЫ ХУЫЗДӔР АХУЫРГӔНӔГ***



Ахуырады кусджыты ’хсæн цы алыхуызон конкурстæ цæуы, уыдонæй сæйрагдæр æмæ кадджындæр у афæдзы хуыздæр ахуыргæнæг сбæрæг кæныны фæдыл арæзт конкурс.

2023 азы ирон æвзаджы хуыздæр ахуыргæнæджы ном райсынмæ сæ ныфс бахастой 23 ахуыргæнæджы Дзæуджыхъæуæй æмæ нæ республикæйы алы районтæй.

Конкурсы архайдтой: Æмбалты Валерия (Беслæны 6-æм скъола), Барахъты Екатеринæ (Дзæуджыхъæуы 42-æм скъола), Битарты Лидæ (Дзæуджыхъæуы 4-æм гимназ), Брытъиаты Маргаритæ (Дзæуджыхъæуы 46-æм скъола), Гæбæйрайты Эльвирæ (скъола «Интеллект»), Гæбæраты Хадизæт (Æрыдоны 3-æм скъола), Габеты Зæлинæ (Сырх Дыгуры скъола), Гæбуты Маринæ (Дзæуджыхъæуы 7-æм скъола), Гиоты Зæринæ (Дзæуджыхъæуы лицей), Гобозты Екатеринæ (Дзæуджыхъæуы 41-æм скъола), Гусаты Эльмирæ (Æрыдоны 1-æм скъола), Дзапарты Анжеликæ (Æрыдоны 18-æм скъола), Калоты Зæлинæ (Дзæуджыхъæуы 11-æм скъола), Хъараты Лидæ (Михайловскы скъола), Хъоцыты Томарæ (скъола «Диалог»), Куыдзиаты Анжелæ (Фиагдоны скъола), Хъуылаты Светланæ (Комсомольскы скъола), Къутæрты Зæринæ (РФМЛИ), Мæхъиты Зæринæ (Джызæлы скъола-

интернат), Рубайты Зæринæ (Дзæуджыхъæуы скъола-интернат), Тедеты Идæ (Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола), Хуыбылты Лаурæ (Притеречныйы скъола), Хуыдæлты Ларисæ (Дур-Дуры 2-æм скъола).

Конкурсы архайджыты ’хсæн уыд, куыд æрыгæттæ, афтæ фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ дæр.

2023 азы ирон æвзаджы хуыздæр ахуыргæнæджы номыл арæзт конкурс кадджын уавæры байгом Алайнаг гимназы. Ардæм ахуыргæнджыты сбуц кæнынмæ, ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн арфæйы ныхæстæ зæгъынмæ æрбацыдысты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министр Алибекты Эллæ, алыхуызон æхсæнадон æмæ сфæлдыстадон къордты сæргълæуджытæ.

Конкурсы архайджытæ сæ дæсныйад æвдыстой Алайнаг гимназы æмæ Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы.

Конкурсы фæстиуджытæм гæсгæ, 2023 азы хуыздæр ахуыргæнæгыл нымад æрцыд Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Гæбуты Маринæ.***

Дыккаг бынат жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой Беслæны 6-æм скъолайы æрыгон ахуыргæнæг ***Æмбалты Валерияйæн*** æмæ Сырх Дыгуры скъолайы ахуыргæнæг ***Габеты Зæлинæйæн.*** Æртыккаг бынат адих кодтой Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Брытъиаты Маргаритæ,*** Дзæуджыхъæуы 41-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Гобозты Екатеринæ*** æмæ Фиагдоны скъолайы ахуыргæнæг ***Куыдзиаты Анжелæ.***

Уымæй уæлдай ма конкурсы архайджытæй цалдæр нымад æрцыдысты уæлахиздзаутыл ахæм номинацитыл:

- «Учитель-мастер» - Гæбæраты Хадизæт (Æрыдоны 3-æм скъола),
- «Учитель-методист» - Гусаты Эльмирæ (Æрыдоны 1-æм скъола),
- «Учитель-наставник» - Калоты Зæлинæ (Дзæуджыхъæуы 11-æм скъола),
- «Учитель-новатор» - Хъоцыты Томарæ (скъола «Диалог»),
- «Неиссякаемый потенциал» - Гæбæйрайты Эльвирæ (скъола «Интеллект»).

Конкурсы архайджытæн нæ зæрдæ зæгъы фылдæр æнтыстытæ.














2023
ГОД ПЕДАГОГА И НАСТАВНИКА

## *Республикон конкурс «Хуыздæр хъомылгæнæг»*




Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады бардзырдæй нæ республикæйы фыццаг хатт арæзт æрцыд республикон конкурс **«Хуыздæр хъомылгæнæг».** Конкурс ацыд июны райдайæны, æмæ дзы архайдтой, рæвдауæндæтты хъомыладон æмæ ахуырадон куыст ирон æвзагыл чи кæны, уыцы специалисттæ, æдæппæт – 13 хъомылгæнæджы.

*Конкурсы нысан:* сбæрæг кæнын курдиатджын хъомылгæнджыты; рапарахат кæнын, йæ куыстмæ сфæлдыстадон цæстæй чи кæсы, хъомыладон-ахуырадон процессы ног цымыдисаг куысты хуызтæй чи пайда кæны, уыцы хъомылгæнджыты фæлтæрддзинад.

Конкурс арæзт уыд æртæ къæпхæнæй (æртæ турæй). Алы къæпхæнæн (турæн) дæр – йæхи фæлварæн хæйттæ.

Конкурсы фыццаг къæпхæны хъомылгæнджытæ æвдыстой сæ арæхстдзинæдтæ ахæм фæлварæнты: «Мæ педагогон ссарæггаг» («Моя педагогическая находка»), «Педагогон мадзал хъомылгæнинæгтимæ» («Педагогическое мероприятие с воспитанниками»).

Конкурсы дыккаг къæпхæны «Хъомыладон мадзал» («Воспитательное мероприятие») домæнтæм гæсгæ, алы архайæг дæр хъуамæ равдыстаид йæ арæхстдзинад сабитимæ хъомыладон куыст кæнынмæ.

Конкурсы æртыккаг къæпхæны «Мастер-классы» архайдтой, фыццаг дыууæ туры архайгæйæ, фылдæр баллтæ чи райста, уыцы фондз хъомылгæнæджы.

Республикон конкурсы фæстиуджытæм гæсгæ афæдзы хуыздæр хъомылгæнæгыл нымад æрцыд Беслæны 1-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг ***Хуымарты Илонæ*** – 1-аг бынат. 2-аг бынат жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой Дзæуджыхъæуы 107-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг ***Цыбырты Заремæйæн,*** 3-аг бынат – Дзæуджыхъæуы 59-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг ***Дудайты Ианæйæн.***

2023 азы республикон конкурс «Хуыздæр хъомылгæнæг» акодта фыццаг къахдзæф. Уырны нæ, ацы конкурс дарддæр дæр кæй цæудзæн хъомылгæнджыты æхсæн, афæдзæй афæдзмæ дзы фылдæр архайджытæ кæй уыдзæн, йæ фæрцы парахат кæй кæндзæн хъомылгæнджыты фæзминаг фæлтæрддзинад.

Беслæны 1-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг Хуымарты Илонæйæн та нæ зæрдæ зæгъы стыр æнтыстдзинад Æппæтуæрæсеон конкурсы!

# Методикон æвæрæнты республикон конкурс – 2023

**23 майы** Дзæуджыхъæуы 47-æм скъолайы кадджын уавæры ацыд Методикон æвæрæнты республикон конкурс. Конкурс ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн дæтты хорз фадат сæ фæлтæрддзинад равдисынæн, цы методикон мадзæлттæй пайда кæнынц, уыдонимæ иннæ ахуыргæнджыты базонгæ кæнынæн.

Конкурс арæзт уыд дыууæ хайæ. Фыццаг хайы фæсауyонмæ архайдтой 18 ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы Дзæуджыхъæуæй æмæ республикæйы алы районты скъолатæй. Уыдонæй дыккаг хайы йæ фæлтæрддзинад равдисыны бар лæвæрд æрцыд 10 ахуыргæнæгæн, се 'хсæн – Хъæрæсейы республикæйы Лабæйы астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Дзанайты-Барахъты Людæ.





Конкурсы архайджытæ жюрийы уæнгты базонгæ кодтой сæ куысты ногдзинæдтимæ, нырыккон ахуырадон технологиты бындурыл скодтой мастер-класстæ, равдыстой сæхи авторон методтæ, урокты рæстæг цы раззагдæр куысты хуызтæй фæпайда кæнынц, уыцы мадзæлттæ. Каст цыд ахуыргæнджыты иумæйаг цæттæдзинадмæ сæ коммуникативон культурæмæ.

Жюрийы уæнгтæ уæлдай аргъ скодтой ахуыргæнджытæн сæхи æрхъуыдыгонд куысты хуызтæн, сывæллæттæн ирон æвзаг æмæ литературæ бауарзын кæнынæн ахадгæ чи у, уыцы мадзæлттæн.

Конкурсы уæлахиздзаутыл нымад æрцыдысты Цæлычы скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнæг ***Боциты Альбинæ*** æмæ Дзæуджыхъæуы 33-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг ***Бирæгъты Иринæ.***




Конкурсы архайджытæ иууылдæр хорзæхгонд æрцыдысты Цæгат Ирыстон-Аланийы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты кады гæххæттытæй.

Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ, разæнгарддæрæй архайут профессионалон конкурсты! Нæ зæрдæ уын зæгъы стыр æнтыстытæ!



## *Конкурсты архайджыты ӕрмӕджытӕ*

***Гӕбуты Маринӕ,***

Дзӕуджыхъӕуы 7-ӕм скъолайы ахуыргӕнӕг

**Ирон ӕвзаджы урок 8-ӕм къласы**

**Темӕ «Бӕлвырдцӕсгомон иувӕрсыг хъуыдыйӕдтӕ»**

*Урочы хуыз:* рацыд ӕрмӕг бафидар кӕныны урок.

*Урочы нысантӕ:*
- бафидар кӕнын ахуырдзауты зонындзинӕдтӕ бӕлвырдцӕсгомон иувӕрсыг хъуыдыйады тыххӕй;
- бакусын ныхасы рӕзтыл;
- хъомыл кӕнын патриотон ӕнкъарӕнтӕ.

**Урочы цыд:**

***I. Бацӕттӕгӕнӕн рӕстӕг.***

*1. Мотивацион уавӕр.*

Ахуыргӕнӕг: Абон уӕм ӕз ӕрбацыдтӕн чиныгимӕ. Хуымӕтӕджы чиныг нӕу, ӕрбакӕсут-ма йӕм: зӕронд чиныг, йӕ сыфтӕ фӕбур сты, йӕ цъар дӕр алӕбырдтытӕ. Фӕлӕ зӕрдӕйы ӕнахуыр циндзинад ахъары, ацы чиныгмӕ бавналгӕйӕ, йӕ сыфтӕ йын рафӕлдахгӕйӕ. Йӕ сыфты тӕф дӕр стыр зӕрдӕухс дӕтты. Цыма дын фехъусын кӕнынмӕ хъавы, ныртӕккӕ диссӕгты дунемӕ кӕй бахаудзынӕ, уый.

Мах ахӕм чингуытӕ кастыстӕм, сӕ сыфтӕ сын хъавгӕ фӕлдахгӕйӕ. Цы уыд чиныджы сыфты сыбар-сыбурӕй хуыздӕр! Цавӕрдӕр хъуыды, рӕнхъ, ӕмдзӕвгӕ-иу зӕрдӕ арф куы бацагайдта, уӕд-иу чиныджы уыцы ран ӕвӕрӕнтӕ кодтам. Алыхуызон ӕвӕрӕнтӕ: дидинӕг, бӕласы сыф. Ӕз сӕ зӕрдылдарӕнтӕ хуыдтон. Мӕ чиныджы бирӕ ис ахӕм ӕвӕрӕнтӕ (ӕвдисы сӕ).

Ӕмӕ уӕ абон ӕз базонгӕ кӕндзынӕн, иу ӕвӕрӕнӕй дзы цы уацмыс рахицӕн кодтон, уыимӕ.

***II. Зонындзинæдты актуализаци.***

*1.* Ахуыргæнæг: Мæ чиныджы сыфтæй иу уæ размæ рахызт. Æркæсут-ма йæм. Цы ис сыфыл? *(Æмдзæвгæ)*

- Бакæсæм-ма йæ (Кæсы иу скъоладзау, уый фæстæ та – ахуыргæнæг)

’Рдæбон та мæ рæзты
Сауæрфыг фæраст и.
Охх, цæуыл ысмæсты?
Тарцæстæй мæм касти.

Чингуытæ фæуагътон,
Акуывтон мæ сæрæй,
Стæй фæстагмæ загътон:
«Амæлон æвзæрæй».

Æз дæуæн нæ зæгъын
Хатæджы ныхæстæ.
Агурæг кæд тæхыс
Дардмæ дæр мæ фæстæ.

*2.* Беседæ тексты бындурыл.

- Ацы æмдзæвгæ уæ зæрдæмæ фæцыд?

- Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодта? *(Цин, рæсугъддзинад, сыгъдæг æнкъарæн, ирони, ...).*

- Ацы рæсугъд æмдзæвгæ чи ныффыста, уый сымах нæ зонут, фæлæ уын æз ныртæккæ бакæсдзынæн йæ иннæ æмдзæвгæйы рæнхъытæ, æмæ йæ уайтагъд базондзыстут (кæсы æмдзæвгæ «Кард»-æй фыццаг дыууæ строфайы. Скъоладзаутæ дзурынц)

- Раст загътат. Уыдон сты Калоты Хазбийы рæнхъытæ.




- Бакæсæм æмдзæвгæ хъуыдыйадгай æмæ æркæсæм алы хъуыдыйады арæзтмæ дæр. *(Кæсынц иугай)*

- Тынг хорз! Æркæсæм хъуыдыйæдтæм æмæ алы хъуыдыйадæн дæр ссарæм йæ грамматикон бындур.

- Сымах дзурут æмæ нысан кæнут уæ тетрæдты, æз та – фæйнæгыл. Цы бафиппайдтам æмдзæвгæйы рæнхъыты арæзты? (*Иуты ис дыууæ сæйраг уæнджы дæр, иннæты – иу сæйраг уæнг).*




*Хатдзæг:*

- *Хъуыдыйæдтæ сты иувæрсыг æмæ дывæрсыг.*

-*Иувæрсыг хъуыдыйæдты ис иу сæйраг уæнг – зæгъинаг.*

Ахуыргæнæг: Уыдон цавæр иувæрсыг хъуыдыйæдтæ сты?

- *Мивдисæгон.*

Ахуыргæнæг: Уæ сыфтыл ма ис иу чысыл æмдзæвгæ. Æркæсут-ма æмæ зæгъут, цавæр хъуыдыйæдтæй арæзт у?

- *Номон иувæрсыг хъуыдыйæдтæй. Ис дзы иу сæйраг уæнг – сæйрат.*




Ахуыргæнæг: Ныр та сбæрæг кæнæм, мивдисæгон хъуыдыйæдты зæгъинæгтæ цавæр формæты мивдисджытæй загъд æрцыдысты, уый.

Фæбæрæг кæнут уæхимæ.

- *Фыццаг строфайы – 3 ц., иу.н. (ысмæсты, касти)*

*Дыккаг строфайы - 1 ц., иу.н., (фæуагътон, акуывтон, загътон)*

*2-аг цæсгом иу.н.(тæхыс)*

Ахуыргæнæг: Æркæсут æмæ зæгъут, нæ бон у сбæлвырд кæнын, ацы иувæрсыг хъуыдыйæдты цавæр сæйрат бавæрæн ис, уый? Æвзарæм 2-аг строфайы хъуыдыйæдтæ.

Дзуапп: Дыккаг строфайы æмбæлынц зæгъинаг-мивдисджытæ *фæуагътон, акуывтон, загътон.* Бавæрæн дзы ис номивæгæй загъд сæйраттæ – ***æз,*** *тæхыс-**ды.***

Ахуыргæнæг: Куыд æй сбæлвырд кодтат, цавæр номивæг-сæйрат дзы хъæуы бавæрын, уый?

- *Мивдисæджы кæроны формæмæ гæсгæ бæлвырд у, цавæр сæйрат бавæрæн ис хъуыдыйады, уый.*

Ахуыргæнæг: Зæгъут-ма уæдæ, цавæр иувæрсыг хъуыдыйæдтæ сты *(бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ)*

Ахуыргæнæг: Цæмæн спайда кодта Хазби ахæм хъуыдыйæдтæй?

*(хи мидхъуыдытæ, хи рæсугъд æнкъарæнтæ равдисынæн)*

**III. *Æрмæг бафидар кæныныл куыст.***

1. Ахуыргæнæг: Ныр та скæнæм хатдзæгтæ, сбæрæг кæнæм, æрмæг куыд бамбæрстат, уый. Фæйгæгыл – дзырдты æврæгътæ. Цавæр хъуыдыйæдтæ дзы бамбæхст?




1) Хуымæтæг хъуыдыйæдтæ вæййынц дыууæ сæйраг уæнгимæ дæр, иу сæйраг уæнгимæ дæр.

2) Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ вæййынц мивдисæгон æмæ номон.

3) Бæлвырдцæсгомон хъуыдыйад у ахæм иувæрсыг хъуыдыйад, кæцыйы зæгъинаг загъд æрцæуы мивдисæджы фыццаг кæнæ дыккаг цæсгомы формæтæй.

*3. Улæфты рæстæг.*

Хъазт: иу скъоладзау «фиссы» цæстытæй дамгъæ, иннæтæ хъуамæ базоной уыцы дамгъæ.

*3. Къорды куыст*

Ахуыргæнæг: Уæ разы – карточкæтæ текстимæ. Ацы текст дæр у æмдзæвгæ. Фæлæ цавæр æмдзæвгæ у? *(прозæйæ фыст æмдзæвгæ «Æз цæуын… »)*

Нæ урок цы æмдзæвгæйæ райдыдтам, уый Калоты Хазби ныффыста 1939 азы, æрыгонæй. Ацы æмдзæвгæ фыст æрцыдис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, тохы быдыры.

Уæ зæрдыл-ма арлæууын кæнут, цавæр стыр цау бæрæг кодтам æрæджы? *(Сталинграды тугкалæн хæстыл сæххæст 80 азы).*

Ахуыргæнæг: Раст. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты иннæ уæззаудæр тохы быдыр уыд Курскы сырхзынг къæлæт. Уыцы æвирхъау хæсты архайдтой 6 мин танкæй фылдæр.

1943 азы уыцы хæсты хъæбатырæй фæмард 22-азыдзыд ирон лæппу, поэт Калоты Хазби, басыгъд танчы.

*(Бакæсын æмдзæвгæ абзацгай. Къордтæ кæсынц фæйнæ абзацы, агурынц дзы бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ, фыссынц сæ тетрæдты. Ахуыргæнæджы курдиатмæ гæсгæ, кæсынц хъуыдыйæдтæ, амонынц, цæмæй загъд æрцыд зæгъинаг. Уый фæстæ синтаксисон æвзæрст ракæнынц иу иувæрсыг хъуыдыйад) æрцæуы æххæст.*

- Ацы æмдзæвгæйы бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдты фæрцы цы равдыста Хазби? (*Ныфс, знагмæ маст, сæрыстырдзинад, сидт, уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ).*

Ахуыргæнæг: Иувæрсыг хъуыдыйæдтæй дзургæйæ, йæ хъуыды у кардау цыргъ, зæрдæйы арф ахизы. Цæмæн радта йæ цард хæрзæрыгонæй?

- *Йæ райгуырæн бæсты сæрвæлтау.*

Ахуыргæнæг: Йæ райгуырæн бæстæ зæрдæйæ чи уарзы, йæ цард ын чи нæ æвгъау кæны, ахæм адæймаг хонæм ...

- *Патриот.*

Ахуыргæнæг: Мæн уырны, сымах дæр афтæ кæй уарздзыстут уæ райгуырæн зæхх, æнувыд ыл кæй уыдзыстут, кæй йæ хъахъхъæндзыстут.



ʼРдæбон та мæ рæзты
Сауæрфыг фæраст и.
Охх, цæуыл ысмæсты?
Тарцæстæй мæм касти.

Чингуытæ фæуагътон,
Акуывтон мæ сæрæй,
Стæй фæстагмæ загътон:
«Амæлон æвзæрæй».

Æз дæуæн нæ зæгъын
Хатæджы ныхæстæ,
Агурæг кæд тæхыс
Дардмæ дæр мæ фæстæ.

Æз цæуын… Цæуын, æмæ, чи зоны, фæстаджы балцы. Гъей, цæй даргъ у, цæй алыхуызон у мæ фæндаг! Хорзæй баззай , мæ райгуырæн Ир! Уарзын дæ... Уарзын дæ æмæ дæ курын, ма мæ ферох кæн! Ницы дын радтон хорзæй, нæ уыд рæстæг… Ехх! Фæлæ мæ бон уыд уарзын, бауромæн кæмæн нæй, ахæм уарзондзинадæй.

О цас уарзын!

Бабын уа, мах чи фæхицæн кодта, нæ цард нын чи сызмæста, уый бын бауа! Æгъгъæд æнкъарддзинад! Схæц-ма дæхиуыл, мæ хорз æмбал, цæстысыгтæ куы ʼруагътай !

Бауром сæ. Æз нæ уарзын цæстысыгтæ, ма сæ хардз кæн… Бахуд фæлтау, бахуд дæ мидбылты æмæ мын мæ цæстытæм кæс. Æз нæ фефсæрмы уыдзынæн… Кæнæ та райс дæ фæндыр, фæндарасты цагъд мын æркæн.

Бауырнæд дæ, ды мæ Батрадзы ныфс бауадздзынæ, мæ тыхæн кæрон нал уыдзæн... Æз ахæсдзынæн дæ цагъды аив мыртæ мæ риуы, лæбурдзынæн фыранкау, никæцы тых басæтдзæн мæн. Уырны мæ, иубон дæм кæй фæзындзынæн, иубон дын æнæнхъæлæджы дæ рудзынг кæй бахойдзынæн, уый.

Æнхъæлмæ кæс… Ма ферох кæн!

Ахуыргæнæг: Уæ размæ фæйнæгыл Хазбийы æмдзæвгæтæ.

Ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, цавæр ахадындзинад ис бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæн тексты, цæмæн хъæуынц, уый.

Дзуапп: Æнкъарæнтæ, арф хъуыдытæ, хи цæстæнгас цардмæ равдисынæн, …

Мæ зæрдæ дарын, искæй æнæмæнг кæй бафæнддзæн лæмбынæгдæр æркæсын Калоты Хазбийы цард æмæ сфæлдыстадмæ, æмæ-иу уæд бахизут ахæм сайттæм.



***IV. Рефлекси.***

Ахуыргæнæг: Ныр нæ куысты фæстиуджытыл æрдзурæм, уæ цуры цы таблицæ ис, уый æххуысæй:

| Базыдтон … | Бамбæрстон… | Бахъуыды кодтон … |
|---|---|---|
| | | |

Ахуыргæнæг: Цавæр хъуыдыйæдтæй скæндзыстут хатдзæгтæ уæ куыстæн?
Дзуапп: Бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйæдтæй.

***Габеты Зæлинæ,***
Сырх-Дыгуры скъолайы ахуыргæнæг

**Ирон æвзаджы урок 6-æм къласы**

**Грамматикон темæ «Нымæцон».**
**Ныхасы темæ «Ныууагътой нын нæ фыдæлтæ хæзна…»**

*Урочы хуыз:* рацыд æрмæг фæлхат кæныны урок.
*Урочы нысантæ:*
- сфæлхат кæнын, нымæцоны тыххæй цы базыдтой, уый;

Ахуыры методтæ æмæ формæтæ: къорды куыст,  иртасæн куыст, проблемон уавæртæ, хъазты элементтæ.
Æххуысгæнæн æрмæг:  интерактивон фæйнæг, райуаргæ  æрмæг, интерактивон хъæзтытæ.

Эпиграф урокмæ:

«Иуæн дыууæ –  æфсад»

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн  рæстæг.***

*1. Мотивацион уавæр.*

Ахуыргæнæг: Сывæллæттæ, цавæр зæрдæйы уагимæ æрбацыдыстут урокмæ?  (дзуæппытæм байхъусын)

- Кæрæдзийæн цæстытæй салам раттут. Ныр та кæрæдзийæн фæлмæн мидбылхудтæй раттут салам. Ныр та – дзургæйæ. (Кæрæдзийæн салам дæттынц)

- Уæ бон хорз!

Мæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй абон  урочы уат æнтыстджын, иузæрдионæй бакусат, æмæ урокæй уемæ ахæссат æрмæст рæсугъд æнкъарæнтæ æмæ хъуыдытæ.

Кроссенсы методæй пайдагæнгæйæ, сбæрæг кæнын урочы темæ.




Ахуыргæнæг: Уæдæ абон нæ ныхас цæуыл уыдзæнис? – Нымæцтыл. Байгом кæнын экраныл урочы темæ

Цæмæй хицæн кæнынц нымæцтæ нымæцонтæй? Нымæцтæ цифрæтæй фæфыссынц, нымæцонтæ та – дзырдтæй. Цифрæтæ хъæуынц математикæйы, нымæцонтæ – æвзаджы  урокты. Æрхæссын дæнцæгтæ.

Ахуыргæнæг скъоладзаутимæ иумæ сæвæры урочы нысантæ
- нымæцонтæй рацыд æрмæг сфæлхат кæнын,
- зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын,
- адæмон сфæлдыстадмæ уарзондзинад æвзæрын кæнын.

***II. Зонындзинæдты актуализаци.***

*Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын, хъазты технологийæ пайдагæнгæйæ (Кубик Блума).*




Ахуыргæнæг æппары скъоладзаутæм кубик. Уыдон дзуапп дæттынц фæрстытæн.

- Цавæр къордтыл дих кæнынц сæ арæзтмæ гæсгæ нымæцонтæ?

- Бамбарын кæн вазыгджын нымæцонты растфыссынад. Дæнцæгтæ æрхæсс.

-Æрхъуыды кæн æмбисонд нымæцонтимæ.

- Абар кæрæдзиуыл бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонтæ.

- Цал хуызы нымады ис ирон æвзаджы?

- Цæмæн хъæуынц нымæцонтæ?

Ахуыргæнæг: Кæм нæ хъæуынц нæ царды нымæцонтæ? (байхъусын дзуæппытæм)

- Куыд бамбæрстам, афтæмæй не ’ппæт дæр алы бон æмбæлæм нымæцонтыл. Хæдзары, скъолайы (уалдайдæр математикæйы урочы), уынгты цæугæйæ, дуканийы. Нæ цæстытыл ма ауайын кæнæм, цы ’рцыдаид, нымæцонтæ куы фесæфиккой, уæд (байхъусын дзуæппытæм)

Иумæйаг хатдзæгмæ æрцæуынц: Æнæ нымæцонтæй нæ уыдаид æмбарынад «рæстæг», уымæн æмæ уый дæр баст у нымæцонтимæ. Æнæ нымæцонтæй зын цæрæн у адæмæн.

***III. Зонындзинæдтæ бафидар кæнынил куыст.***

*1. Хъазт «Чи тагъддæр?» (къорды куыст)*

1) Ирон литературæйы урокты цавæр уацмысты сæмбæлдыстут нымæцонтыл? («Дыууæ дидинæджы», «Дыууæ сыхаджы æмæ дыууæ зæрватыччы аргъау», «Уастырджи æмæ æртæ æфсымæры, «Лæскъдзæрæн»).

2) Уырыссаг литературæйы урокты цавæр уацмысты сæмбæлдыстут нымæцонтыл? («Волк и семеро козлят», «Три медведя», «Сказка о Мертвой Царевне и семи богатырях»)

- Цавæр нымады хуызтæ ис ирон æвзаджы? (дæсгæйттæй, ссæдзгæйттæй).

Ахуыргæнæг: Ирон адæм ма пайда кодтой, фыййæутты нымад кæй хуыдтой, уымæй дæр (къæйттæй нымад). Уыцы нымады тыххæй нæм баззад худæджы хабар. Иу ус, дам йæ цыхтытæ къæйттæй нымадта. Цыхт никæмæн лæвæрдта. Куыддæр-иу ын дзы фелвæстой, афтæ-иу æй базыдта, уымæн æмæ къæйттæй нымадта, æмæ-иу йæ цыхтытæй иуæн къай нал уыд. Уæд, дам ын сæ дыгæйттæй давын райдыдтой, æмæ, дам дзы, кæй давынц, уый нал æмбæрста.

- Цавæр хатдзæг скæнæн ис ацы таурæгъмæ гæсгæ? (Нымайын зонын хъæуы)

Ахуыргæнæг: Радзурдзынан ма уын иу хабар. Раджы заман уырыссаг адæммæ нымæцон «сорок» нысан кодта «голлаг». Уыцы голладжы-иу бацыд цыппор сæлавыры цармы (уырыссагау – соболь). Уыдон та фаг уыдысты иу кæрц бахуыйынæн. «Голлаг» – «сорок» хуыдтой «мешок с сорока соболями», куыдфæстамæ ссис нымæцон «сорок».

2. Ахуыргæнæг: Цавæр табуйаг нымæцонтæ ис ирон адæммæ? (Нымæцонтæ «æртæ», «авд»).

- Цы бæттынц ацы нымæцонтимæ? Цавæр æмбарынæдтæ? (байхъусын дзуæппытæм)

(Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ дзурынц. Ахуыргæнæг сын балхынцъ кæны сæ дзуæппытæ).

3. Ахуыргæнæг: Байхъусут таурæгъмæ. Иу æнахуыр бæстæйы цардысты ныхасы хæйттæ. Уый уыд Морфологийы бæстæ. Ныхасы хæйттæ тынг æнувыд уыдысты кæрæдзиуыл. Алкæмæн дæр дзы уыд йæхи хæстæ, уæлдайдæр – нымæцонтæн. Уыдон æппынæдзух кодтой нымайгæ.

Уыцы паддзахадма æвваxс хохрæбын царди иу Уæйыг. Йæ зæрдæмæ на цыд ныхасы хæйтты хæлар цард. Æмæ сын сфæнд кодта фыдми бакæнын: тар æхсæвы радавта Нымæцоны æмæ йæ бамбæхста Авд хохы фæстæ.

Ныхасы хæйттæ уый куы базыдтой, уæд сæмтъеры сты: нал зонынц нæдæр сæ бæрц, нæдæр сæ рæнхъæвæрд, цал хайы сты, куыд дих кæнынц! Бæргæ йæ æмбарынц, æнæ нымæцонтæй сын цæрæн кæй нæй, уый. Фæлæ цы кæной, кæдæм æм фæцæуой агурæг! Фæстæмæ æркæнын хъæуы Нымæцоны. Фæлæ куыд? Уæйыг сын фæндагыл цæлхдуртæ куы сарæзта.

Сывæллæттæ, феххуыс кæнæм ныхасы хæйттæн. Фæнды уæ? (-О, фæнды)

- Цæмæй ныхасы хæйттæн баххуыс кæнæм, уый тыххæй нæ хъæуы авд хохы сæрты ахизын, хæслæвæрдтæ баххæст кæнын.

*4. Къорды куыст.*

1-аг къорд æххæст кæны иу фæлтæрæн ахуыргæнæн чиныгæй.

2-аг къорд. Æххæст кæны хынцинаг, нымæцтæ фыссынц дзырдтæй.

Фæйнæгимæ куыст:

Ссар «уæлдай» дзырд:

Иу, иуæндæс, иувæрсыг.

Цыппар, цыппарсæдæ, Цыппурс.

Авд, æвддæс, авдæн.

*5. Индивидуалон куыст интерактивон фæйнæгыл.* Хæс: Нымæцонтæ равæрын хъæугæ уагæвæрдмæ гæсгæ. («Лернингапс» платформайыл арæзт хъазт» (https://learningapps.org/display?v=p2gyn6u1j23)

(Аргъ кæнынц кæрæдзийы куыстытæн, æххæст сæ кæнынц) Фæйнæгыл ахуыргæнæджы æххуысæй саразынц интеллект-картæ.



Дзырд - м о н ы ц æ н (Нымæцон) сраст кæнынц æмæ нымæцон йæ бынат ссары иннæ ныхасы хæйтты æхсæн

Ахуыргæнæг бамбарын кæны, скъоладзаутæн сæ къухы кæй бафтыд Нымæцоны фервæзын кæнын. Рауади сын, иузæрдион кæй уыдысты, æмгуыст кæй кодтой, стæй сæ зонындзинæдты фæрцы цæлхдуртæ кæй аиуварс кодтой, уый фæрцы.

Ногæй раздæхын урочы эпиграфмæ: «Иуæн дыууæ – æфсад». Сбæрæг кæнынц йæ хъуыды, скæнынц хатдзæг.

***IV. Урочы кæронбæттæн.***

*1. Къорды куыст.*

Ахуыргæнæг райуары уырыссаг æмæ ирон аргъæуттæм гæсгæ арæзт иллюстрацитæ.

Хæс: Саразын нывтæй кроссенстæ.






***V. Рефлекси.***

Ахуыргæнæг:

- Урочы ногæй цы базыдтат?
- Цавæр куысты хуызтæ фæцыдысты уæ зæрдæмæ?

***Брытъиаты Маргаритæ,***
Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы ахуыргæнæг

**Ирон æвзаджы урок 7-æм къласы**

(ирон æвзаг дыккаг кæмæн у, уыцы скъоладзаутимæ куыст)

**Темæ «Ирыстон – уазæгуарзаг зæхх»**

Урочы эпиграф «Уазæг – Хуыцауы уазæг!»

*Урочы нысантæ:*

Нысан: 1. Скъоладзаутæм гуырын кæнын уарзондзинад Райгуырæн бæстæмæ, цымыдисдзинад Ирыстоны цæрæг адæмыхæттыты культурæ æмæ традицитæм.

2. Бакусын диалогон ныхас аразыныл. Сывæллæтты ныхасы хъæд хъæздыгдæр æмæ аивдæр кæнынил бацархайын. Номдарты тасындзæг сфæлхат кæнын.

æрмæг: карточкæтæ, презентацитæ, чиныг .

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

1. Мотивацион уавæр. Презентаци «Ирыстон»

Зæххы цъарыл
Дунейы стыр тыгъдады
Ирыстонæй рæсугъддæр бынат нæй!
Уæрæсейæн йæ хуссар дуар – Кавказы.
Цæры дзы бирæ адæмтæ фæрнæй.

Ахуыргæнæг: Сабитæ, Ирыстоны рæсугъд æрдзы нывтæ уын уæ зæрдæтæ барухс кодтой? Уæдæ афтæ зæрдæрухсæй, нæ урок райдайæм.

Эпиграфæн на урокæн райстон ахæм æмбисонд «Уазæг – Хуыцауы уазæг!» Ратæлмац-ма йæ кæнæм. Фæстæдæр ма раздæхдзыстæм ацы æмбисондмæ.

***II. Зонындзинæдты актуализаци.***

1. Диалогон ныхас «Æз уарзын чингуытæ кæсын».

***III. Ног æрмæгыл куыст.***

1. Ахуыргæнæг: Мæ зынаргъ æмбæлттæ, абон ма нæм æрбацыд ноджыдæр иу уазæг. (равдисын презентацийы 1-аг слайд).

Кæд чингуытæ кæсын æцæгæйдæр уарзут, уæд æй, æвæццæгæн, базыдтат? Раст зæгъут, уый у Антуан де Сент Экзюперийы Гыццыл принц.

(равдисын 2-аг слайд «Найти себе занятие, да поучиться чему нибудь»)

2. Урочы нысантæ сбæрæг кæнын (целеполагание урока).

Ахуыргæнæг: Бакасут-ма, цæмæн æрцыд нæ бæстæм? Раст, цæмæй истытæ фена æмæ истæуыл сахуыр уа. Стæй ма йæ фæнды йæхицæн ног æмбæлттæ ссарын. Цыргъзонд æмæ зонындзинæдтæм тырнындзинад равдисут, æмæ уæ йæхицæн æмбæлттæ скæндзæн.

Цæй уæдæ нæхицæн абон снысан кæнæм:

*базонын…*
*бацархайын…*
*ныффидар кæнын…*

*3. Къорды куыст.* Хæс: Дамгъætæй дзырдтæ саразын, дзырдтæй – дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ.

1-аг къорд: дзырд «Уазæг»
2-аг къорд: дзырд «Ирыстон»
3-аг къорд: дзырд «Уарзын».

Фæйнæгыл æвдисынц, цы дзырдтæ сæм рауад, уыдон. Дзурынц дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ.

4. Фæйнагыл куыст. Иу ахуырдзау кусы фæйнæджы раз.
Уазæг +уарзын – ын + аг = уазæгуарзаг ( гостеприимный). Дзырдимæ дзырдбæстытæ ныффыссын.

Ахуыргæнæг: Загъут-ма уæдæ, ацы дзырдтæн кæрæдзиимæ исты бастдзинад ис? *(дзуæппытæм байхъусын)*
Куыд уæм кæсы, нæ урочы темæ уæдæ цавæр уыдзæн? *(дзуæппытæм байхъусын)*

Ахуыргæнæг: Дзырд ***уазæг*** цавæр фарстæн дæтты дзуапп? (чи?) æмæ цы амоны? (предмет) уæдæ цавæр ныхасы хай у? (номдар)
- Хæдзармæ уын уыдис ацы дзырдимæ ныффыссын æмбисæндтæ. Байхъусæм уæ дзуæппытæм. *(Дзуапп дæттынц)*

5. Фæйнæгыл равдисын æмбисæндтæ:
*Уазæгæн* кад кæнын хъæуы (Гостя надо почитать).
*Уазæджы* парахæтай бафсад, йæ бæхы та дыууæ хатты фылдæр (Накорми гостя вдоволь, а коня еще больше).
*Уазæгыл* фыддзырддзинад нæ фидауы (Гостю болтливость не к лицу)
Ахуыргæнæг: Цы нысан кæнынц ацы дзырды формæтæ? Куыд хуыйны дзырдты ахæм ивынад? (Тасындзæг)
-Уæдæ нæ грамматикон темæ та абон цавæр у? (Номдарты тасындзæг)
-Цал хауæны ис ирон æвзаджы? Цæвæртæ сты?
-Цавæр хауæнты сты ацы дзырдтæ?
- Дзырд ***уазæджы*** гуырынон хауæны ***дж*** цæмæн хъуысы? *(дзуæппытæм байхъусын)*

6. Фæйнæгыл ногæй фæзынд Гыццыл принц.
- Нæ уазæгæн бамбарын кодтам ацы дзырды нысаниуæг æмæ йæ арæзт. Ныр та йын йæхи хорз сбуц кæнæм. Чи зæгъдзæн, куыд хъæуы уазæджы сбуц кæнын? *(дзуæппытæм байхъусын)*

7. Ахуыргæнæг: Бæлвырддæр нын радзурдзæн Плиты Лизæ, йæ проектон куыст уыд «Гостеприимство у осетин» (Презентацимæ кæсын, хъусын)













8. Ахуыргæнæг: Зæгъут-ма, уæ хорзæхæй, Ирыстоны æрмæст ирон адæм цæрынц? *(дзуæппытæм байхъусын)*

«Бирæ сты нæ бинонтæ,
Мах цæрæм фæрнæй.
Семæ, уарзон уазджытæ, базонгæ ут, цæй!»

Мах стам… Ам æндæр адæмыхæттыты сывæллæттæй алчи дæр сысты æмæ зæгъы, цы адæмыхаттæй у, стæй йæхи æвзагыл зæгъы «Æгас цæут, нæ буц уазджытæ!» Дзуры иу æмдзæвгæ.

9. Ахуыргæнæг: Мах нæ уарзон Ирыстоны цæрæм иу бинонты хуызæн хæларæй!

Алы адæммæ дæр уазæг сбуц кæнынæн ис хицæн æгъдæуттæ. Байхъусæм Щепеткова Ольгæмæ дæр, йæ проектон куыст «Гостеприимство у русского народа» *(скъоладзау хонгæ кæны йæ æрмæгимæ)*













Ахуыргæнæг: Хорз сбуц кодтам нæ уазæджы æмæ бафалладыстæм. Аулæфæм уæдæ иучысыл.

10. Физминуткæ. Зарæ «Я, ты, он, она…»-йы мелодимæ гæсгæ:
Æз, ды, мах, сымах
Иумæ стæм æнгомæй баст,
Иумæ иу бинонтæ стæм,
Мах ам фарнимæ цæрæм!

11. Ахуыргæнæг: Мæнмæ гæсгæ ма нæ уазæгмæ фæрстытæ ис Ирыстоны тыххæй. Цыдæр базонын ма йæ фæнды. Нæ чиныджы цы текст ис, уый фæрцы йын дзуапп раттæм.

Ахуыргæнæг: Байгом кæнут 110 фарс, текст «Ирыстон» *(текст аив кæсынц)*

Къорды куыст. Хæс лæвæрдтæ:
*Индивидуалон хæс:* Карточкæтыл – фарстон дзырдтæ *Цы? Цавæр? Цал?*
Семæ саразын фарстон хъуыдыйæдтæ.
*1-аг къорд:* фыццаг абзацы ссарын номдартæ æмæ сын сæ хауæнтæ сбæрæг кæнын.
*2-аг къорд:* дыккаг абзацы.
*3-аг къорд:* æртыккаг абзацы.

Байхъусын дзуæппытæм.

Индивидуалон хæслæвæрдтæ кæмæ уыд, уыцы ахуырдзаутæ дæттынц фарст алы къордæй дæр иу адæймагмæ. Байхъусын дзуæппытæм. Уый фæстæ дзуапп дæттынц къордты архайджытæ (дзурынц номдартæ сæ хауæнтимæ).

12. Ахуыргæнæг: Æнхъæл дæн, æмæ нæ уазæгмæ фæрстытæ нал баззад. Уазæгæн æгъдау кæнын базыдтам, фæлæ, цымæ, уазæг йæхæдæг та хъуамæ цавæр уа? (Фæйнæгыл ног слайд Гыццыл принц. «Себя судить куда трудней, чем других. Если ты сумеешь правильно судить себя, ты по истине мудр»)

13. Ахуыргæнæг: Саразæм синквейн дзырд УАЗÆГ- мæ.Фæйнæгыл куыст.

УАЗÆГ<br>
Уæздан, кадджын<br>
Лæггад кæнын, бафсадын, сбуц кæнын<br>
УАЗÆГ – ХУЫЦАУЫ УАЗÆГ.<br>
БÆЛЦЦОН

14. Урочы эпиграфыл куыст.

Урочы эпиграф разыны фæйнæгыл. Райгом кодтам нæ эпиграфы мидис?

АУДЫНДЗИНАД

Абон базыдтам дыууæ ног дзырды:

Уазæгуарзаг-гостеприимный. Аудындзинад- забота.

Хъæудзæн сæ хæдзары уæ дзырдуæтты ныффыссын.

***IV. Рефлекси:***

Ахуыргæнæг: Загъут-ма, уæ хорзæхæй, абон нæ урочы хæстæ сæххæст кодтам? (Фæйнæгыл разынынц дзырдтæ)

Базыдтам…..цы? (ног дзырдтæ, уазæджы æгъдæуттæ)

Бацархайдтам….цæуыл? (нæ уазæджы сбуц кæныныл)

Ныффидар кодтам….цы? (нæ зонындзинæдтæ, номдарты тасындзæджы тыххæй)

Ахуыргæнæг: Куыд уæм кæсы, нæ уазæг разыйæ баззад Ирыстонæй? (дзуапп) Мæнмæ гæсгæ дæр афтæ у.

(Презентацийы слайд Гыццыл принц «Звезды светятся за тем, чтобы рано или поздно каждый мог отыскать свою»)

Зæгъы уын бузныг æмæ лæвар кæны ацы стъалытæ. Абон уе ’ппæты дæр равзæрста йæхицæн æмбалæн. Сегодня вы все молодцы и каждый из вас приобрел свою маленькую звезду. Мæнæн та балæвар кодта уарди.

(Стъалытæ æмæ уарди ауыгъд фæйнæгыл æмæ сæ сывæллæттæ радыгай сæхицæн исынц)

Кæд фæстæмæ йæхи планетæмæ атæхдзæн, уæддæр Ирыстон кæддæриддæр уыдзæн йæ зæрдæйы… ( слайд ÆЗ УАРЗЫН ИРЫСТОН )

- Нæ урок кæронмæ æрхæццæ. Ног фембæлдмæ!

***V. Хæдзармæ куыст:*** (фæйнæгыл фыст )

1. Дзырдуатон дзырдтæ ныффыссын дзырдуаты æмæ сæ сахуыр кæнын.
2. Цы радзурис Гыццыл принцæн æмæ йæ цæмæй бафæрсис, куы йыл сæмбæлис, уæд. (О чем бы ты рассказал и о чем бы спросил Маленького принца, если бы встретил его?)

***Боциты Альбинæ,***
Цæлычы скъолайы ахуыргæнæг

**Дидактикон æрмæгæй пайда кæныны мадзæлттæ
ирон æвзаджы урокты**

Уæ бон хорз, æмæ иумæйагæй рæстмæ уæм!

Ацы конкурсмæ куы цæттæ кодтон, уæд тынг бирæ хорз адæмты цитатæтыл сæмбæлдтæн, æнæуи дæр сæ куыд нæ фæкæсын, фæлæ ацы хатт - лæмбынæгдæр. Мæ раныхас саразынæн мæ хъуыд, йæ мидисмæ хæстæг чи уыдаид æмæ йæ саразынæн ахъаз чи фæуыдаиккой, ахæм ныхæстæ бацагурын. Æмæ ссардтон Симон Соловейчикы зондамонæн рæнхъытæ: «Ахуыргæнæг уый нæу, ахуыр чи кæны, уымæн æмæ ахæмтæй фылдæр ницы ис, фæлæ уый у, скъоладзау куыд ахуыр кæны, уый чи æнкъары». Диссаджы хъуыдыджын ныхæстæ! Батæхуды кодтон, йæхиуыл сæ цы ахуыргæнæг абарид, уымæ. Загътон, мæнæй хъалдæр нæ уаид, се ’мбисы бæрц мыл куы сфидауиккой.

Куыд нæ зондзæн зондамонæг та, кæй ахуыр кæны, уыцы сывæллæтæй чи куыд арæхсы, чи куыд архайы урочы, уый. Уымæн гæнæн нæй, зæгъгæ, зæгъдзынæн, фæлæ уæд Соловейчикы ныхæстæ та? Цæй мидæг ис сæ апп, цымæ?.. Æвæццæгæн, ахуыргæнæг куыд хаты, скъоладзауы зæрдæмæ предмет цæуы æви нæ, ахуыр кæнынмæ йæм тырнындзинад ис, æви нæ, уый. Æндæр, хорз кæнæ æвзæр ахуыр кæны, ууыл нæу сæ хъуыды. Ахуыргæнæг куы хата ахуырдзауы ахаст йæ урокмæ, уæд (раст у нæ зындгонд ахуыргонд) æцæг ахуыргæнæг у. Афтæ араздзæн йæ куыст, цæмæй йын мидисджындæр, æнтыстджындæр уа, цæмæй йæм скъоладзауы зæрдæ æргъæвддæр уа. Уый та къухы бафтдзæн, мæнмæ гæсгæ, ахуыргæнæг фылдæр æргом сывæллоны сфæлдыстадон архайдмæ куы здаха.

Æз тынг уарзын ме скъоладзауты ’хсæн ахæмтыл æнцой кæнын. Цы йæ ’мбæхсон, куыддæр бамбарын, сывæллоны арæхстдзинад, цымыдисдзинад, цыбæлад цавæрдæр хицæн куысты хуызы, афтæ йыл мæ цæст æрæвæрын, æмæ райдайæм иумæ кусын. Урочы уа, фæсурокты уа, йе сфæлдыстадон архайд мæхи свæййы. Урочы уыцы архайд, ома, сфæлдыстадон вæййы, зæгъæм, ахæм куысты хуызты, куыд адæмон сфæлдыстады уацмыстæй хи къухæй чиныг-брошюрæ саразын (5-6 къл.), уарзондæр персонажы нывон портрет саразын (7-8къл.), зонгæ

адæймаджы фæлгонц уацмысы персонажимæ абарын æмæ йыл радзырд ныффыссын (8-10къл.), хи чиныджы проект саразын (цыфæнды æрмæгимæ баст), фыстæг уарзон персонажмæ æмæ æндæртæ.

Ахæм куыстытæ-хæслæвæрдтæ алкæимæ не скæндзынæ, фæлæ æрæджы нæ ног министрæй фехъуыстон, цалдæр куы уой, уæддæр уый дæр стыр æнтыст у (Не могут все дети в классе быть одинаково талантливы), зæгъгæ. Уый раст у. Ныртæккæ мæнмæ дæр ис ахæм кълæстæ, кæцыты хицæн скъоладзаутæ тынг зæрдæргъæвдæй архайынц, ирон æвзаг æмæ литературæйы къордты алыхуызон конкурстæм цæттæгæнгæйæ. Ахæм сывæллæтты æз фæхонын дзырдæнкъараг сывæллæттæ, семæ фæкусын уæлдай зæрдæрайгæйæ. Ис мæм ахæм кълæстæ, кæцыйы та иу ахæм сывæллон дæр нæй.

Фæлæ мæ ныхас ууыл у, æмæ ахуыргæнæджы хæс кæй у, канд ахæм æнтыстджын скъоладзаутæм нæ, фæлæ æппæт сывæллæттæм дæр мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ цымыдисдзинад гуырын кæнын. Цымыдисдзинад кæм уа, уым та рæзы логикон хъуыдыкæнынад. Æмæ уый та у скъоладзауы вазыгджын интеллектуалон миниуæг. Уый æнцонтæй нæй райрæзын кæнæн. Афтæмæй та ахуырдзауæн æмткæй райсгæйæ, йæ хъуыдыкæнынадон архæйдтытæн стыр ахъаз у, ома, бæлвырд æмвæзадыл куы уа, уæд сывæллон арæхсдзæн ахуырадон æрмæгæн анализ, синтез, кæронбæттæны хатдзæгтæ, иртасæнтæ кæнынмæ. Æмæ уыдон та хуымæтæджы арæхстдзинæдтыл нымад не сты. Уыдон сты лингвистикон ахуырады сæйрагдæр рахæцæнтæ ( орфографион раиртæстытæ, грамматикон æвзæрстытæ, семæ ма зæрдыл бадарын, хъус æрдарыны, ныхасы рæзты фæзилæнтæ), æнæ уыдон цæй логикон хъуыдыкæнынады кой кæнæн.

Цæмæй ранымад архæйдтытыл скъоладзау сахуыр уа, уый тыххæй ахуыргæнæджы хæс у, урочы æрмæг базонынæн цымыдисдзинад чи гуырын кæна, ахæм куысты хуызтæй пайда кæнын. Цымыдисаг куысты хуызтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, анæмæнг атрибут сты нырыккон урочы. Уыдонæй иу у дидактикон хъазт.

«Хъазт у ахæм цæхæр, цымыдисдзинады æмæ зонынады арт чи ссудзын кæны. Æнæ хъазтæй сывæллоны хъуыдыкæнынад ницы хуызы райрæздзæн. (В. А. Сухомлинский)

Фæлæ, ахуыргæндтæ куыд хъуыды кæнынц, афтæмæй хъæзтытæй дæр урочы бæрцæй пайда кæнын хъæуы – уæд мынæггонд нæ цæудзысты урочы ахуырадон, рæзынадон æмæ хъомыладон хæстæ. Бафиппайæн ис, ахуыргæндты цæстæнгас алыъуызон кæй у хъазты технологийæ урочы пайда кæнынмæ. Иутæ зæгъынц, зæгъгæ, хъазт æгæр хуымæтæг кæны

урочы нысан æмæ хæстæ – ирхæфсæн ахуырст дæтты урокæн. Иннæтæ та хъуыды кæнынц, зæгъгæ, урочы цымыдисдзинадæн ахъаз чи уа, йæ процесс райдайæнæй кæронмæ ахуырдзауæн æхсызгон архайд чи хæссы, ахæм æндыгъд куысты хуыз æмæ цымыдисаг, бæллиццаг сгарынады мадзал у.

Урок цымыдисаг кæныны мадзæлттæм ахæссæн ис алыхуызон дидактикон æрмæджытæ, скъоладзауы ахуырадон темæмæ чи здаха, æнцондæр бамбарынæн ын ахъаз чи уа æмæ йын царды кæцыдæр фæзындтæ ирддæрæй чи равдисдзæн, ахæмтæ. Ахæм æрмæгимæ алы скъоладзауæн дæр æхсызгон кусæн уыдзæн урочы, фæлæ куыд сбæрæг ис (стæй йæ махæдæг дæр хорз рахатыдтон) æппæты цымыдис дæр ыл вæййынц лæмæгъдæр сывæллæттæ. Ахæм куысты хуызы руаджы, афтæ зæгъдзынæн, æмæ сæ къуырмагонд, æндыгъд уавæр райхæлы, эмоционалон æгъдауæй рогдæрæй райдайынц архайын, иуныхасæй, базмæлынц. Дæнцæгæн æрхæсдзынæн цалдæр куысты мадзалы:

- дидактикон картæтæ алыхуызон ахуырадон текстимæ;
- зæрдылдарæн картатæ архайд амонæн инструкциимæ;
- картæтæ проблемон фæрстытимæ;
- дидактикон схемæтæ архæйдтыты алгоритмимæ;
- картæтæ-тестытæ;
- картæтæ-схемæтæ, ребустæ, шарадæтæ, дзырдбыдтæ æмæ æндæртæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, хъуамæ сæм уа бæрæг домæнтæ дæр. Логикон æгъдауæй, зонындзинæдты æмвæзадæй, хибарæй бакусыны, индивидуалондзинадæй, цæстуынгæ-ахадгæ, мотивацион ахастæй æмæ афтæ дарддæр.

Алы ахуыргæнæгмæ дæр ис, скъоладзауты цымыдисдзинад сæвзæрын кæнынæн йæхæдæг кæй æрхъуыды кодта, ахæм сусæг æвæрæнтæ. (Гæнæн ис, æмæ сæ сусæг дæр нæ кæна, цæстуарзонæй сæ парахат кæна йе ’мкусджыты ’хсæн).

Мæн абон уæ размæ рахæссын фæнды, мæхæдæг кæй сарæзтон, ахæм дыууæ дидактикон цæстуынгæ æвæрæны: ребустæ æмæ фонетикон картæтæ. Дыууæтæ дæр сты хуызджын, æнцон æмбарæн, дзуапп дæттынц цæстуынгæ æрмæджытæ аразыны домæнтæн. Бирæтæ сæ зонынц æмæ сæ пайда дæр кæнынц.

***Ребустæ.*** Ацы дидактикон армæг мæхицæн дæр суанг скъолайы ма куы ахуыр кодтон уæдæй фæстæмæ тынг æхсызгон архайд уыди.

Мæ ребустæ сты 30 бæрц, дих кæнынц ахæм темæтыл:

1) Вазыгджын номдартæ – 1-5

2) Ирон мыггæгтæ – 6-16
3) Зайæгойтæ – 17-25
4) Сæрмагонд ныхасы хæйттæ – 26 -30.

***Ребус райхалыны сусæгдзинæдтæ:***

***- ныв: т - ам т - хахгонд дамгъæ- у æппаргæ, йæ бынаты та æмбæлы сæвæрын æндæр - .***
***- ’(ныв) нывы размæ къæдзыг амоны, дзырды фыццаг дамгъæ æппарын кæй хъæуы, йæ фæстæ куы уа (ныв)’- уæд та кæройнаг æппаргæ кæй у. Кæд къæдзыгтæ уой 2, уæд æппаргæ у дыгай дамгъæтæ æ. а.д.;***
***- нывмæ æдзухдæр кæсын хъæуы лæмбынæг.***

Ребустæй æгас урок нæ фæкусæм, кæй зæгъын æй хъæуы. Спайда сæ кæнæм урочы алыхуызон этапты – мотивацион уавæр аразгæйæ, зонындзинæдты актуалондзинады рæстæг, æрмæг фидар кæнгæйæ, рефлексийы этапы.

Иуæй-иу дзырдуатон дзырдтæн, цасфæнды сыл куы кусай урочы, уæддæр зынтæй фæлæууы сæ растфыссынад ахуырдзауты зæрдыл. Скъоладзауæн дзырды нысаниуæг æмæ растфыссынад хуыздæр бахъуыды кæнынæн феххуыс вæййы ребус – сывæллон йæхæдæг базоны æмбæхст дзырд, æмæ ма, кæй йæ базыдта, ууыл цин дæр бакæны. Уæдæ морфемон æвзæрстытæ кæнгæйæ, уæлдайдæр та вазыгджын дзырдтæ æвзаргæйæ, скъоладзаутæ æнцондæрæй сбæрæг кæндзысты дзырды хæйттæ.



Ребустæ хорз æххуыс сты сæрмагонд ныхасы хæйттыл бацамонынæн, пайда кæнæн сæ ис урочы райдайæны дæр, мотивацион уавæры рæстæг. Фæйнæгыл ребус равдисын, базонут-ма цæуыл кусдзыстæм абон, зæгъгæ. Темæ бафидар кæнынæн та алы къордæн дæр раттын хæслæвæрд иу ныхасы хаймæ дæнцæгтæ ребусты хуызы æрхъуыды кæнын.

Иу хъуыддаг у сывæллонæн ребус раттын, цæмæй йæ базона, æндæр – сывæллоны хи ребус æрхъуыды кæныныл бафтауын. Ахуырдзаутæ рацыд æрмæгæй кæрæдзийæн ребусты кæнæ карточкæты хуызы бацæттæ кæнынц хæслæвæрдтæ. Ацы куыст сæм кæсы тынг цымыдисаг.

Стыр æххуыс сты ребустæ лексикæйы æрмæг амонгæйæ. Зæгъæм ахæм хæслæвæрдтæ:

- базон дзырд æмæ йæм ссар синоним кæнæ антоним;
- омонимтæ ссар;
- ребусы дзырд райхалын æмæ йыл лексикон картæ-схемæйы фæрцы дарддæр бакусын;
- дзырдæн саразут ног дзырдты хал æ.а.д.

9-æм къласы ирон æвзаджы урокты, ныхасы нормæтыл кусгæйæ, ирон мыггæгты растфыссынад æмæ растдзурынадыл куы фæкусæм, уæд ребусты фæрцы мыггæгтæн бафиппайынц суанг сæ этимологи дæр: Цъæ-хил-т-æ, Фидар-а-т-æ, Цæргæс-а-тæ…

Иннæ дидактикон æрмæг та у фонетикон картæтæ. Ам ма сæ схонæн ис зæрдылдарæн картæтæ инструкциимæ, кæнæ хæслæвæрдимæ.Уыдон æххуыс сты райдайæн скъолайы æмæ астæуккаг кълæсты кусынæн. Ам æнцон уымæй сты, æмæ ахуыргæнæгæн аулæфыны рæстæг кæй ис, йæ бон у лæмæгъдæртимæ уæлæмхасæн куыст бакæнын, йе та тыхджындæртæн картæйы æрмæгыл ног хæслæвæрд раттын.

*(Уыдзæн ма)*

***Хуымарты Илонæ,***
Бесланы 1-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг

**Темæ** «Джимиты Кларæ «Уæздан цъиу»»

**Ахуыры нысантæ:**
- базонгæ кæнын аргъауы мидисимæ;
- бакусын ныхасы рæзтыл;
- сывæллæтты зæрдæты сæвзæрын кæнын ныййарджытыл аудыны æнкъарæнтæ, уæздан уæвынмæ тырнындзинад.

**Ахуыры цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

Хъомылгæнæг: Уæ бон хорз, сабитæ!
Æз фехъуыстон, ацы рæвдауæндоны хорз сабитæ кæй ис, æмæ мæ бафæндыд уемæ базонгæ уæвын. Уæ рæсугъд нæмттæ уын уæ риутыл уынын.
Сабитæ тымбылы ма алæууæм æмæ ахъазæм. Æз уын алыхуызон архæйдтытæ æвдисдзынæн, сымах та мæ фæзмдзыстут.

***Физминуткæ***
Æгас цæут, мæ къухтæ! Къæрцц, къæрцц, къæрцц.
Æгас цæут, мæ рустæ! Цъыкк, цъыкк, цъыкк.
Æгас цæут мæ былтæ! Сыпп, сыпп, сыпп.
Æгас цæут, мæ дæндæгтæ! Хъыст, хъыст, хъыст.
Æгас цæуай, мæ фындз! Бипп, бипп, бипп.
Мæ хорз хæлар, æгас цæуай!
Дæ мидбылты мæм бахуд, цæй!

Хъомылгæнæг: Нæ мидбылты ма кæрæдзимæ бахудæм, нæ кæрæдзийæн рæсугъд æмæ фæлмæн æнкъарæнтæ балæвар кæнæм æмæ хъæлдзæгæй райдайæм нæ ахуыр.

Хъомылгæнæг: Сабитæ, аргъæуттæ уарзут?
Æз æй зыдтон, аргъæуттæ кæй уарзут, уый, æмæ уын, мæ чысыл хуртæ, æрбахастон аргъæутты чиныг. Фæнды мæ иу аргъау бакæсын.
- Куыд уæм кæсы, сабитæ, цæуыл у ацы аргъау? (æвдисы иллюстрацитæ аргъаумæ) Кæй уынут нывты? (дзуапп нæма раттой, афтæмæй аргъауы нывтæ зæхмæ æрхаудысты)

- Мæнæ диссаг, куыд азгъæлдысты мæ чиныджы сыфтæ. Сабитæ, фæкæсут-ма мæм, уæ хорзæхæй. Амбырд сæ кæнæм. (Сабитæ æххуыс кæнынц сыфтæ æмбырд кæнынмæ) Стыр бузныг.
Хъомылгæнæг: Нæ бон аргъау бакæсын нал у – чиныджы сыфтæ фæхæццæтæ сты, фæлæ æз аргъау зонын æмæ уын æй радзурдзынæн. Сымах та мæм лæмбынæг байхъусут, æмæ мын аххуыс кæндзыстут нæ чиныджы сыфтæ раст равæрынмæ.

Хъомылгæнæг: Аргъау хуыйны «Уæздан цъиу». Сабитæ, дзырд *уæздан* цы нысан кæны уый зонут? (байхъусын дзуæппытæм)
Хъомылгæнæг: Сабитæ, дзырд *уæздан* уырыссагау у *вежливый*, *уæздандзинад* та – *вежливость, скромность* (сабитæ 3 хатты йæ фæдыл дзурынц).

- Цымæ, цæмæн хуыйны афтæ аргъау? Ныртæккæ йæ бамбардзыстут? (кæсы текст)

Уæздан цъиу

Хъаз йæ дыууæ цъиуимæ фæцæйцыдис хæдзармæ. Фæндагыл ссардта иу хоры гага.

Кæцы цъиуæн æй радта, уый нæ зоны. Цъиутæй иу уыд стырдæр æмæ тыхджындæр, иннæ та – къаддæр æмæ мæллæгдæр.

- Хоры гага æрмæст иу у, кæмæн æй радтон, - фæрсы сæ мад?

- Мæнæн! Æз æй куы бахæрон, уæд тагъддæр айрæздзынæн, - загъта стырдæр цъиу.

- Ды та цы зæгъыс? - фæрсы мад къаддæр цъиуы.

- Дæхæдæг æй ахæр æмæ нын фылдæр фæцæрай, - дзуапп радта къаддæр цъиу.

Хъаз хоры гага атъыста йæ уæздан цъиуы дзыхы.

- Дæ уæздандзинадæн аргъ нæй, - загъта мад, æмæ ацыдысты сæ фæндагыл.

Сабитæ аргъаумæ байхъуыстат, æмæ нын ныр æнцондæр уыдзæн йæ сæмбырд кæнын. Сæмбырд кæнæм нæ чиныг (æмбырд кæнынц нывтæ, раст сæ æвæрынц). Нæ чиныг ацæттæ. Тынг хорз!
- Сабитæ кæмæн радта мад хоры гага? (дзуæппытæм байхъусын)
- Цæмæн æй радта уыцы цъиуæн? (дзуæппытæм байхъусын)
- Раст бакодта мад? (дзуæппытæм байхъусын)
- Ды та кæмæн радтаис хоры нæмыг? (дзуæппытæм байхъусын)
- Сабитæ аргъау уæ зæрдæмæ фæцыд? (дзуæппытæм байхъусын)
- Бахъуыды йæ кодтат? (- О)
Сабитæ, рацæут ма размæ, æмæ аргъау равдисæм хъазты хуызы. «Аргъау растдзурæг»-ы руаджы. Цæмæй йæ хуыздæр бахъуыды кæнæм, уый тыххæй. Фæлæ ма мын зæгъут, хъаз та куыд кæны? (Хъа-хъа-хъа)

- Иууылдæр ма йæ афæзмут (Хъа-хъа-хъа)

*Мырон гимнастикæ*
«Хъа-хъа-хъа», - нæ хъаз ныууасы.
«Къо-къо-къо», - фæзæгъы карк.
«Бапп-бапп-бапп»,- нæ бабыз уасы.
Цæй, цæттæ стæм куыстмæ мах!

Хъомылгæнæг: Цæттæ стæм хъазынмæ?

*Хъазт «Аргъау раст дзурæг»*
Хъомылгæнæг дзуры аргъау, сабитæ æххуыс кæнынц æмæ текстмæ гæсгæ æвæрынц нывтæ.
-Ды та аргъауы кæрон куыд фæуыдаис? (дзуæппытæм байхъусын)

*Дзæнгæрæг (видеозвонок)*

**Абайты Аркади дзуры (иллюстратор)**
-Уæ бон хорз сабитæ! Æз дæн Абайты Аркади. Хъæуы мæ уе 'ххуыс. Уæ хорзæхæй, фæкæсут-ма мæм! Барæсугъд ма мын кæнут мæ ныв аргъаумæ «Уæздан цъиу» аив нывтæй.
Хъомылгæнæг: Сабитæ, чи у художник-иллюстратор? (æмбарын кæны дзырд, пайда кæны видео-æрмæгæй)
-Сабитæ, баххуыс ын кæндзыстæм? (Сабитимæ кæны иллюстраци аргъаумæ)
Хъомылгæнæг: Нæ куысты къам сисæм æмæ йæ арвитæм Аркадимæ.
- Сабитæ, уæ зæрдæмæ цæуы нæ ныв?
- Сабитæ, нæ уæ фæнды чиныг скæнын уæхи къухтæй? Цомут-ма, уæ хорзæхæй!
(Сæ нывтæй аразынц чысыл чиныг)
Хъомылгæнæг: Ацы чиныг балæвар кæнæм кæстæр къорды сабитæн.
*Дзæнгæрæг (видеозвонок)*
Аркади дзуры: Сабитæ, стыр бузныг уын уе 'ххуысы тыххæй. Айсут мæ лæвæрттæ. (Дуар æрбахостой, Аркадийы номæй лæвæрттæ æрбахайтой)
Хъомылгæнæг: Сабитæ, уæ хорз куысты тыххæй уын лæвæрттæ. (уары сын хъазæнтæ – хъаз йæ лæппынтимæ) Ацы аргъау ма уæ бон ма у уæхи хъомылгæнæгæн равдисын дæр ацы хъазæнты руаджы.

***III. Хатдзæгтæ.***
Хъомылгæнæг: Сабитæ, уæ зæрдæмæ фæцыдисты ахуыртæ?
Цы фæцыд тынгдæр уæ зæрдæмæ? (дзуæппытæм байхъусын)
Абон уе 'ппæт дæр тынг хорз бакуыстат, стыр бузныг уын, мæ чысыл хуртæ.
Фæндараст!

***Цæгæраты Индианæ,***
Алагиры 7-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг

**Темæ «Мигæнæнты хуызтæ»**

*Ахуыры нысантæ:*
- фæуæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ мигæнæнты тыххæй, базонгæ сæ кæнын дзырд «мигæнæн»-ы нысаниуæгимæ;
- бакусын ныхасы рæзтыл;
- бацамонын, хæдзары мигæнæнтæм зилын кæй хъæуы æмæ сæ сæ бынаты æвæрын кæй хъæуы, уый.

*Æххуысгæнæн æрмæг:* мигæнæнты дукани, хъазæн мигæнæнтæ, лыггонд нывтæ; алыхуызон æрмæгæй конд мигæнæнтæ, мнемотаблицæ, схемæ «Хылы-мылы», экран, алæмæты къопп.

*Куысты мадзæлттæ:* проблемон уавæртæ, ИКТ, дидактикон хъæзтытæ, мнемотехникæ, сюрпризон уысм.

**Ахуыры цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***
Хъомылгæнæг: Æгас цæут, сабитæ! Мидæмæ нæм рахизут.
Сабитæ: Дæ бон хорз!
Хъомылгæнæг: Кæм уыдыстут?
Сабитæ: Уынджы уыдыстæм.
Хъомылгæнæг: Не суазал стут? А-ма, уæ къухтæ уын фенон.
Сабитæ: Тынг уазал у уынджы.
Хъомылгæнæг: Мæнæ уын цы уазал къухтæ ис! Зылды иумæ алæууæм, кæрæдзийæн нæ къухты хъарм балæвар кæнæм.
Нæ къухтæ ауæрдæм, стæй амдзæгъд кæнæм, ныр та сæ нæ улæфтæй ахъарм кæнæм.
- Нæ къухтæ схъарм кодтам, сабитæ, ныр та не ’взæгтæ базмæлын кæнæм, цæмæй иронау рæсугъд дзурæм.

*Мырон зарядкæ:*
Дымгæ *хъ*азы
*Хъ*азы сисæй
Рас*къ*æфта йæ
Дурын сисæй

У тæригъæд
*Х*ъазы сис
Та*гъ*ддæр-ма йæ
Зæххæй сис!



Хъомылгæнæг: Тынг хорз нын рауад, сабитæ. Цы арæхстджын стут!

***II. Темæйыл куыст.***
Хъомылгæнæг: Кæд ахæм сæрæнтæ стут, уæд уын æз уыци-уыци зæгъдзынæн, сымах та йæ базонут, сабитæ.
Сабитæ: Базондзыстæм æй.
Хъомылгæнæг: Куы йæ базонат, уæд бамбардзыстут, абон цæуыл дзурдзыстæм, уый.

*Уыци-уыци:*
Алы хæдзары вæййынц,
Скъаппы сыгъдæгæй фæлæууынц,
Пецы сæр та – дзагæй,
Хойраг бинонты фагæй.

Сабитæ: Мигæнæнтæ сты!

Хъомылгæнæг: Раст, сабитæ, æмæ-ма зæгъут, æппæты фылдæр цы кусын уарзут?
Сабитæ: Хъазын уарзæм!
Хъомылгæнæг: Афтæ дæр æй зыдтон. Уæдæ иумæ ахъазæм. Дыууæ къордыл адих ут, стъолы алыварс алæуут æмæ нывтæ æрæмбырд кæнут.

*Дидактикон хъазт «Лыггонд нывтæ»*



Хъомылгæнæг: Зæгъут-ма, цавæр нывтæ æрæмбырд кодтат?
Сабитæ: Мах æрæмбырд кодтам бæгæныйы къус.
Хъомылгæнæг: Иунæгæй йæ æрæмбырд кодтай?
Сабитæ: Нæ, ме 'мбæлттимæ.
Хъомылгæнæг: Цы зонут бæгæныйы къусы тыххæй?
Сабитæ: Бæрæгбон куы вæййы, уæд фынгыл вæййы бæгæныйы къус. Йæ мидæг вæййы ирон бæгæны.
Хъомылгæнæг: Ноджы дæр ма цы æрæмбырд кодтат?
Сабитæ: Мах æрæмбырд кодтам гогон.
Хъомылгæнæг: Радзурут-ма, цы зонут гогоны тыххæй?
Сабитæ: Раздæр чызджытæ гогоны хастой дон.
Хъомылгæнæг: Раст, сабитæ. Мæнæ цы бирæ зонут!

*(Фæсдуарæй райхъуыстис уынæр)*

Хъомылгæнæг: Цымæ, чи у?

*(Экраныл фæзындис Дзерассæ)*

Хъомылгæнæг: Ай нæхи Дзерассæ куы у!
Сабитæ: Цæмæ дæ æнкъард?
Дзерассæ: Мамæйы æрцыдмæ хæдзар æфснайдтон, æмæ мын йæ тæбæгъ асастис. Хъыг ын уыдзæн.
Хъомылгæнæг: Сабитæ, ныр ын цы кæнæм?
Сабитæ: Дуканийы ног тæбæгъ балхæнæм
Хъомылгæнæг: Хорз хъуыды у. Цомут дуканимæ

Сабитæ: Мигæнæнтæ дзы нæй.
Хъомылгæнæг:  Уæйгæнджытæ дæр ам не сты. Ныр цы кæнæм?
Сабитæ: Мигæнæнтæ мæнæ къоппы сты. Нæхæдæг сæ сæвæрæм скъаппы.
Хъомылгæнæг:  Хорз, сабитæ. Фæлæ, мигæнæнтæ куыд æвæрут,  уый дзурут.

*Дидактикон хъазт  «Мигæнæнты дукани»*



*Хъомылгæнæг:*  Иттæг хорз бацамыдтат уæ архайд, сабитæ, бузныг.
Дзерассæ, дæ тæбæгъы хуызæн дзы нæй?
Дзерассæ: Нæ, нæй дзы. Уый та фæйнæгыл цы ис? Цавæрдæр хылы-мылытæ.
Хъомылгæнæг:  Цом, фенæм сæ. Сабитæ, лæмбынæг ма сæм бакæсут, цымæ дзы цы фендзыстут?

*Дидактикон хъазт  «Хылы-мылы*

Хъомылгæнæг:  Раст, сабитæ.Дзерассæ, дæ тæбæгъы хуызæн дзы нæй?
Дзерассæ:  Нæй, фæлæ уын ай та цы къопп у? Цы дзы ис?
Хъомылгæнæг:  Сабитæ, фенæм æй иумæ.
Хъомылгæнæг:  Цы предмет ссарай, уый тыххæй-иу таблицæмæ гæсгæ радзур.

*Дидактикон хъазт  «Алæмæты къопп»*

*Улæфты рæстæг*

Къах лæууы, лæууы, лæууы!
Къах цæуы, цæуы, цæуы!
Къæхтæ згъорынц, згъорынц, згъорынц,
Къæхтæ кафынц, кафынц, кафынц»
О, мæ къæхтæ, гыццыл къæхтæ!
Ох!-
Цæст кæсы, кæсы, кæсы!

Хъустæ хъусынц, хъусынц, хъусынц!
Æвзаг дзыхы кафы, зары,
Суадз дæ фæллад,
Ме’ взаг!
Банцай!
Оххай!



Хъомылгæнæг: Сабитæ, тынг хорз дзурут. Дзерассæ, дæ тæбæгъы хуызæн дзы нæй?
Дзерассæ: Къоппы нæй, фæлæ уæртæ уым æмбæхстæй цы дарут?
Хъомылгæнæг: Цомут, иумæ йæ фенæм.
Сабитæ: Мæнæ цас мигæнæнтæ ис!
Хъомылгæнæг: Мигæнæнтæ схæццæ сты. Сæ бынæтты ма сæ авæрут. Æрмæст кæй кæм æвæрут, уый дзургæ кæнут.

Дзерассæ: О, мæнæ мæ тæбæгъы хуызæн!
Хъомылгæнæг: Уый, Дзерассæ, хуынхæссæн тæбæгъ у. Иумæ ма йæ зæгъæм, сабитæ.
Сабитæ: Хуынхæссæн тæбæгъ.

Дзерассæ: Ныр æй бахъуыды кæндзынæн, хуынхæссæн тæбæгъ кæй хуынди мæ тæбæгъ, уый.
Хъомылгæнæг: Сабитæ, нæ тæбæгътæй иу Дзерассæйæн балæвар кæнæм.
Дзерассæ: Нæ, ахæм мæ нæ хъæуы. Мамæйы хуынхæссæн тæбæгъ рæсугъд нывтимæ уыд.
Сабитæ: Мах дын æй срæсугъд кæндзыстæм ирон нывæфтыдтæй

*(Аппликаци)*



Дзерассæ:  Мæнæ цы рæсугъд сты иууылдæр! Ныр дзы кæцы равзарон?
Сабитæ:  Иууылдæр сæ ахæсс.
Дзерассæ:  Бузныг, сабитæ! Æз лидзон, афонмæ мама дæр æрбацыд куыстæй.

*(Дзерассæ алыгъди)*

***III. Кæронбæттæн хай.***
Хъомылгæнæг:  Сабитæ, абон нæ фембæлд цы хорз рауадис. Хъазгæ дæр акодтам, Дзерассæйæн  дæр аххуыс кодтам. Сымахæн нæ фембæлд фæцыди уæ зæрдæмæ?
Сабитæ:  О, тынг фæцыди!
Хъомылгæнæг:  Тынгдæр цы фæцыди уæ зæрдæмæ?
Сабитæ:  Мæнæн мæ зæрдæмæ фæцыди къоппы миг̲æнæнтæ агурын.
Хъомылгæнæг:  Дзерассæ уын æрбарвыста адджын гуылтæ, кæй йын аххуыс кодтат, уый тыххæй.
Хъомылгæнæг:  Сабитæ, сымахæн цæуын афон у. Кæрæдзийæн хæрзбон зæгъæм.
Сабитæ:  Хæрзбон!

Дзæуджыхъæуы 59-æм рæвдауæндоны
хъомылгæнæг ***Дудайты Ианæ***

**Темæ «Дидинджытæ»**

*Ахуыры нысантæ:*

- фæуæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ дидинджыты тыххæй;
- бакусын ныхасы рæзтыл;
- хъомыл кæнын æрдзмæ уарзондзинад; рæзын кæнын эстетикон æнкъарæнтæ.

*Æххуысгæнæн æрмæг:* компьютер, проектор, пейзажон нывтæ, дидинджытæ.

**Ахуыры цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

Сывæллæттæ лæууынц зылды. Салам дæттынц хъомылгæнæгæн.

Хъомылгæнæг: Æз мæ цæстытæ æрцъынд кæндзынæн æмæ банымайдзынæн æртæмæ. Куы фæуон нымад, уæд мæ цæстытæ байгом кæндзынæн, сымах та равдисдзыстут уæ зæрдæйы уаг (настроение).

- Абон уе 'ппæтæн дæр ис хъæлдзæг зæрдæйы уаг. Тынг хорз, сабитæ.

***II. Темæйыл куыст.***

*1. Æнгуылдзтæй хъазт.*

Ацы æнгуылдз у малусæг,
Ацы æнгуылдз у къоппадидинæг,
Ацы æнгуылдз у къаппа-къоппа,
Ацы æнгуылдз у сафран,
Ацы æнгуылдз у уарди дидинæг.

*2. Мырты растдзурыныл куыст.*

Арвыл – хур, арвыл – хур,
Къаппа-къоппа дары бур.
Арвыл – мæй, арвыл – мæй,
Къаппа-къоппа бафынæй.

Хъомылгænæг:  Сабитæ, , цавæр афæдзы афонтæ зонут?
Сабитæ:  Зымæг, уалдзæг, сæрд, фæззæг.
Хъомылгænæг:  Цавæр афæдзы афон у ныртæккæ?
Сабитæ:   Ныртæккæ у сæрд.
Хъомылгænæг:  Сæрды размæ та цавæр афæдзы афон уыд?
Сабитæ:   Сæрды размæ уыд уалдзаг.
Хъомылгænæг:  Сæрды фæстæ та цавæр афæдзы афон уыдзæн?
Сабитæ:   Сæрды фæстæ та уыдзæнис фæззæг.

Хъомылгænæг: Сабитæ, ныр та фæйнæгмæ хæстæгдæр æрбалæуут æмæ зæгъут, цы уынут фæйнæгыл (фæйнæгыл – пейзажон ныв)

Сабиты дзуæппытæ:
- Ралæууыд сæрд.
- Хур кæсы æмæ бæстæ тавы.
- Бæлæстыл фæзынди  сыфтæртæ.
- Цъиутæ бæлæстыл бадынц,  сæ рæсугъд зарджытæ зарынц.
- Кæрдæджы астæуæй сæ сæртæ сдардтой алыхуызон дидинджытæ: сырхытæ, урсытæ, цъæхтæ, буртæ.

Хъомылгænæг: Цы дидинджытæ уынут, уыдоны нæмттæ  ранымайут.

Сабитæ амонынц дидинджытæм æмæ сын дзурынц сæ нæмттæ:
- Ацы дидинæг у малусæг.
- Ацы дидинæг у тюльпан.
- Ацы дидинæг у къаппа-къуппа.
- Ацы дидинæг у уарди.
- Ацы дидинæг у джыджына.

*Улæфты рæстæг.*

Хъомылгænæг: Сабитæ, куыд хъуыды кæнут, цæмæн хъæуынц дидинджытæ?
Сабитæ: Дидинджытæ рæсугъд кæнынц нæ алыварсы дуне. Дидинджытæ фæхуыздæр кæнынц адæймаджы зæрдæйы уаг.

Хъомылгæнæг: Сабитæ, дидинджытæ куыд фæзынынц, уый зонут? Уæдæ мæм байхъусут æмæ бакæсут. Стæй цы дзурын, уый не змæлдæй дæр равдисæм.

Хъомылгæнæг: Дидинджыты лыстæг нæмгуытæ (семена) зæхмæ æрхауынц, мæры бын фæвæййынц (сывæллæттæ дзуццæджы æрбадтысты). Нæмгуытæ сындæггай сæ сæртæ зæххæй сдардтой, зайын райдыдтой (сывæллæттæ сындæггай сыстынц). Рауади сæ тынг рæсугъд дидинджытæ, уыдон сæ цæстытæ байгом кодтой, сæ къабæзтæ аивæзтой, бахудтысты хуры рухсмæ (сывæллæттæ сæ къухтæ хæрдмæ ивазынц, мидбылты худынц). Дидинджытæ сæ сыфтæртæ хурмæ сивæзтой (сывæллæттæ сæ къухтæ фæйнæрдæм аивæзтой). Сæ чысыл къоппатæй хуры фæстæ зилынц (хъомылгæнæгмæ – хуры ныв, зилы сабиты алыварс, уыдон та сæ сæртæй зилынц «хуры» фæстæ).

Хъомылгæнæг: Кæм зайынц дидинджытæ? (быдыры, цæхæрадоны, агъуысты)

Хъомылгæнæг: Быдыры цы дидинджытæ зайы, уыдон куыд хуыйнынц? (быдираг дидинджытæ)

Хъомылгæнæг: Куыд зилын хъæуы, цæхæрадоны кæнæ къоппы цы дидинджытæ зайы, уыдонмæ?

Хъомылгæнæг: Сабитæ, уæ зæрдæмæ тынгдæр цавæр дидинджытæ цæуынц? Цæмæн сæ уарзут? Радзурут-ма уый тыххæй (байхъусын дзуæппытæм, аххуыс сын кæнын дзуапп раттынæн).

Хъазт «Ссар уæлдай»

Хъомылгæнæг: Бакæсут экранмæ æмæ зæгъут, кæцы дидинæг у «уæлдай».

1-аг слайд (**уарди,** къаппа-къуппа, малусæг)

2-аг слайд (джыджына, гуырыл, **тюльпан)**

3-аг слайд (къаппа-къуппа, малусæг, **сирень)**

Хъомылгæнæг: Цæмæн сты уæлдай, уый бацамонут (кæм зайынц, уымæ гæсгæ)

***III. Хатдзæгтæ.***

Хъомылгæнæг: Сабитæ, абоны ахуыры уæм зын цы фæкаст? (дзуæппытæм байхъусын).

- Уæ зæрдæмæ та цы фæцыд? (дзуæппытæм байхъусын).
- Цы базыдтат ногæй? (дзуæппытæм байхъусын).

# *Ахуыргæндтæ – скъолайæн*

***Куыдзойты А.Ф.***
филологон наукæты кандидат, доцент

**Бавæргæ дзырдтæ хицæн кæныны фарст ирон æвзагзонынады**

Литературон æвзаджы сæйраг миниуджытæй иу у, кодификацигонд нормæтæ дзы кæй ис, уый. Нормæтæ ис æвзаджы æппæт уæлвæзтæн дæр: лексикæйæн, грамматикæйæн, стилистикæйæн, растфыссынад æмæ растдзурынадæн. Нормæ у æвзаджы фæзындтæй раст пайда кæныны æгъдау. Уыцы æгъдау фидар кæныны процесс та хуыйны кодификаци. Кæм æмæ цы хуызы фидаргонд цæуынц нормæтæ? Теоретикон æгъдауæй – зонадон грамматикæты æмæ дзырдуæтты, ахуыргæнæн чингуыты, сæрмагонд монографиты, практикон хуызы та – литературон æвзаджы фысгæ æмæ дзургæ текстты.

Йæхи нормæтæ ис пунктуацийæн дæр, æмæ уыдон фидаргонд сты сæрмагонд документы – «Ирон æвзаджы орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæутты» (фæстаг хатт редакцигонд æрцыдысты 2004 азы) [8] (дарддæр – Æгъдæуттæ). Кæй зæгъын æй хъæуы, æгъдæутты æмбырдгонд цыфæнды æххæст æмæ раст арæзт куы уа, уæддæр йæ бон нæу фыссыны практикæйы æппæт ситуацитыл аххæссын, æппæт фæрстытæн дзуапп раттын. Ахæм æмбырдгонды цы æгъдæуттæ ис, уыдон равдисынц, æвзаджы арæхдæр цы конструкцитæ æмбæлы, уыдоны æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны фæтк. Пунктуацион æгъдæутты мидис уæрæхдæр æмæ бæлвырддæргонд вæййы справочникты. Зæгъæм, уырыссаг æвзагæн ныртæккæ дæр актуалон сты 1956 азы фидаргонд орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ [14], фæлæ уæдæй ардæм сæ бындурыл арæзт æмæ мыхуыргонд æрцыдысты цалдæр бæлвырдгæнæг чиныджы, уыимæ æххæст академион справочник дæр [15]. Ахæм чингуытæ тынг ахсджиаг сты махæн дæр, цæмæй нæ фыссынады фæтк бабæстон кæнæм, уый тыххæй (ацы хъуыддаджы нæм проблеметæ кæй ис, уый сусæггаг никæмæн у).

Æркæсинаг у ирон æвзаджы пунктуаци дæр. Хатгай уыцы иу тексты дæр фенæн вæййы, æмхуызон синтаксисон конструкциты æрхæцæн нысæнттæ

хицæн хуызты æвæрд кæй сты, уый. Ахæм уавæр дзурæг у, иуæй, ууыл, æмæ ирон æвзагыл чи фыссы, уыдон пунктуацион нормæты домæнтæ не ‘ххæст кæнынц, иннæмæй та ууыл, æмæ нормæтæ сæхæдæг фаг æххæст не сты. Афтæмæй нырыккон ирон æвзагзонынады тынг стæм сты, пунктуацийы теорийы фæрстытæ кæм иртæстгонд цæуынц, ахæм куыстытæ [10; 11; 12].

Ирон пунктуацийы «риссагдæр» фæрстытæй иу баст у бавæргæ арæзтытæ иртасынимæ (ома сæ æрхæцæн нысæнттæй хицæн кæнынимæ).

Бавæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ хицæн кæныны фæтк регламентаци кæны Æгъдæутты 38§: «Къæдзыгæй хицæн кæнæм бавæргæ дзырдтæ æмæ бавæргæ хъуыдыйæдтæ» [8: 47]. Ацы формулировкæйы фæдыл сæвзæры дыууæ фарсты. Фыццаг. Бввæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ иу къæдзыгæй хицæн кæнын хъæуы? Ома æрмæст иуæрдыгæй? О, кæд хъуыдыйад уыдонæй райдайа кæнæ фæуа, уæд (уый зонæм уырыссаг æвзаджы фæрцы, нæхи Æгъдæутты фыст нæу). Æмæ хъуыдыйады астæу куы уой, уæд та куыд гæнгæ у? Дыккаг фарст. Къæдзыгæй (кæнæ, растдæр зæгъгæйæ, къæдзыгтæй) хицæн кæнын хъæуы æрмæст бавæргæ дзырдтæ кæнæ хъуыдыйæдтæ? Æмæ бавæргæ дзырдбæстытæ та?

Нормæ фидаргæнæг параграфы, дæнцæгты бынмæ, ис номхыгъд: «Къæдзыгæй хицæнгæнгæ бавæргæ дзырдтæ арæхдæр вæййынц ахæмтæ: ***æвæццæгæн, æнхъæлдæн, чи зоны, зæгъгæ, цæвиттон, цæвиттоны хъуыддагæй, мыййаг, æвæдза, иуæй, иннæмæй, аннæмæй, иннæрдыгæй, аннæрдыгæй, фыццаг, дыккаг, æртыккаг, фыццаджыдæр, дыккаджыдæр, мæгуыр, мæгуырæг, мæгуыртæг, бецау, афтæмæй, сæрæй, дæ (уæ) хорзæхæй, мæнмæ (дæумæ, уымæ, махмæ, сымахмæ, уыдон-мæ) гæсгæ, мæ амондæн, ме ’намондæн, хъыгагæн, табуафси,* цыбыр дзырдæй, иу *дзырдæй*** æ.а.д.» [Уый дæр уым]. Ам дæр та æнæ фæзынгæ нæй фæрстытæн. Фыццаг. Кæд ацы дзырдтæ сты, арæхдæр къæдзыгæй хицæн кæнын кæй фæхъæуы, уыдон, уæд, æвæццæгæн, ис, къæдзыгæй хицæн кæнын кæй нæ хъæуы, ахæм бавæргæ дзырдтæ дæр? Æмæ уæд «æнæхицæнгæнгæ» дзырдтæ цæй æфсонæй схонæн ис бавæргæ? (Куыд зонæм, афтæмæй бавæргæ арæзтытæ æрхæцæн нысæнттæй уый тыххæй хицæн кæнын хъæуы, æмæ баст вæййынц иу хъуыдыйады уæнгимæ нæ, фæлæ æппæт хъуыдыйады мидисимæ – бахæссынц æм цавæрдæр модалон фæлгъуызтæ. Хъуыдыйады иннæ хайæ сæ хицæн кæнын куы нæ хъæуа, уæд уый та амоны, æндæр уæнгимæ баст кæй сты æмæ сæхæдæг дæр хъуыдыйады уæнгтæ кæй сты, уый.) Раст зæгъын хъæуы, ацы параграфы фиппаинæгты ныхас цæуы, бавæргæ дзырдтæн сæ фæстæ иуæй-иу уавæрты къæдзыг æвæрын кæй нæ хъæуы, ууыл, фæлæ уыдон дæр вæййынц, номхыгъды цы дзырдтæ ис, уыдон. Ома ирон æвзаджы нæй, къæдзыгæй хицæн кæнын кæй нæ хъæуы, ахæм «бавæргæ дзырдты»

сæрмагонд хуыз. Дыккаг фарст та баст у номхыгъдимæ. Куыд уынæм, афтæмæй дзы æрмæст дзырдтæ нæй, фæлæ дзырдбæстытæ дæр ***(мæ амондæн, ме 'намондæн, цыбыр дзырдæй, иу дзырдæй)***. Уæдæ, æвæццæгæн, раст уыдаид «бавæргæ дзырдты» нæ, фæлæ «бавæргæ арæзтыты» кой кæнын. Æртыккаг фарст та комкоммæ хауы дзырд *дыккаджыдæр*-мæ. Ацы чысыл иртасæн куысты автор ахæм дзырд кæй никуы фехъуыста кæнæ бакасти, уый диссаг нæу, фæлæ Ирон национ корпус дæр ахæм формæйæн иунæг дæнцæг дæр нæ дætты [13]. Цыбыр дзырдæй, ирон æвзаджы дзырд «дыккаджыдæр» нæй. Ирон текстты *фыццаджыдæр*-ы фæстæ æмбæлы *дыккаджы та*.

Цымыдисаг сты пунктуацион æгъдауы фиппаинæгтæ. Фыццаг фиппаинаджы фыст ис, зæгъгæ, уæлдæр ранымад дзырдтæй «бирæтæ арæх хъуыдыйады мидæг вæййынц бавæргæ дзырдтæ нæ, фæлæ хъуыдыйады уæнгтæ ома дзуапп фæдæттынц исты фарстæн) æмæ сæ уæд къæдзыгæй нæ хицæн кæнæм» [8: 47]. Иттæг раст фиппаинаг у. *Чи зоны* æрмæст бавæргæ арæзт нæ вæййы, фæлæ вазыгджын хъуыдыйады хицæн хай дæр (ома хуымæтæг хъуыдыйад): *Чи зоны, мæн дæр концертмæ ацæуын бафæнда* (бавæргæ хъуыдыйад, æвдисы дзурæджы ахаст, цы дзуры, уымæ – дызæрдыг). - *Чи зоны, уый размæ рацæуæд* (домгæвазыгджын хъуыдыйады уæлæмхæст хай – хуымæтæг хъуыдыйад). *Мæнмæ гæсгæ, ацы хъуыдыйады рæдыд нæй* (бавæргæ дзырд *мæнмæ гæсгæ* æвдисы дзурæджы хъуыды; *мæнмæ гæсгæ* дзырдбаст нæу, фæлæ дзырды формæ, уымæн æмæ арæзт у сæрмагонд дзырд (номивæг) æмæ æххуысгæнæг дзырдæй (фæсæвæрдæй), уыдон иумæ аразын дзырды формæ). *– Мæнмæ гæсгæ раст у, дæумæ гæсгæ та нæу* (*мæнмæ гæсгæ* – хъуыдыйады уæнг, архайды хуызы фадатон дзырд).

Уæдæ цы у, зæгъæм, *мæнмæ гæсгæ*? Бавæргæ дзырд? Модалон дзырд? Фыццаг дæнцæджы бавæргæ дзырд у, дыккаджы та – хъуыдыйады уæнг. Æмæ дыууæ дæнцæджы дæр уыцы иу дзырд ис? Ома йæ бон у хъуыдыйады уæнг дæр уæвын æмæ бавæргæ дзырд дæр? Æви хицæн дзырдтæ сты, функционалон омонимтæ?

Функционалон омонимтыл нымад сты, сæ мырон арæзт æмхуызон кæмæн у, сæ лексикон нысаниуæг – æнгæс, фæлæ сæ морфологион æмæ синтаксисон миниуджытæй чи хицæн кæны, ахæм дзырдтæ [3]. Нæ дæнцæгты бавæргæ дзырд æмæ хъуыдыйады уæнгæн сæ лексикон нысаниуджытæ кæрæдзимæ хæстæг сты, æвдисынц дзурæджы хъуыды. Фæлæ фыццаг дæнцæджы *мæнмæ гæсгæ* хауы æппæт хъуыдыйады мидисмæ дæр, хъуыдыйады иу уæнгимæ баст нæу, ис ын модалон нысаниуæг. Дыккаг дæнцæджы та йын дызæрдыджы нысаниуæг нæй, фæлæ бæлвырддæр кæны мивдисæджы нысаниуæг, æвдисы архайды миниуæг, баст у зæгъинагимæ, йæхæдæг дæр у хъуыдыйады уæнг – фадатон дзырд. Морфологийы 'рдыгæй

та у ænæивгæ дзырд, фæрсдзырд. Ома бавæргæ дзырд *мæнмæ гæсгæ* æмæ фæрсдзырд *мæнмæ гæсгæ* сты функционалон омонимтæ. Ахæм хатдзæгмæ æрцыдыстæм, функционалон омонимийы сæйраг хъуыдытимæ (тезистимæ) разы уæвгæйæ.

«Явления переходности пронизывают всю систему языка, но особенно они важны при классификации морфологических категорий и структурно-семантических типов предложений», - фыссы В.В. Бабайцева [3: 5]. Ацы фæзынд («переходность», кæнæ транспозици – дзырд иу ныхасы хайæ иннæмæ куы рахизы, уый) тынг арæх у ирон æвзаджы. Бæлвырд морфологион къласы – ныхасы хайы – формалон миниуджытæ ис æрмæстдæр мивдисæгæн, иннæ дзырдтæн сæ фылдæр цавæрдæр ныхасы хайы характеристикæтæ равдисынц æрмæст контексты. Æркæсæм дзырд *раст*-мæ (дæнцæгтæ ист сты Ирон национ корпусæй).

*Мæхæдæг къорандасæй* раст *хахх акæнын дæр нæ зонын, фæлæ курдиат-джын адæмты бирæ уарзын.*

*Ды* раст *хæцыс цардæн йæ аразæн рохтыл, Ды адæмæн радтай дæ хъару, дæ зонд!*

*Фæлæ* раст *æмæ зылыны æхсæн ауæдз куыд ссардæуа?*

*Мæнæ дæм* раст *æввонгæй æхца куыд ивыла, уыйау...*

1-аг хъуыдыйады дзырд *раст* у миногон, миниуæгæвдисæг, бындурон бæрцы; номдаримæ иумæ аразы атрибутивон къорд, хъуыдыйады у бæрæггæнæн.

2-аг дæнцæджы уынæм фæрсдзырд. Æнæивгæ (бæрцбарæнтæ куы нæ нымайæм, уæд) дзырд, комкоммæ баст у мивдисæгимæ, æххæст кæны фадатон дзырды функци.

3-аг хъуыдыйады дзырд *раст* у номдар, ис ын парадигмæ (ома дзырды формæты иугонд – ивы нымæцтæм æмæ хауæнтæм гæсгæ), зæгъæм: *Зылын æмæ расты æхсæн ауæдз куыд ссардæуа? Зылынтæ æмæ растыты æхсæн ауæдз куыд ссардæуа?* Хъуыдыйады у æххæстгæнæн.

4-æм контексты у æххуысгæнæг дзырд – хайыг, тыхджындæр кæны, цы дзырдимæ баст у, уый нысаниуæг. Хъуыдыйады уæнг нæу (ома йæ æвзарæм, цы дзырдмæ хауы, уыимæ иумæ). Афтæмæй цыппар контексты архайынц цыппар дзырды – функционалон омонимтæ. Иууылдæр иумæ аразынц омокомплекс *раст*.

Ахæм фæзындтæм ис æндæр цæстæнгас дæр. Зæгъæм, уырыссаг æвзагзонынады фыццагдæр омонимийы ацы хуызы кой кæнын куы райдыдтой, функционалон омонимты фыццаг дзырдуæттæ куы фæзындысты, уæд уый расайдта уæрæх дискусси. Функционалон омонимийы ныхмæ уыди Абайты Васо. Йæ уацы «О подаче омонимов в словаре» ахуыргонд фыста:

«Под омонимию широко подводятся явления, которые мы до сих пор называли полисемией» [2: 32] æмæ иу дзырдыл нымадта, зæгъæм, *молния* «(1. атмосферная, 2. телеграмма, 3. застежка)» [Уый дæр уым]. Омоними æмæ бирæнысаниуæгад (полисеми), Абайты В. хъуыдымæ гæсгæ, кæрæдзийæ рахицæн кæнæн ис æрмæст иу хуызы – дзырды равзæрд раиртасгæйæ. Кæд æмæ, хицæн нысаниуджытæ кæмæн ис, уыцы дзырдтæн сæ равзæрд иу у, ома кæддæр иу дзырдæй равзæрдысты, уæд уый у бирæнысаниуæгад. Кæд хицæн дзырдтæй равзæрдысты, уæд та омоними [2: 42]. Раст зæгъгæйæ, ацы проблемæйы Абайты Васойæн бирæ фарсхæцджытæ нæ разынд: æвзаджы нырыккон уавæры бирæнысаниуæгон дзырд омонимтæй рахицæн кæныны иунæг фæрæз этимологион дзырдуат куыд хъуамæ уа? Иу уидагæй цы дзырдтæ равзæрдис, уыдонæн сæ нысаниуджытæ кæрæдзийæ тынг куы адард уой, уæд дæр сæ иу дзырдыл нымайын хъæуы? Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм хуызы проблемæ райхалæн нæй. Зæгъæм, ныртæккæ мах Абайты Васойы хъуыдыйыл ныххæцыдыстæм, уæд ирон æвзаджы ныхасы хæйттæ цæй бындурыл рахицæн кæнæм? Цавæр ныхасы хай у дзырд *рæсугъд*? Куы миногон, куы та фæрсдзырд? Æви нæм миногон *рæсугъд* дæр ис æмæ фæрсдзырд *рæсугъд* дæр?

Раздæхæм пунктуацимæ. 38 параграфы дыккаг фиппаинаджы загъдæуы: «Бавæргæ дзырдтæ **бæргæ, хъуамæ, фæлтау, æрмæст, цымæ, хъæлæкк** æ.а.д. æнæ паузæйæ куы фæдзурæм, уæд сæ къæдзыгæй нæ хицæн кæнæм» [8: 48]. Куыд æмбаргæ у ацы хъуыдыйад? Кæд, цавæр уавæрты æмæ цæмæн фæдзурæм ранымад дзырдтæ æнæ паузæйæ? Фыццаджыдæр, акцентуалон комплексы (Абайты В. термин) хай куы вæййынц, уæд. Куыд зонæм, афтæмæй ирон æвзаджы хицæн цавд алы дзырдыл нæ хауы. Иу цавды бын вæййынц дыууæ кæнæ фылдæр лексикон дзырды дæр. Акцентуалон къордтæ цы дзырдтæ аразынц æмæ кæрæдзи фæдыл куыд æвæрд вæййынц, уый тынг лæмбынæг раиртæста Абайты В. йæ уацы «Ритмика осетинской речи» [1]. Ранымад дзырдæй алкæмæн дæр йæ бон у ахæм комплексы уæнг уæвын, æмæ уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, хицæнгонд нæ цæуы паузæтæй (дзургæйæ) æмæ æрхæцæн нысæнттæй (фысгæйæ). Зæгъæм: Бæргæ ⁀ *февнæлдтой хъаматæм дадатæ. Хостыхъоты З.* ***Фæлтау*** *⁀сын нæхæдæг аххуыс ⁀кæндзыстæм. Цæгæраты М.* Фæлæ ацы уавæры кой (ома бавæргæ дзырдтæ клитикæты – хъуыдыйад цы дзырдтæй райдайæн нæй, уыдоны – размæ куы вæййынц) ис æртыккаг фиппаинаджы [8: 48]. Уæдæ ма ацы дзырдтæ цæмæн загъд вæййынц æнæ паузæтæй æмæ сæ цæуылнæ хицæн кæнæм къæдзыгтæй? Æвæццæгæн уымæн, æмæ бавæргæ дзырдтæ кæй не сты, фæлæ хайыгтæ.

Ирон грамматикæты [5: 319-320; 6: 278-290; 7: 191] бавæргæтыл нымад сты, хъуыдыйадимæ грамматикон хуызы нæ, фæлæ хъуыдыйæ (семантикæйæ) баст чи у æмæ дзурæджы ахаст ныхасмæ чи æвдисы, ахæм дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ. Уыимæ бавæргæ арæзтытæ загъд вæййынц модалон хайыгтæй æмæ модалон дзырдтæй. Багаты Н. куыд зæгъы, афтæмæй «класс частиц «в современном осетинском языке очень сложен и неоднороден по своему значению и происхождению» [4: 434], уымæ гæсгæ хайыгтæ æмæ се 'мхуызон дзырдты æхсæн цæхгæр арæн ссарын æнцон нæу. Цавæр миниуджытæм гæсгæ ахæссын хъæуы дзырд хайыгтæм кæнæ, зæгъæм, бавæргæ арæзтытæм?

Хайыгтæ хъуыдыйады мидæг цы бынаты æвæрд вæййынц, уымæ гæсгæ дих кæнынц дыууæ къордыл. Сæ иутæ «баст сты» бæлвырд бынатмæ: цы дзырдмæ хауынц, уымæн фæлæууынц йæ разæй кæнæ йæ фæстæ. Зæгъæм, кæддæриддæр препозицийы (мивдисæджы разæй) вæййынц æппæрццæг хайыгтæ *нæ, ма, нал;* хайыгтæ *уадз, хæд, суанг: Уадз æмæ уал кæрддзæмы зара кард! Булкъаты М.* Энклитикон хайыгтæ *уал, ма, та* тырнынц хъуыдыйады мидæг дыккаг бынатмæ – фыццаг дзырд кæнæ дзырдбасты фæстæ: *Æмæ дын кæд тугхæстæг у, дзæбæх уал æй базон. Бицъоты Г. (Базон уал æй дзæбæх).* Бæлвырд позицимæ «фидаргонд» хайыгтæ никуы вæййынц бавæргæ дзырдтæ æмæ сæ æрхæцæн нысæнттæй дæр хицæн кæнын нæ хъæуы.

Фæлæ хайыгтæн сæ фылдæр хъуыдыйады иу бынатмæ нæ тырнынц, сæ бон у сæ бынат ивын. Багаты Н. гæсгæ, уыдон сты «главным образом те, которые вносят оттенки значения в целое предложение» [4: 436]. Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй ацы хайыгтæ сæ синтаксисон функциты нымæцмæ гæсгæ адих кæнæн ис дыууæ къордыл: 1) æрмæст хайыгты функци æххæстгæнæг; 2) функционалон омонимтæ кæмæн ис, уыдон, ома омокомплексты уæнгтæ.

Комкоммæ (кæнæ сæрмагонд) хайыгтæ тыхджындæр кæнынц хъуыдыйады уæнджы нысаниуæг æмæ сæ æрхæцæн нысæнттæй хицæн кæнын нæ хъæуы: *Дæуæй æз разы дæн,* ***æгайтыма*** *дæ мах цур. Дзасохоты М. Уæд* ***фæлтау*** *мæхи амардзынæн, æмæ уый уыдзæн иууыл хуыздæр æмæнæн дæр æмæ дунейæн дæр. Джусойты Н.*

Ардæм ахæссæн ис фарстон хайыг *цымæ* дæр. Кæд æй алыхуызон текстты къæдзыгтæй хицæнгондæй дæр фенæн ис, уæддæр, дæсгай дæнцæгты ацы дзырды семантикæ æмæ функцитæм æркæсгæйæ, æрцыдыстæм ахæм хатдзæгтæм: 1) дзырд *цымæ* у комкоммæ хайыг, æххæст кæны æрмæст иунæг функци; 2) *цымæ* хъуыдыйады мидæг баст вæййы æндæр фарстон дзырдимæ кæнæ предикатимæ (мивдисæгимæ) æмæ æвæрд вæййы куыд сæ фарсмæ, афтæ дæрддзæф дæр, предикатæй æндæр дзырдтæй хицæнгондæй; 3) *цымæ* нæ хауы акцентуалон комплексмæ, хъуыдыйады кæрон куы уа уæд; ацы позицийы

бæлвырддæр кæны æрмæст мивдисæджы нысаниуæг нæ, фæлæ æппæт хъуыдыйады мидис дæр; 4) хъуыдыйады кæрон лæугæйæ хайыг *цымæ* дзургæйæ хицæнгонд цæуы паузæйæ æмæ йæ фысгæйæ хицæн кæнын хъæуы къæдзыгæй. Абарæм: *Мæрдты мæ Барастыры раз дзуапп дæттын бахъуыд, зæгъгæ, уæд ын* ***цымæ*** *мæхи цæмæй сраст кæнин? Дегъуаты С.* ***Цымæ*** *кæй кой кæны кæстæртæн, лæппутæн? Джыккайты Ш. Цæмæн баурæдтам,* ***цымæ****? Къæбысты У.*

Дыккаг къорды хайыгтæн та ис функционалон омонимтæ – бавæргæ дзырдтæ. Равзарæм омокомплекс *мыййаг*. Ацы дзырд Багаты Н. хоны, бавæргæ дзырды хуызы чи архайы, ахæм хайыг [4: 434], ахуыргæнæн чиныджы та нымад у бавæргæ дзырдыл [7: 126]. Иу хатт ма йæ зæгъæм: функционалон æгъдауæй хайыг æмæ бавæргæ дзырд кæрæдзийæ хицæн кæнынц уымæй, æмæ хайыг баст вæййы æрмæст иу дзырдимæ (хъуыдыйады уæнгимæ), бавæргæ дзырд та хауы æппæт хъуыдыйадмæ. Уымæ гæсгæ алыхуызон у æрхæцæн нысæнтты æвæрд дæр хайыгимæ æмæ бавæргæ дзырдимæ.

Дзырд *мыййаг*-ы морфологион статус сбæрæг кæнынæн хорз ахъаз у дзырдты рæнхъæвæрд. Дзæвгар контексттæн анализ скæныны фæрцы куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй *мыййаг* у хайыг æмæ æрхæцæн нысæнтты фæрцы иртæстгонд нæ цæуы ахæм уавæрты: 1) зæгъинаджы размæ: *Гъе, лæппу, уымæн йæ мæлæт карды комæй кæнæ фаты фындзæй* ***мыййаг нæу****. Нарты кадджытæ;* 2) клитикæты размæ: Цал *азы рацыди, мæнæ зæронд кæнын райдыдтон, фæлæ мæ зæрдæ æдзух йем æ дзуры: кæм и, куыд у,* мыййаг ***ыл*** *кæд исты рцыди?.. Джусойты Н.* 3) бадзырдон хъуыдыйæдты бæттæг *куы*-имæ: *Æвæццæгæн, йе ‘фсымæр зынгимæ хъазы æмæ тæрсы, мыййаг æй куы басудза. Булкъаты М.*

Дзырд *мыййаг* у бавæргæ æмæ йæ хицæн кæнын хъæуы къæдзыгтæй ахæм уавæрты: 1) хъуыдыйады кæрон: *Кæдæм балц кæныс, горæтмæ, мыййаг? Коцойты А.* 2) хайыг *кæд*-ы фæстæ: *Кæд, мыййаг, фæзынди, зæгъгæ, азгъордта сарамæ бæгъæмвадæй.* Коцойты А.

Иу ныхасæй, ирон пунктуацион системæйы ис æркæсинаг æмæ лыггæнинаг фæрстытæ. Сæ иу у, бавæргæ дзырдтæ кæм ис, уыцы хъуыдыйæдты пунктуацион арæзт. Цæмæй ахæм хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ раст сæвæрæм, уый тыххæй фидарæй зонын хъæуы, къæдзыгтæй хайыг кæнæ модалон дзырд нæ, фæлæ комкоммæ бавæргæ дзырд хицæнгонд кæй цæуы, уый.

.

## Спайдагонд æрмæджытæ


1. Абаев В. И. Ритмика осетинской речи / Абаев В.И. Осетинский язык и фольклор. Москва - Ленинград : Издательство Академии наук СССР, 1949. С. 529 - 560.
2. Абаев В.И. О подаче омонимов в словаре // Вопросы языкознания. 1957. - №3. С. 31-43.
3. Бабайцева В. В. Явления переходности в грамматике русского языка. М.: Дрофа, 2000.
4. Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Ч. 1. Орджоникидзе: Северо-Осетинское книжное издательство, 1965.
5. Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Ч.2. Орджоникидзе: Ир, 1982..
6. Грамматика осетинского языка. Том II. Синтаксис / под редакцией проф. Г.С. Ахвледиани. Орджоникидзе: Научно-исследовательский институт при Совете Министров Северо-Осетинской АССР, 1969.
7. Джусоева К.Г., Дзодзикова З.Б., Цопанова Р.Г. Современный осетинский язык: учебное пособие для вузов. Владикавказ: Изд-во СОГУ, 2010.
8. Ирон æвзаджы орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæуттæ . Дзæуджыхъæу: Ир, 2004.
9. Кудзоева А. Ф. Проблемы осетинского языкознания в зеркале библейского текста // В сборнике: Аланское Православие - история и культура. Материалы IX и X Свято-Георгиевских чтений. Сер. "Аланская библиотека" Отв. редактор М.Э. Мамиев. Владикавказ, 2022. С. 69-73
10. Кудзоева А.Ф. К вопросу о пунктуационном оформлении однородных определений в осетинском языке // Тенденции развития науки и образования. 2021. № 77-3. С. 49-53.
11. Кудзоева А.Ф. Синтаксические трансформации при переводе на осетинский язык и проблемы пунктуации // Тенденции развития науки и образования. 2023. № 95-2. С. 85-87.
12. Кудзоева А.Ф., Малиева З.Н. Пунктуационное оформление конструкций с приложениями в осетинском языке // Современная наука: актуальные проблемы теории и практики. Серия: Гуманитарные науки. 2022. № 3-2. С. 145-149.
13. Осетинский национальный корпус. URL: http://corpus.ossetic-studies.org/search/index.php?interface_language=ru
14. Правила русской орфографии и пунктуации : Утв. Акад. наук СССР, М-вом высш. образования СССР и М-вом просвещения РСФСР. Изд-е второе. – Москва: Учпедгиз, 1956.
15. Правила русской орфографии и пунктуации. Полный академический справочник / Под ред. В. В. Лопатина. — М: Эксмо, 2007.

***Къадзаты Людмилæ,***
Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг

# ИРОН ДРАМÆЙЫ ФÆНДАГ

Ирон драматургийы национ спецификæ, йæ бастдзинад историимæ, ирон адæмы психологиимæ хорз бæрæггонд не 'рцыдаид, ирон адæмон сфæлдыстадæй ист миниуджытæ дзы куы нæ уыдаид, уæд. Ирон адæмæй уæды рæстæджы чысыл ахуырдзинад дæр кæмæ уыд, уыдоны фæндыд се 'мбæстаг адæмы 'хсæн рухс тауын, адæмы зæрдæты ныфс бауадзын. Уымæн та хъуыд, театры сценæйыл æвдист чи цæуы, ахæм пьесæтæ. Уыцы пьесæтæ æвдыстой хæдахуыр артисттæ, сæ аивады ирдæй зынд адæмы цардыуаг.

Адæмон уацмыстæ суанг антикон дугтæй нырмæ нымад сты дзырдаивады ахсджиагдæр къабазыл. Драматургийы та йæхи сæрмагонд бынат ис историон цауы бындурыл фыст пьесæйæн.

Æппæт историон цаутæн æхсæнадон ахадындзинад нæ вæййы, сæ нысаниуæг æппæтадæмон свæййы аив дзырды хъомысæй. Зæгъæм, афтæ рауад йæ хъысмæт Алыккаты Хазбийы разамындæй сыстадæн Хъобаны. Кæд йæ ном адæмон сфæлдыстады фæрцы сæнусон, уæддæр ын йæ сурæты ахадындзинад æцæг æнпæтадæмон скодта Брытъиаты Елбыздыхъойы историон драмæ «Хазби». Раст у, ирон драмæйы аивадон æууæлтæ фыццаджы фыццагдæр сфидар сты фольклоры — таурæгъты, кадджыты, хъæйтарон зарджыты...

Фæлæ рохгæнинаг нæу уый дæр, æмæ айдагъ адæмон сфæлдыстадыл куы 'нцайа фыссæг йæ куысты, уæд мæгуырау кæны йæхи. Елбыздыхъо зыдта, антикон стыр драматургты уацмыстæ æмæ сыл ахуыр кодта.

«Хазби»-йы æргом патриотон пафос мæнмæ гæсгæ, уырдыгæй гуыры. Ома, ныхас аивадон мадзалыл цæуы. Елбыздыхъо нæ тæрсы йæ ахсджиагдæр хъуыдытæ комкоммæ дзурынæй, тæрсгæ та уымæн нæ кæны, æмæ сæ йæ аивадон тыхы фæрцы хус ныхæстæ æмæ цъæлхъæрты азарæй бахизы.

Ирон адæмæн ног историон уавæрты сæ рæзты фæндагыл æдæрсгæйæ цæуынæн стыр ахъаз фæцис Брытъиайы-фырты трагеди «Хазби» — бæрзонд дзы систа национ иудзинады хъуыды, адæмы æмæ хицæн адæймаджы номы кад. Æвдыст дзы цæуы X1X-æм æнусы райдианы историон цаутæй иу: Хъобаны тох паддзахы инæлар Абхазовы æфсады ныхмæ. Уæрæсе Ирыстоны дæр административон уагæвæрд кæй фидар кодта, уый ныхмæ-иу сыстадысты хохæгтæ. Уымæн æмæ сæ фыдæлтыккон царды æгъдæуттæ хæлд цыдысты. Уый тыххæй фыста Хетæгкаты Къоста дæр: « Не подлежит поэтому ни малейшему сомнению, что режим, установившийся на Северном Кавказе после его покорения, с первых же шагов пошел совершенно вразрез с духовно-социальным строем туземцев...».

Елбыздыхъо кæд реалон нывтæ æвдисы, уæддæр Хазбийы фæлгонц ахуыргæндтæм æвзæрын кодта фарстытæ, историон архайæг уыди, æви нæ, уый тыххæй. Чи зоны, æмæ уымæн бæстон-бæлвырд дзуапп кæй нæ уыдис,

фыццаг ирон трагеди дзырддаг дæр уымæ гæсгæ ссис. Иутæ йæ хуыдтой ирон национализмы сæрхъуызой, иннæтæ — национ хиæмбарынады символ.

Алы тугтæ йыл кæй мысыдысты, уый аххосæй бирæ рæстæджы дæргъы уацмысæн нæ уыдис нæдæр мыхуыр кæныны, нæдæр наукон æгъдауæй иртасыны бар. Ноджы быцæйуаг ссис канд Хазбийы сурæт нæ, фæлæ уацмысы историон бындур æгасæй дæр. Хъобаны

хæсты тыххæй цы документалон æрмæджытæ ис, уыдон баст сты Санаты Беслæны номимæ. Хазбийы тыххæй та ис æрмæст адæмон зарджытæ æмæ таурæгътæ. Уыдон та хатгай, ахуыргæндты нымадмæ гæсгæ, иуæй-иу историон æвдисæндартæй уырнинагдæр рауайынц. Абайты Васо куыд нымайы, уымæ гæсгæ историон зарæг арæзтой историон архайæгыл. Джусойты Нафи дæр разы у, «трагедийы историон бындурыл дзурæн кæй ис», ууыл. Иннæрдыгæй та уый зæгьын хъæуы, æмæ уацмысы историон бындур æрмæст йæ мидис æмæ йæ сæйраг хъайтары номимæ баст кæй нæу. «Хазбийы» раст эпикон хуызы уырнинагæй, æнæфæгæдыйæ æвдыст цæуы ирон национ дуне. Цæстыты рыз сыстынц хохæгты царды æгъдæуттæ, сæ дуне 'мбарынад, сæ алы уаг, сæ удысконд. Архайджытæ, хабар æвдисджытæ сты сæ дуджы хъæбултæ, ис сын бæлвырд адæмыхатты цæсгом, психологи. Сæ архайд, сæ хъуыдыкæнынад у, сæ алыварс дунейы уавæртæ куыд амонынц, уымæ гæсгæ. Трагедийы автор профессион историк нæу, фæлæ у аив ахорæнтæй нывгæнæг, æмæ уый адыл историон цаутæ æвдисы аивадон мадзæлтты фæрцы. Уацмысы мидисы æрдзон уагыл æнгом баст сты историон цаутæ, адæмон сфæлдыстады хицæн жанртæ, сфæлдыстадон æууæлтæ. Сæ иудзинадæй рауад арфхъуыдыджын, аив нывæфтыд, философон æмæ публицистон уацмыс.

Канд Хазби нæ, фæлæ трагедийы æппæт архайджытæ дæр сæ сæрмæ нæ хæссынц худинаг æмæ æгады цард барвæндонæй, никæй дæлбар суыдзысты, нæ райсдзысты джебогъæй амонгæ зонд. Фæлæ уацмыс йæхæдæг æвдисæг у, иу хъуыдыйыл æппæт адæм хæст кæй не сты, уымæн: дыккаг нывы сæ куыдфæндыйы зæрдæйы уаг хуымæтæджы сбæрæг вæййы. Хъобангоммæ знаг куы 'рбахæстæг, хæстон адæм фаг нæй, уый куы

сбæрæг, уæд Хазби фæдисæттæ æрвиты алы кæмттæм, фæлæ æххуыс Куырттаты комæй йеддæмæ никуыцæй æрбацыд. Национ хиæмбарынадæй сæм куывдты бадын ахсджиагдæр фæкасти. Сæхимæ Хъобанæн цы тыхтæ уыдис, уыдон та паддзахы æфсадæн аккаг ныхкъуырд раттыны фаг нæ систы. Хазби æмæ йе 'мбæлттæ састы бынаты баззадысты.

Джыккайты Шамил уыцы хæсты фæстиуджыты тыххæй фыссы: «Хазбийæн бантыст йæ хъæубæсты тохмæ ракæнын, фæлæ йæ къухы нæ бафтыд иннæ кæмтты сыстын кæнын. Уыцы хъуыддаг, фыссæг æй куыд æвдисы, афтæ хуымæтæг нæ уыд. Кæмтты адæм куывдты бадтысты, канд уый тыххæй æнæрацæугæ нæ уыдысты. Уыдоны 'хсæн нæ уыд нæдæр экономикон, нæдæр политикон бастдзинад. Хазбийæн историон уавæртæм гæсгæ нæ уыд æппæтадæмон фæтæг суæвын. Бахъуыд æй къордæй æфсады ныхмæ цæуын — уый мидæг ис йæ хъысмæты трагизм». Ацы хъуыды дæр раст у, фæлæ ма иу аххосаг та уый у, æмæ Хазбийы тох æппæтадæмон хæст кæй не сси. Елбыздыхъо адæмæн канд сæ номгæнæг миниуджытæ не 'вдисы, фæлæ ма сын

хурмæ хæссы сæ ирон туджы хъæндзинæдтæ дæр. Æхсæны хъуыддаджы дæр Хъæвдын æмæ Цорæйы хуызæттæ куы бацæуы, уæд ын æнæ хæлгæ нæй.

Хазби уыди дзыллæйы лæг, æмæ йын дзыллæйы фыдæлтыккон бындуртæ æнæ хъахъхъæнгæ нæ уыд. Адæмы бæрны бацæуынæн стыр хъару хъæуы, æмæ ахæм ныфсы хицау уыд Хазби дæр — уый тыххæй цыдысты дзыллæтæ йæ фæдыл. Ирон национ хъайтары хатдзæг у ахæм: «Махæн æгъдæуттæ немæ райгуырдысты æмæ мæлгæ дæр хъуамæ немæ кæной. Стæй дзы исчи раст куы нæ уа, уæддæр æй Абхадзы-фырт нæ, фæлæ нæхæдæг аивæм». Паддзахы инæлар та уыдæттæ æнæгъдау хоны æмæ архайы сæ фесафыныл.

Рацæй-рабон, æмæ ног идеологийы цæстмæдзур-джытæ æмæ хъуыдыгæнджытæ, Хазбийы растад хонын райдыдтой реакцион, адæмты хæлардзинады ныхмæ фыдракæнд. Трагедийы авторыл та сæвæрдтой буржуазон националисты ном, адæмы тохы кълассон мидис кæй нæ бамбæрста, уый тыххæй. Елбыздыхъо йæ йе стыр зондæй нæ бамбæрста, фæлæ йæ уыдон сæ садзгæ зондæй базыдтой. Брытъиайы-фырты алыварс уавæр ахæм уæззау уыд, æмæ ма суанг нæ зынгæ литературæиртасджытыдæрйæныхмæрадзурынкодтой. Зæгъæм, Ардасенты Хадзыбатыр фыста: «Революцион цауты рæстæджы фыст драмæ «Хазбийы» Брытъиаты Елбыздыхъо идеализацигондæй (фæхицæн æй кодтон æз. — Къ.Л.) равдыста тæгиаты æлдæртты растад, аивта историон æцæгдзинад. Фыссæг нæ бамбæрста, растады сæргъы бонджын æлдæрттæ кæй лæууыдысты, уый. Уыдон пайда кодтой, мæгуыр зæхкусæг адæмæн бирæ закъэттæ сæ зæрдæмæ кæй нæ цыдысты, уымæй. Цæмæй сæхи феодалон бартæ бахъахъхъæдтаиккой, уыйтыххæй».

Рæстæджы домæнтæ æмæ догмæтæ сæ фæдыл асайдтой Джусойты Нафийы хъуыды дæр.Йæ хатдзæгмæ гæсгæ «Хъобангомы растады прогрессивонæй ницы уыдис». Æцæг мауый дæр бафиппайдтон, æмæ Джусойы -фырты иуæй-иу хъуыдытæ сæхимидæг кæй тох кодтой. Зæгъæм, иу ран афтæ амоны, ома, дам, «адæм тохмæ рацыдысты се 'лдæртты тырысайы бын», иннæ хатт та бынтон æндæр хъуыдыйыл хæст у: «Сæ экономикон æмæ национ æфхæрдæн кæй нал барстой, уымæ гæсгæ сыстадысты сæ бартыл тох кæнынмæ». Ацы быцæуты æз разы дæн Дзаттиаты Георгиимæ: «Æрмæст æлдæрттæ кæй уыдысты сæ сæргъы, уый тыххæй растады реакцион схонæн нæй». Стыр хъыгагæн, бирæтæ трагедийы текст

æмæ ирон адæмон зарджыты мидис рæстмæ кæй нæ бамбæрстой, уымæ гæсгæ-иу арæх (кæм зонгæ-зонын, кæм таæнæбары) æрцыдысты рæдыд хатдзæгтæм. Рæстæджы галиумæхæцæг домæнтæ уыдысты æви ма дзы æндæр исты бæлвырд аххосæгтæ уыдис, уый абон зын зæгъæн у. Фæлæ фæндзайæм-æвдайæм азты цæстмæхъусдзур ахуыргæндтæ æмæ партион функционертæ Елбыздыхъойы сфæлдыстад дам-думты бын фæкодтой: уый, дам, мах Уырысæй ахицæн кæныны фарс у... Æцæг сæ ферох ис, адæм цыфæнды дуджы дæр цардарæзты сæйраг тых кæй сты, уый. Хазби историон архайæг у æви нæ, зæгъгæ, уый хъуамæ алы адæймагмæ дæр гуырын кæна йæхи хъуыды. Æз, иу

удæй, цы хатдзæгмæ 'рцыдтæн, уый у ахæм: Хазби ирон дзыллæйæн рагæй-æрæгмæ дæр у сæрибарыл тохы уазнысан, йæ сурæт та ирон театры фидыц.

Цыфæнды уавæрты дæр, суанг ма дæ удуæлдай тохы састы бынаты баззаинаг куы уай, уæддæр хъуамæ дæ ном æмæ намысы аргъæй дæхицæн сæрибар æмæ уæлахиз ма 'лхæнай. Уыдон — ном æмæ намыс — лæгæн йæ цардæй зынаргъдæр сты æмæ сæ уымæ гæсгæ нæй базариуæггæнæн. Уæййаг сæ чи скæны, уый та адæмæй хъодыгонд вæййы.

Ахæм табуйаг зондахастыл ардауы адæмы Елбыздыхъо йæ историон драмæйы мидисæй. Кæдфæнды дæр æмæ кæйфæнды раз дæр хъуамæ дæ сæр сæрмæ хæссай, иугæр дын адæмы ном кæм ис, уым.

30-æм азты ирон драматургимæ ныфсджын къахдзæф æрбакодта Гæдиаты Цомахъ. Уый йе сфæлдыстадон куыст райдыдта Октябры революцийы агъоммæ. Йæ фыццаг драмон уацмыс у историон трагеди «Ос-Бæгъатыр».

Цомахъ йæхæдæг куыд фыста, уымæ гæсгæ раздæр хъавыди ирон адæмы историон хъысмæт равдисын, сæ бартыл куыд тох кодтой, уый тыххæй йæ зæрды уыди æртæ уацмысы ныффыссын. «Ирыстон, — зæгъы Цомахъ, — цæгатырдыгæй дæр æмæ хуссарырдыгæй дæр баййæфта бирæ æфхæрд — хазартæй, араббæгтæй, манголтæй, персайнæгтæй. Иу хатт æмæ дыууæ хатты не сдардтой Ирыстоны кæмтты æмæ хæхты сыстады тырысатæ. Иу хатт æмæ дыууæ хатты не ссыгътой Ирыстоны хæхтыл хæстмæ сидæг цырæгътæ...».

Сæрибары сæрвæлтау уыд «Ос-Бæгъатыры сыстад дæр. Драмæ мыхуыры рацыд 1929 азы. Драмæйы фæдыл критикты хъуыдытæ бæстон равзæрста Джусойты Нафи йæ уац «Зынг зæгъынæй ком нæ судзы», зæгъгæ, уым, стæй Джыккайты Шамил — уац «Фæтæг Ос-Бæгъатыры трагеди». Мæнæн дæр мæ бон фидарæй зæгъын у уый, æмæ драмæйы бындуры æцæг историон цау кæй ис. «Цомахъ райста æмæ равдыста рагон историон цау. Уым арвайдæнау зынынц нæ рагбонтæ дæр æмæ нæ абон дæр».

Историон цауты бындурыл амад у Плиты Грисы пьесæ «Сослан-Цæразон» дæр. Ам автор сæйраг ныхасаг скодта ахсджиаг проблемæ — адæмы иудзинад æмæ историон хъайтары ахаст адæммæ. Къорд фыссæджы уацмысты у сæйраг архайæг Сослан-Цæразон. Зæгъæм: Руставели — «Стайы цармдарæг», Чахрухадзе — поэмæ «Тамариани», А. Войнова — роман «Тамарæ æмæ Давид»... Фæлæ хæстон фæтæджы сгуыхтытæ æмæ трагикон хъысмæт драмон уацмысы æцæг уырнинагæй равдисын бантыст æрмæст Грисæн. Уый уæрæх спайда кодта фольклорон æмæ историон æрмæгæй. «Афтæмæй, — зæгъы Джыккайты Шамил, — уацмысы нывæфтыд æрцыд бæлвырд историон заман, XИ-æм æнусы æхсæнадон æмæ политикон цард, социалон быцæутæ, удгоймаг æмæ æхсæнады ахастытæ».

Елбыздыхъойы фæстæ дæргъвæтин дугты ирон историон драмæ йæ рæзтæй фæсыкк. Ахæм кризисон уавæрæн ма ис æндæр æфсон дæр — нæма нæм уыд ирон профессион театр. Æрмæст 1935 азы уый куы фæзынд, уæд хъуыддаг къуырцдзæвæнæй рахызт, уавæр цæхгæр аивта. Ирон сценæйыл æвæрд цыдысты канд тæлмацгонд пьесæтæ нæ, фæлæ Елбыздыхъо æмæ йе

'мдугонты историон уацмыстæ дæр. Ирон драматургтæ куыстой революцийы, граждайнаг хæсты, къласвон тохы темæтыл.

Колхозтæ аразыны рæстæг драматизмæй дзаг реалистон ахорæнтæй æвдыст цæуы Беджызаты Чермены драмæйы — «Чи кæй?». Фыццаг хатт ацы драмон уацмысы сбæлвырд сты Ирыстоны кълассон тохы историон цаутæ. Кæд дзы аивадон аиппытæ ис, уæддæр.

Ирон историон драмæйы рæзтыл бæрæг æргомæй фæзынд уырыссаг æмæ фæсарæйнаг драматургийы тæваг. Æмæ уый хæрзаудæнгæнæг уыд æнæмæнгæй: уæрæхдæр æмæ арфдæр кодта ирон драмон уацмысты проблематикæ, театр йе 'ргом аздæхта нырыккон тематикæмæ. Фæлæуæдмæ, йæ рæстæджы жанры рæзтæн стыр ахъаз чи фæци, уыцы драмон уацмыстæ ист æрцыдысты сценæйæ дæр æмæ литературон процессæй дæр. Сæ автортæ баисты репресситы амæддаг.

Историон жанры цымыдисаг хицæндзинад ма уый мидæг ис, æмæ ахæм драмæтæ фысджытæй бирæтæ уыдысты прозаиктæ æмæ поэттæ дæр — Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Цомахъ, Хъуыбадты Агуыбечыр, КъубалтыАлыксандр, БарахътыГино... Уымæ гæсгæсын сæ драмон уацмысты идейон-эстетикон æуыæлтæн аргъ кæнын хъæуы се 'ппæт сфæлдыстады бындурыл. Афтæ зæгъын æмбæлы историон романтæ æмæ таурæгътæм гæсгæ фыст пьесæты тыххæй дæр.

Ирон драмæйы стырдæр фæзындтæй иу у Шамилы драмæ «Хъодыгонд зæд». Автор ирон драматургимæ 'рбахаста уырыссаг æмæ фæсарæйнаг драмон аивады традицитæ, адарддæр æмæ фæарфдæр кодта, ирон драматургтæ цы темæтæ райхæлдтой, уьвдон. Кæд «Хъодыгонд зæд» Джыккайы-фыртæн йæ фыццаг драмон уацмыс у, уæддæр. Мыхуыры рацыд 1975 азы. «Хъодыгонд зæд»-ы бындуры дæр сты историон факттæ. Шамил аевдисы, тæтæр-монголы æрбабырстытæ алан-ты цы уæззау уавæрмæ 'ркодтой, уый. Ныхмæвæрд дзы цæуынц фæтæг æмæ адæмы, ахастытæ, тыхджын удгоймаджы идеалтæ æмæ царды трагеди. «Хъодыгонд зæд» дæр традици нæ халы — сиды национ иудзинадмæ. Иудзинад у адæмæн сæ историон ирвæзæн хос. Цыбырæй цы уацмысты кой скодтам, уыдоны фæрцы ирон литературæйы нывыл бындур æвæрд æрцыд историон драмæйы жанрæн, ис сын ахсджиаг идейон æмæ эстетикон ахадындзинад.

Ирон историон драмæ йæ фæзындæй йæ райрæзты онг тынг ахадыдта адæмы зондахастыл, агайдта ирон национ уды сконды хуыздæр миниуджытæ.

Историон драмæйы жанр лæууы рæзты фæндагыл.

***Спайдагонд литературæ***

Джусойты Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. — Цхинвал, 1966.

Джыккайты Ш. Ныхасы фарн. — Дзæуджьгхъæу, 1996. - 128-136ф.

Уый дæр уым, 137 ф.

Джыккайты Ш. Ирон литературйы истори. — Дзæуджыхъæу, 2002. — 451 ф.

*Майрæмыхъуаты Фатимæ,*
АКЗУИ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы
кафедрæйы сæргълæууæг

**Хæдзармæ куысты хуызтæ ирон æвзагæй**

Хæдзармæ куыст у ахуырадон процессы иу хай, æмæ йæм ахуыргæнæг фаг æргом куы раздахы, раст æй куы сбæтты урочы цыдимæ, уæд сваййы скъоладзауы предмет ахуыр кæнынмæ разæнгард кæныны мадзал. Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæй дæр бирæтæ арæхсынц хæдзармæ куыстæн раст хæслæвæрд равзарынмæ, аивæй йæ сбæттынц урочы цыдимæ. Æмæ уæд скъоладзаутæ зæрдиагæй бавналынц йæ сæххæст кæнынмæ дæр, æхсызгонæй фæтырнынц сæ зонындзинæдтæ хæдзармæ куысты фæрцы бафидар кæнынмæ. Фæлæ, хъыгагæн, æдзух афтæ нæ рауайы. Фылдæр хатт хæдзармæ куыст скъоладзауæн разыны æфхæрæны хос, нæ йæ бамбары, нæ фæарæхсы йæ сæххæст кæнынмæ, æмæ канд йæхицæн нæ, фæлæ ма бинонтæн дæр тухæны хос сваййы. Ахæм уавæры хæдзармæ куыст сывæллонæн кæны æнæуынон, уый нæ, фæлæ ма йын æнæхъæн предмет дæр фенад кæны.

Мадæлон æвзаг ахуыр кæныны методикæйы хæдзармæ куысты фарстамæ æдзух æмхуызон цæстæй нæ кастысты, бирæ ахуыргæндтæ йæ нымадтой æнæахадгæ æмæ æнæпайда куыстыл. Ахæм хъуыдыйыл хæст уыд Л.Н. Толстой дæр. Фыссæг Ясный Полянæйы цы скъола байгом кодта, уым дæр сывæллæттæн хæдзармæ куыст нæ лæвæрдта, йæ хъуыдымæ гæсгæ, хæдзармæ куыст у «испорченный вечер ученика».

К.Д. Ушинский дæр хæдзармæ куыст нæ нымадта ахуыры процессы хицæн хайыл. Ахуыргондмæ гæсгæ, хæдзары баххæст кæнынæн цы хæслæвæрд лæвæрд цæуы, ууыл урочы бæстон æрдзурын фæхъæуы.

1917 азы фæстæ дæр ма хæдзармæ куыст дзæвгар рæстæг нæ уыд æнæмæнг æххæстгæнинаг хæслæвæрд, æрмæст æй XX æнусы 30-æм азтæй фæстæмæ нымайын райдыдтой скъолайы ахуырты системæйы хицæн хайыл.

Хæдзармæ куысты сæйраг нысантæй иу у скъоладзаумæ активондзинад æвзæрын кæнын – сфæлдыстадон, зонынадон, æмбарынадон активондзинад.

Хæдзармæ куыстæн цы ахадындзинад ис, ууыл дзурæг у, Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты йын цы бынат рахицæн кодтой, уый дæр. Уæрæсейы Ахуырады министрад ныффидар кодта сæрмагонд уагæвæрд «Положение о домашнем задании». Амынд дзы цæуынц хæдзармæ куыстмæ домæнтæ алы къласы дæр, хæдзармæ куысты хуызтæ, хæдзармæ куысты бæрц æмæ вазыгджындзинад, хæдзармæ куысты хицæндзинæдтæ дистантон ахуырады, хæдзармæ куыст куыд бæрæг кæнын хъæуы, уыдæттæ [3].

Хæдзармæ куыстмæ сæрмагонд æргом здæхт кæй цæуы, уый амонынц йæ ахадындзинадæй: «Домашнее задание осуществляется обучающимися в

домашних и иных условиях, в том числе в цифровой образовательной среде, и предусматривает выполнение обучающимися письменных и устных, практических, творческих, проектных, исследовательских работ в целях совершенствования, развития и практического применения формируемых в ходе урока предметных знаний и умений, универсальных учебных действий и их использования для решения учебных, учебно-познавательных и учебно-практических задач в соответствии с планируемыми результатами рабочей программы учебного предмета» [3].

Хæдзармæ куыстæн хæслæвæрд равзарыны æмæ йæ бабар кæныны хъуыддаджы ахуыргæнæгыл стыр бæрн æвæрд кæй ис, ууыл дзуры уагæвæрды ацы хъуыды дæр: «Домашнее задание может быть обязательным для выполнения всеми обучающимися и дополнительным, необязательным, выполняемым обучающимся по его желанию» [3].

Разы стæм хæдзармæ куысты уагæвæрды ацы амындимæ дæр: «Домашние задания не должны быть однообразными и шаблонными» [3].

Нырыккон скъолайы хæдзармæ куыстæн, уыимæ ирон æвзагæй дæр, ис йæхи сæрмагонд бынат ахуыры системæйы, нымайынц æй хибарæй æххæстгæнинаг куыстыл, рацыд æрмæг бафидар кæныны мадзалыл, æнæ хæдзармæ куыст урочы æрмæгæн нæй хорз бахъуыдыгæнæн. Фæлæ уæддæр ахуыргæнæг хъуамæ йæ зæрдыл дара ахæм амынд: «Необходимость домашнего задания должна быть обоснована. Если учитель может организовать работу так, что обучающиеся осваивают весь необходимый учебный материал на уроке, он может отказаться от домашних заданий на какой-то период» [ 3].

Куыд нымайынц, афтæмæй хæдзармæ куыстæн ис стыр хъомыладон ахадындзинад дæр – йæ фæрцы рæзы сывæллоны æнувыддзинад ахуырыл – сæфт нæу сывæллоны фæсурокты рæстæг, фæцалх вæййы бæрнондзинадыл. Уымæй уæлдай ма, раст лæвæрд хæдзармæ куыст скъоладзаутæм æвзæрын кæны ахуырмæ тырнындзинад, ахъаз у ахуырадон мотивацийы рæзтæн.

Ахуыргæнджытæ ирон æвзаджы урокты цы хæдзармæ куыстытæ раттынц, уыдон сæ дидактикон нысанмæ гæсгæ адих кæнæн ис ахæм хуызтыл:

- ног æрмæгмæ байхъусынмæ чи цæттæ кæны, ахæм хæслæвæрдтæ;
- рацыд æрмæг бафидар кæнынмæ арæзт чи у, ахæм куысты хуызтæ;
- скъоладзауты зонындзинæдтæ ахуырадон æрмæгæй парахатдæр æмæ арфдæр чи кæны, ахæм куысты хуызтæ;
- хибарæй кусынл чи æфтауы, ахæм куысты хуызтæ;
- программæйы æрмæджы арæнтæй чи хизы, фæлæ уый хыгъд ахуырдзауы хибарæй хъуыды кæнынл чи æфтауы, ахæм индивидуалон хæслæвæрдтæ.

Сæрмагонд къордмæ рахæссæн ис сфæлдыстадон куыстытæ (изложени, нывæцæн, ныв скæнын, цæстуынгæ æрмæг бацæттæ кæнын).

Ахуырдзаутæ, ирон æвзагæй хæдзармæ куыст æххæст кæнгæйæ, цы ахуырадон архæйдтытæ æххæст кæнынц, уыдонмæ гæсгæ рахицæн кæнæн ис хæдзармæ куысты ахæм хуызтæ:

- ирон æвзаджы ахуыргæнæн чингуыты лæвæрд текстимæ æмæ æндæр уæлæмхасæн информациимæ (дзырдуатимæ, мыхуыргонд текстимæ, Интернетимæ) бакусын;

- ирон æвзаджы ахуыргæнæн чингуыты лæвæрд фæлтæрæнтæ баххæст кæнын;

- фысгæ куыстытæ баххæст кæнын;

- ахуыргæнæджы (кæнæ скъоладзауы) æвзæрст темæйæ реферат кæнæ доклад ныффыссын. Стæмдæр хатт ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ скъоладзаутæн бабар кæнынц ирон æвзаджы урокмæ цæстуынгæ æрмæг бацæттæ кæнын æмæ а.д.

Ирон æвзаджы урокты хæдзармæ куыст фæбæрæг кæнынц алыхуызы мадзæлтты фæрцы:

- æрвылбоны контролæй пайда кæнгæйæ (кусæн тетрæдтæм æркæсгæйæ, беседæ-бафарст саразгæйæ);

- скъоладзау урочы рацыд æрмæгæй хæслæвæрдтæ куыд æххæст кæны, уымæ хъус даргæйæ;

- скъоладзауты сæ кæрæдзимæ фæрстытæ бацæттæ кæнынып бафтаугæйæ кæнæ сæ кæрæдзийы тетрæдтæм æркæсын кæнгæйæ æмæ а.д.

Хæдзармæ куыст фæбæрæг кæнынц хъазты хуызы дæр, йæ фæрцы ирон æвзаджы урочы цыд фæцымыдисагдæр вæййы. Ирон æвзаджы урок мидисджындæр æмæ ахадгæдæр скæнынæн ахуырдзауты бафтауынц кæрæдзи куыстытæ сбæрæг кæнынып, кæнæ та ерысы хуызы сæххæст кæнынæн раттынц хибарæй куыст.

Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ пайда кæнынц хæдзармæ куысты алы хуызтæй: индивидуалон, къорды куыст, фронталон (иумæйаг), сфæлдыстадон æмæ дифференциалон. Равзарæм хæдзармæ куысты алы хуыз дæр.

Индивидуалон хæслæвæрд. Хицæн скъоладзаутæн кæй бабар кæнынц, ахæм куысты хуызтæ нымайынц индивидуалон хæслæвæрдтыл. Индивидуалон хæслæвæрд хæдзармæ куыстæн раттæн вæййы карточкæтыл дæр. Хорз куысты хуызыл банымайæн ис ахуыргæнæн чиныджы иллюстрациимæ баст хæслæвæрд. Фæлæ, хъыгагæн, чиныджы иллюстраци арæхдæр рохуаты аззайы, фаг куыст не ’рцæуы хицæн къаннæг нывтыл дæр. Афтæмæй та ирон æвзаджы чингуытæй бирæтæ хорз ифтонг æрцыдысты сюжетон нывтæй. Ахуыргæнæджы куыстмæ цæст даргæйæ, æрцыдыстæм ахæм хатдзæгмæ.

Скъоладзауæн индивидуалон хæслæвæрд дæтгæйæ, ахуыргæнæг æркæсы, предметæй цы къуыхцытæ æййафы, кæнæ та йын хуыздæр цы уайы, цавæр интерестæ йæм ис, ирон æвзаг æмæ литературæйæ фылдæр йе ’ргом цæмæ здахы, уымæ. Ранымад уавæртæ ахуыргæнæгæн æнæмæнг хынцинаг уымæн сты, цæмæй хибарæй куыстмæ сывæллон зæрдиагæй бавнала, йæ куыст ын æхцондзинад æрхæсса. Хибарæй куыст раттынц карточкæйыл, кæнæ йæ ныффыссын кæнынц кусæн тетрады, боныджы.

Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ хибарæй æххæстгæнинаг хæслæвæрд раттынц ног æрмæгмæ рахизынæн æххуысæн дæр. Уæд, хибарæй куыст цы скъоладзау бацæттæ кæны, уый ахуыргæнæгæн фехххуыс кæны ног æрмæг амоныны рæстæг, иннæтæн радзуры йæ хъусынгæнинаг, ахуыргæнæджы амынд баххæст кæны дæнцæгтæй, кæнæ та уæлæмхасæн æрмæгæй фæхъæздыгдæр кæны урочы информаци. Ахæм куыст тынг цæуы скъоладзауты зæрдæмæ, ахуыргæнæджы фарсмæ лæугæйæ, се ’мбæлттæн ног информаци кæй хъусын кæнынц, уый сæ бæрзонддæр кæны иннæты цæсты, разæнгард сæ кæны ирон æвзаг æмæ литературæ хуыздæр ахуыр кæнынмæ дæр.

Индивидуалон хæслæвæрд хæдзармæ куысты хуызы раттынц лæмæгъ скъоладзаутæн дæр. Хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ, скъоладзау йæ зæрдыл æрлæууын кæны рацыд æрмæг, практикон куысты хуызтæ æххæст кæнгæйæ, фæфидардæр вæййынц йæ зонындзинæдтæ.

Иумæйаг хæдзармæ куыст раттынц скъоладзауты къордæн кæнæ дыууæ скъоладзауæн (къæйттæй куыст). Къорды куыст нымад у, ахуырдзаутæн сæ æппæт универсалон ахуырадон архæйдтытæ чи рæзын кæны, ахæм куыстыл. Зындгонд психолог П.Я. Гальперин фыста: «В сотрудничестве, под руководством, с чьей-то помощью ребенок всегда может сделать больше, чем самостоятельно…» [2].

Скъоладзаутæ къордæй цы иумæйаг хæдзармæ куыст æххæст кæнынц, уый вæййы æппæт къласы хæслæвæрды хицæн хай. Ахæм хæслæвæрд раттын фæхъæуы рагацау. Зæгъæм, ирон æвзаджы урочы темæ «Лексикæ» амонгæйæ, ахуыргæнæг рагацау скъоладзауты къордæн ратты хæс: бацæттæ кæнын викторинæйы фæрстытæ лексикæйæ. Викторинæйæ спайда кæнæн вæййы рацыд æрмæг бафидар кæнынæн. Темæйæ фæстаг уроктæй иуы скъоладзауты къордæй иу фæкæсы викторинæйы фæрстытæ, иннæ фæбæрæг кæны раст дзуæппытæ, æртыккаг æмæ цыппæрæм та фембырд кæнынц фысгæ хæслæвæрдты дзуæппытæ. Афтæмæй къорды уæнгтæ ииуылдæр фæархайынц урочы, сæ æрмæгæй пайда кæнгæйæ.

Ахæм иумæйаг хæдзармæ куыст фидардæр кæны сывæллæтты коллектив, бæрнондæр цæстæй кæсын райдайынц ахуырмæ, райрæзы се сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад, фæарфдæр вæййынц сæ зонындзинæдтæ предметæй. Иумæйаг хæслæвæрдыл кусгæйæ, ахуырдзаутæ фæцалх вæййынц

кærædзиимæ дзурыныл, райрæзынц сæм коммуникативон арæхстдзинæдтæ – баныхас кæнын, кærædзиимæ аивдæрæй дзурын, кærædзимæ хъусын зонын æмæ æнд.

Индивидуалон æмæ къорды æххæстгæнæн хæдзармæ куыстытæ хъæздыгдæр кæнынц скъоладзауты миддуне, сæ зонындзинæдтæ предметæй, æвзæрын сæм кæнынц алыхуызон практикон арæхстдзинæдтæ.

Фронталон хæдзармæ куыст ирон æвзагæй. Ахæм хæслæвæрд нæ ахуыргæнджытæ дæттынц арæхдæр, æмæ уымæ гæсгæ у традицион хæслæвæрд. Практикæ куыд æвдисы, афтæмæй йæ фæстиуджытæ уыйбæрц ахадгæ не сты – ницы ахъаз сты сывæллæтты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады рæзтæн. Фæлæ æнцондæр кæй у ахæм хæдзармæ куыст раттын, йæ бацамонын, уымæ гæсгæ йæм тынг æргом здахынц ахуыргæнджытæ.

Фронталон хæдзармæ куыст вæййы дыууæ хайæ арæзт, хæслæвæрдæн йæ иу хай арæзт вæййы теоретикон æрмæг бафидар кæнынмæ (раиртæст сахуыр кæнын), йæ иннæ хай та рацыд теоретикон æрмæгæй практикон куысты хуыз баххæст кæнынмæ (фæлтæрæн баххæст кæнын).

Ахæм хæдзармæ куыст арæзт у дидактикон принцип «теори æмæ практикæйы бастдзинад»-ы бындурыл, дзуапп дæтты ахуыры сæйраг домæнтæн, æххæст кæны ахуырадон æмæ хъомыладон хæстæ.

Хибарæй æххæстгæнæн хæдзармæ куыст у ахуыры процессы хицæн хай æмæ йæ равдисæн ис схемæйы хуызы: урок – хæдзармæ куыст – урок. Хатгай ахуыргæнджытæ, скъоладзауты цæттæдзинад хынцгæйæ, кæнæ хæслæвæрдæн йæ вазыгджындзинадмæ гæсгæ хæдзармæ лæвæрд хæслæвæрдмæ бахæссынц ивддзинæдтæ. Зæгъæм, фæрогдæр кæнынц куыст – æмæ уæд баххæст кæнын фæхъæуы фæлтæрæнæн æрмæст йæ кæцыдæр хай, кæнæ та ма йæм бафтауынц уæлæмхасæн куысты хуыз, зæгъæм, сфæлдыстадон куыст.

Бафиппайæн ис, традицион (фронталон) хæдзармæ куыст дæр ахуыргæнæгæй кæй домы лæмбынæгдзинад [1]. Хæдзармæ куыст дæтгæйæ, æркæсын фæхъæуы, æппæт скъоладзаутæ дæр сарæхсдзысты йæ баххæст кæнынмæ æви нæ, уымæ; хæслæвæрд цымыдисаг у, æви нæ; цавæр арæхстдзинæдтæ райрæзын кæндзæн скъоладзаумæ куысты хуыз. Зæрдылдаринаг у, хæдзармæ куыстæн кæй ис канд зонынадон æмæ практикон ахадындзинад нæ, фæлæ ма хъомыладон ахадындзинад дæр – сывæллонмæ гуырын кæны уарзондзинад предметмæ, фæразондзинад, бæрнондзинад. Хæдзармæ куыст баххæст кæнынæн скъоладзауы хъæуынц куыд иумæйагахуырадон арæхстдзинæдтæ, афтæ хицæн спецификон арæхстдзинæдтæ дæр:

- ахуыргæнæн чиныджы æлвæстæй лæвæрд теоретикон информаци æмбарын, сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци кæрæдзийæ хицæн кæнын, раиртæсты графикон амындтытæ иртасын æмæ æнд.;

- хæслæвæрдты комплексон характер иртасын, сæйраг æмæ уæлæмхасæн хæслæвæрдтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын; ахуыргæнæн чиныджы алыхуызон æвзæрстытæ æххæст кæнынæн лæвæрд бадзырдгонд нысæнттæ иртасын æмæ æнд.

*Цæмæй аразгæ у ахуырдзауы цымыдисдзинад хæдзармæ куысты хæслæвæрдмæ?* Ацы фарстæн дзуапп райсыны фæдыл 5-æм къласы скъоладзаутæн бацæттæ кодтам анкетæ. Фарст «Цавæр хæдзармæ куыст æххæст кæнын уарзут?»-æн сывæллæттæ радтой алыхуызон дзуæппытæ. Ахуырдзауты фылдæр хай нæ уарзынц æгæр стыр хæслæвæрдтæ æххæст кæнын, кæнæ стыр текст цы фæлтæрæнæн ис, уый кæнын (55%); иннæтæ нæ уарзынц сфæлдыстадон куыстытæ фыссын (сочинени, изложени, дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын) (20%); скъоладзауты иу хай нæ уарзынц таблицæтимæ кусын, таблицæтæ аразын (7%). Фæлæ ахуырдзауты ’хсæн ис, сфæлдыстадон куыстытæ æххæст кæнын чи уарзы, ахæмтæ дæр (13%). Хъыгагæн, разынд, хæдзармæ куыст ирон æвзагæй æххæст кæнын æппындæр чи нæ уарзы, ахæмтæ дæр (5%).

Нæ анкетæйы фæрцы стæй, ахуырадон процессмæ цæст даргæйæ, сбæрæг кодтам, скъоладзаутæ хæдзармæ куыст куыд æххæст кæнынц, уый, урочы куыд кусынц, уыимæ баст кæй у. Зæгъæм, урочы зæрдиагæй цы скъоладзау нæ архайы, уый хæдзармæ куыст дæр æххæст кæны æвæндонæй, скæны йæ æрмæст хаттæй-хатт. Фæлæ ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ цымыдисдзинад цы сывæллонмæ ис, уый никуы æрбацæудзæн урокмæ æдзæттæйæ.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ ахуыргæнджытæ се ’ппæт кæй нæ арæхсынц хæдзармæ куыст бæлвырд системæйыл дæттынмæ, ахуырдзауты хæдзармæ куыст баххæст кæнынмæ раст бацæттæ кæнынмæ, зонгæ не сты хæдзармæ куысты алыхуызон хуызтимæ. Ацы уавæр хынцгæйæ, бацæттæ кодтам, ахуыргæнджытæн зæрдылдаринаг.

*Цæмæ хъæуы хъус дарын, хæдзармæ куыст дæтгæйæ?*

1) хæслæвæрд хъуамæ æнгом баст уа, урочы цы æрмæг амынд цыд, уыимæ. «Для домашней работы предлагаются такие виды заданий, которые уже выполнялись обучающимися на уроке самостоятельно. Домашнее задание должно быть посильным для большинства учащихся класса» [3];

2) хæслæвæрд дæтгæйæ, хынцын хъæуы ахуырдзауты индивидуалон хицæндзинæдтæ, сæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ;

3) хæдзармæ лæвæрд хæслæвæрд хъуамæ ма уа, къласы кæй æхххæст кодтой, уыцы куыстытæй зындæр, фæлæ уæддæр «по степени трудности домашнее задание должно быть примерно равным или несколько легче тех, что выполнялись на уроке» [3];

4) æнæмæнг баххæстгæнинаг хæслæвæрдтæ хъуамæ алкæй бон дæр уа сæххæст кæнын;

5) хæдзармæ куыстæн раттын фæхъæуы 2-3 куысты хуызы, цæмæй алы скъоладазуæн дæр йæ бон уа хæслæвæрдтæй иу равзарын; хæслæвæрдтæ сæ вазыгджындзинадмæ гæсгæ хъуамæ уой алыхуызон, уæд скъоладзау æвзардзæн, йæ бон баххæст кæнын цы куысты хуыз у, уый, æнæмæнг æй æхххæст кæндзæн;

6) хынцын хъæуы æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи (хæдзармæ куыст нæй уæгъд бонты, бæрæгбонты æмæ каникулты дæттæн).

Зæрдыл дарын хъæуы ахæм амындтытæ дæр:

– хæдзармæ куыст хъуамæ ма уа æгæр стыр;

– ахуыргæнæг хъуамæ ног æрмæг амоныны хæстæ хæдзармæ куысты фæрцы ма æхххæст кæна, ног æрмæг скъоладзауæн хæдзары хибарæй ма æвзарын кæна;

– хæдзармæ куысты хæслæвæрдтæ урочы амонын хъæуы æнæмæнг, дзæнгæрæгимæ нæ, фæлæ раздæр.

Стыр ахадындзинад ис, æмæ урочы ахсджиаг хæсыл нымад цæуы хæдзармæ куыст бæрæг кæнын. «Проверка домашнего задания является обязательной частью урока и учитывается учителем при планировании урока» [3]. Уыимæ бафиппайæн ис, хæдзармæ куыст бæрæггонд куы нæ цæуа, уæд æй скъоладзаутæ кæй нал æхххæст кæндзысты, сæ цымыдисдзинад йæ баххæст кæнынмæ кæй фесæфдзæн, уый. Уæлдай хъусдард цæуы лæмæгъ скъоладзауты зонындзинæдтæ бæрæг кæнынмæ: «Ежеурочно проверяется домашнее задание у слабоуспевающих обучающихся по учебному предмету» [3].

Сфæлдыстадон хæдзармæ куыстытæ рæзын кæнынц скъоладзауты сфæлдыстадон гæнæнтæ. Ахæм хæслæвæрдтæ нымад сты æнætрадицион куысты хуызтыл, æхххуыс сты канд рацыд æрмæг бафидар кæнынæн нæ, фæлæ ма рæзын кæнынц сывæллоны хъуыдыкæнынад, разæнгард æй кæнынц хибарæй архайынмæ. Ахæм куысты хуызтыл методикæйы нымад сты:

- урокмæ бацæттæ кæнын дзырдуатон диктант;
- темæйæ фæрстытæ бацæттæ кæнын;
- темæйæ бацæттæ кæнын æнцойгæнæн таблицæтæ/кластер;
- темæйæ бацæттæ кæнын тестытæ.

Ахæм куысты хуызтæ урок кæнынц цымыдисагдæр, фæрæвдздæр вæййы скъоладзауты куыст, сæ хъуыдыкæнынад; скъоладзаутæ ахуыр кæнынц рацыд æрмæгæн æриугонд скæныныл, хатдзæгтæ кæныныл.

Цæмæй хæдзармæ куыст сывæллонæн уарзон хæслæвæрд суа, цæмæй йæ баххæст кæнынмæ зивæг ма кæна, уый тыххæй хæслæвæрдыл ахуыргæнæджы бакусын фæхъæуы рагацау, ахъуыды кæнын фæхъæуы, куыд хуыздæр æй бацамонæн ис, ууыл дæр.

Уымæй уæлдай, ма урочы темæ æмæ, къласы цы куыст æххæст кодтой, уымæ гæсгæ, хæдзармæ куыстæн раттæн ис ахæм сфæлдыстадон хæслæвæрдтæ:

- текстмæ (литературон уацмысмæ) кæнæ хи фыст сочиненимæ иллюстраци сныв кæнын;

- дзырдуатон куыстæн бацæттæ кæнын карточкæтæ дзырдтимæ кæнæ предметон нывтимæ;

- темæмæ диалог æрхъуыды кæнын;

- рацыд æрмæгмæ гæсгæ дзырдбыд саразын æмæ æнд.

- проектон куыст баххæст кæнын.

Кæцыдæр хæслæвæрдтæ бабар кæнæн ис скъоладзауты къордæн, кæцыдæртæ та – раттæн индивидуалон куысты хуызы.

Ахуырдзаутæм цымыдисаг кæсы ахæм хæслæвæрд: партæйыл дæ фарсмæ чи бады, уымæн темæйæ хæдзары баххæст кæнынæн хæс бацæттæ кæнын.

Хæдзармæ куысты эффективондзинад аразгæ у ахуыргæнæджы раст архайдæй, куыд æй бацамоны, цы куысты хуыз равзары, уымæй. Уыимæ зæрдыл дарын хъæуы, хæдзармæ куысты хæслæвæрдтæ куыд æххæст кæнын хъæуы, уый ахуыргæнæг кæй амоны, хæдзармæ куыст куыд сæххæст кодтой, уый бæрæг кæнгæйæ дæр. Куыст куыд æххæстгонд цæуы, уый та дзуры скъоладзауты ахастыл предметмæ, сæ разæнгарддзинадыл предмет ахуыр кæнынмæ.

*Спайдагонд литературæ:*

1. Баранов М. Т. Проверка домашнего задания по русскому языку в 4–8 классах/ М. Т. Баранов// РЯШ. - 1975. - № 4.

2. Гальперин П. Я. Методы обучения и умственного развития ребенка. М.: Изд-во Моск.ун-та, 1985. - С.3-9.

3. Положение о домашнем задании, утверждено Приказом Министерства просвещения РФ №1305 от 30.12.2022. URL: https://shkola3lyantor-r86.gosweb.gosuslugi.ru/netcat_files/30/69/Polozhenie_o_domashnem_zadanii_podp.pdf

***Габеты Лаурæ,***
РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады сæйраг специалист

**Ирон литературæ æмæ критикæйы гуырæн заман**

Ирон литературæйы историйы фарстатæ æвзарыны хъуыддаджы, афтæ зæгъæн ис, æмæ къухы бафтыд бæрæг æнтыстытæ. Мыхуыры рацыдысты сæрмагонд монографитæ ирон литературæйы классиктæй се 'ппæтыл дæр, рухсмæ фæзындысты ирон литерæтурæйы зонадон историйы фыццаг дыууæ томы, ирон литерæтурæйы историйы очеркты чингуытæ. Ирон литературæйы тыххæй ма-иу уацтæ фæзынд Гуырдзыстоны, Мæскуы æмæ æндæр рæтты газеттæ æмæ чингуытæ.

Литературæиртасджытæ се ′ргом аздæхтой советон литературæйы 20-30-æм азты рæзтмæ, социологон аспект ссис културæ æмæ литературæйы историйы актуалон ныхасаг, куыд коммунистон, афтæ æхсæнады хæрзæгъдауæн нормæ.

30-æм азты ирон критикæ сæйрагдæр архайдта ног литерæтурон фæзындтыл, анализ кæнын æмæ ивгъуыд културон бынты эстетикон аргъ фæлгъауынил. Ацы дыууæ фарстайы æмхуызон ахсджиаг уыдысты социалистон културæ аразыны хъуыддаджы æмæ нæ иртасæн куысты бацахстой ахстиаг бынат. Уыйадыл, куыстыл æвæрд и дыууæ вазыгджын проблемæйы: царды æцæгдзинад æмæ нывгæнæджы концепции 30-æм азты литертæтурон критикæйы, стæй традицитæ æмæ ногдзинад кæрæдзимæ цы цæстынгас дардтой, уый. Ацы проблемæтæ æвзæрст цæуынц конкретон æрмæджы бындурыл, баст сты æндæр фарстатæ æмæ хъуыддæгтæ дæр. Сæрмагондæй хъус æрдарын хъæуы, сæ заманы критикæйыл тынг чи фæзынд, уыцы литературон тохтæ æмæ къордты быцæуты анализтæм, Ирыстоны пролетарон фысджыты организацийы фæзындмæ, аивадмæ сын цы раппон цæстæнгас уыд, уымæ, иуæй-иу критикты вульгарон-социологон концепцитæ, ирон критикæйы социалистон реализмы æмбарынад æмæ аивадон идейæйы равзæрдмæ æмæ а. д.

Критикæ æнæ литературон уацмыстæй нæ равзæры æмæ нæ цæры: «…искусство и литература идут рука об руку с критикой и оказывают взаимное действие друг на друга», афтæ фыста Белинский. Цæвиттон, вæййы аив литературæ, фæлæ нæма вæййы литературон критикæ. Уæлдайдæр та, дзырд национ литературæ кардзæуæныл куы цæуа, уæд. Æмæ йæ аххосæгтæ вæййынц алыхуызæттæ, бамбарæн сын ис, литерæтурæ цы адæмы удыхъæд æвдисы, уый. Уыцы адæмы социологон-политикон æмæ културон царды уавæртæй, йæ ахадындзинад Ирыстоны дæр уыд стыр.

Газеттæ æмæ журналтæ нæм куы фæзындысты, уæд та сæ цæрын нæ уагътой, уайтагъд-иу сæ сæхгæдтой. Афтæмæй литературон критикæйы национ традицитæн рæзæн нæ уыд. Сæйраг цæлхдуртæн банысан кæнын хъæуы «æппæты реакциондæр паддзахадон æвæрд»-царизм, чысыл адæмтæ фыдкарз, æфхæрд» кæм аййæфтой. Цыфæнды къаннæг национ-културон хъуыддагæй дæр æнæхъæл уыдысты стыр фыдбылыз æгас паддзахады æнцойдзинадæн æмæ йæ æгъатырæй хуыдуг кодтой. Ахæм уавæрты литерæтурон критикæйы рæзты зын у дзурын дæр.

Ирыстоны, Октябыры революцийы фæстæ, литературон - критикон хъуыдыйы рæзтæн, тынг фæахъаз ирон историко - филологон æхсæнады куыст. Æмбырд æрцыдысты хицæн фысджыты уацмыстæ æмæ сфæлдыстад, се ′мбырдты кодтой критикон ныхас, фыстой цыбыр рецензитæ. 1925-1926 азты Цæгат Ирыстоны зонадон - иртасæн институт

арæзт æрцыд, æмæ, уæд дыууæ томæй рацыдысты, уый онг критикæйы жанры цыдæриддæр æрымбыр, уыдон- хицæн рецензитæ æмæ сæ суагъæтæй райдайгæйæ уæрæх фыст уацты онг. Сты дзы советон дуджы ирон литературон - критикон хъуыдыйы райдианы ахадгæдæр критикон уацтæ - фылдæр ивгъуыд литературон бынтæн аргъгæнæг. Бынтæ, куыд нæ монон царды уидæгтæ, æнцон æмбарæн æмæ рафæлгъауæн нæ уыдысты. Фæлæ ноджы зындæр та уыд, уыдон ног заманимæ сбæттын, цæмæй коммунистон цардыуагыл аудой.

Нæ культурæйы раззагъды лæгтæ 20-æм æнусы райдиан: Гæдиаты Цомахъ, Бекъойты Гиуæрги, Тыбылты Алыксандр æмæ иннæтæ æмбæрстой уый, æмæ уымæ гæсгæ дыууынæм азты фыццаг æрдæджы къуындæг æмæ тыхст уавæрты дæр ахсджиаг хъуыддагыл нымадтой ирон культурæйы зынгæдæр архайджыты сфæлдыстадон бынтæ ахуыр кæнын æмæ иртасын, уыдонæн нæ адæмы царды цы стыр бынат ис, уый бацамонын.

Литературæиртасджытæй æмæ ирон критикæ, уæлдæр цы авторты кой ракодтам, уыдоны уацтæ хаст цæуынц литерæтурæйы историмæ, литерæтурон критикæйыл сæ нæ нымайынц. Ома, ивгъуыд рæстæджы чи цард, уыдоны фыстытæ хауынц историмæ – Хетæгкаты Къоста, Гæдиаты Секъа, Мамсыраты Темырболат æмæ иннæтæ сты ирон литерæтурæйы истори, уымæ гæсгæ уыдоны тыххæй фыст уацтæ хауынц литерæтурæйы историмæ.

Литературæйы архайдæн стыр нысаниуæг уыд Гæдиаты Цомахъы куыст. Эстетикон æмæ æхсæнадон куыст, Цомахъæн фидар баст уыдысты Хетæгкаты Къостайы революцион - демократон традицитыл. Цомахъы уацты фыццаг хатт анализгонд æрцыд ирон литерæтурæйы классикты сфæлдыстал æмæ цы методологон принциптæй сæ рафæлгъаудта, уыдон æмткæй райсгæйæ сæ тыхы сты абон дæр.

Ирон литературæйы дыууынæм азты фыццаг æмбисы фылдæр архайдтой, зæронд царды скъола чи рацыд, зындзинæдтæ дзы фылдæр чи бафæрæзта, уыдон, уымæ гæсгæ сæ архайд, сæ куыст дæр уæзбындæр, бонзонгæдæр уыд. Сындæккай уавæр ивын райдыдта дыууынæм азты æмбисæй фæстæмæ. Уыцы рæстæг ирон литерæтурон змæлды бæсты астæу уыд пролетарон фысджыты ассоциации «Зиу»,- дыууынæм азты дыккаг æмбис æмæ æртынæм азты райдиан ирон литерæтурæ æмæ критикæйы рæзты зынгæ фæд чи ныуагъта.

Ирон фысджыты хъуыддæгтæ 1930-æм азмæ афтæ сæмхæццæ сты, æмæ дзы пролетарон чи уыд æмæ чи нæ уыд, уый дæр ничиуал зыдта. Рæтæг куыд цыд, афтæ домдта царды судзаг фæрстытæн конкретон дзуæппытæ. Литерæтурон бынтæ иудадзыг куыд фаудзаг, æнад кодтой, уымæн быхсæн нал уыд. Быхсæн нал уыд, организацион фарстаты цы уавæр сæвзæрд, уымæн дæр. Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссары

пролетфысджыты ассоциацитæн кæрæдзимæ ницыуал бастдзинад уыд. Ацы хъуыддæгтæ хъуыд æрбæстон кæнын.

Афтæмæй 1930 азы 10-16 октябры Цхинвалы æрæмбырд сты æппæт Ирыстоны пролетарон фысджытæ сæ фыццаг съездмæ. Кæд пролетарон фысджыты съезд хуынд, уæддæр дзы архайдтой æппæт фысджытæ дæр. Уый уыд, дыууынæм азты Ирыстоны пролетарон литерæтурон змæлды фæндæгтæ иууылдæр кæм æмбырд сты, ахæм æлхцынц. Йæ размæ цы нысæнттæ æвæрдта, уымæ гæсгæ сси йæ заманы Ирыстоны литерæтурон царды сæйраг цау æмæ нæ литерæтурæйы историмæ бацыд куыд æппæт сфæлдыстадон тыхтæ иугæнæг съезд.

Сæйраг доклад съезды уыд, Ирыстоны пролетарон литерæтурæйы фæндæгтæ, зæгъгæ ахæм темæйыл скодта Хъуылаты Созырыхъо. Уый аив литературæйы сæйрагдæр фарстатыл банымадта царды æцæгдзинад фæлгъауын. Фæлæ нæ адæмы цард æмæ зонды цы стыр социалон æмæ психологон ивдтытæ æрцыд, уыдон фенын æмæ раиртасын фыссæгæй домдта философы фæлгъауæг хъуыды æмæ нывгæнæджы уынаг цæст. Не ′взонг пролетарон фысджытæ та хъуаг уыдысты уыцы миниуджытæй.

Йæ цæстынгасæй Созырыхъо сарæзта уацмысты социалон-къласон апмæ. Объективон аргъ скодта иуæй-иу факттæ æмæ уацмыстæн дæр, фæлæ уæддæр йæхи нæ бахызта бæрæг хъæндзинæдтæ æмæ рæдыд хъуыдытæй. Йæ сæйрагдæр рæдыд уый уыд, æмæ советон литературæ кæй иртæста æппæт национ литературæйæ. Афтæ йæм каст, цыма литературæ размæдзыддæр уа, уыйас тынгдæр хъуамæ æрцæуа дихгонд: «Нæ литерæтурæ фæтæзад кæй у, уымæ гæсгæ хицæн къордтæ скæныны онг кæд нæма бахæццæ стæм»[1]

Созырыхъо йæ доклады рæдыд хатдзæгмæ кæй тасыд, уымæн йæ аххосаг уыд, йæ доклад сæрысуангæй сахъат методыл кæй снывæста, уый мидæг,- йæ уд хъардта цæхамдæр сæрмагонд пролетарон литературæ æмæ советон фысджытæ «саразыныл». Уыимæ дзырдта афтæ, цыма æппæт хъуыддæгтæн иунæг йæхæдæг уыд æфсин, ахæм админстративон, диктаторон хъæлæсы уагæй. Афтæ ′нхъæлдта, цыма лæгдыхæй, æрсидтытæй бакæнæн ис цæмæндæриддæр. Уыйадыл йæ бон нæ бацис ирон аив литературæ æмæ литературон царды зынгæдæр факттæ æмæ фарстаты тыххæй æмбаргæ хъуыдымæ æрцæуын æмæ сæ раст алыг кæнын.

Æмткæй райсгæйæ, банымаинаг у литературон бынты фæдыл Къосыраты Сæрмæты доклад. Бæрæг у, ацы фарстайыл кусгæйæ Сæрмæт йæ раздæры рæдыд хъуыдытæй кæй скодта раст хатдзæгтæ, пайда кодта культурон бынтæн аргъ кæныны тыххæй Ленины хъуыдытæй. Бафиппайын ма хъæуы уый дæр, æмæ доклады фæдыл съезды цы резолюции райста, уый канд Сæрмæты æмæ иннæ пролетарон фысджыты хъуыды нæ уыд, фæлæ хистæр фæлтæры фысджыты хъуыды дæр.

## *2023 аз – Ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы аз*

### Пайдайаг фембæлдтытæ

Уæрæсейы президент Владимир Путины уынаффæмæ гæсгæ 2023 аз банымадтой ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы азыл. Ахуыргæнæджы номæн ахæм стыр кад кæй скодтой, уый хуымæтæджы нæу. Зæгъæн ис, æмæ царды къæпхæнтыл уæндон къахдзæфтæ чидæриддæр акодта, уыдонæн се 'ппæтæн дæр ныфсæвæрæг æмæ зондамонæг уыдысты сæ ахуыргæнджытæ.

Абон Ирыстоны скъолаты рæзгæ фæлтæрæн ирон æвзаг æмæ литературæ амонынц бирæ курдиатджын ахуыргæнджытæ. Ирон дзырдмæ уарзондзинад, ирон дзырдæн лæггад кæныны фарн уыдон иууылдæр рахастой Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ирон филологийы факультетæй.

Ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы азы номыл ирон филологийы факультеты арæзт цæуы алыхуызон мадзæлттæ, уыдонимæ – хуыздæр ахуыргæнджытимæ фембæлдтытæ. Ирон филологийы факультеты студенттæ арæх фембæлынц факультеты раздæры рауагъдонтимæ, республикæйы скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæ чи амоны, уыцы курдиатджын ахуыргæнджытимæ. Уыцы фембæлдтытæ сын дæттынц хорз зонындзинæдтæ ирон æвзаг æмæ литературæйы методикæйæ, бæлвырддæр сæ зонгæ кæнынц сæ фидæны дæсныйадимæ, æххуыс сын сты сæ зонындзинæдтæ бавзарынæн.

Факультеты студентты зæрдæты арф фæд ныууагъта Алагиры 3-æм скъолайы ахуыргæнджытимæ фембæлд апрелы мæйы. Ацы скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнæг ***Датиты Маринæимæ*** æмгуыст кæнынц технологийы ахуыргæнæг ***Тедеты Алик,*** нывкæнынады ахуыргæнæг ***Цгъойты Дилярæ*** æмæ райдайæн къæсты ахуыргæнæг ***Кцойты Маринæ.*** Нырыккон информацион технологиты фæрцы рæзгæ фæлтæрæн уарзын кæнынц ирон æвзаг. Сæ иумæйаг куыст æппæт республикæйы скъолатæн бафæзминаг кæй у, уымæ гæсгæ сæ республикæйы Ахуырады министрад æмæ Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институт арæх ахонынц ахуыргæнджытимæ фембæлдтытæм.




Алагиры 3-æм скъолайы ахуыргæнджытæ студентты базонгæ кодтой нырыккон ахуырадон технологитимæ, радзырдтой сын, ахуырадон технологитæй мадæлон æвзаджы урокты куыд пайдагæнæн ис, уый тыххæй. Уæлдай цымыдисаг фæкаст студенттæм, ахуыргæнджытæ сывæллæттимæ ирон литературæйы урокты цы буктрейлертæ цæттæ кæнынц, уыдон. Ацы технологи сывæллæттæм цымыдисаг кæй кæсы, уый дызæрдыггаг нæу. Разæнгард сæ кæны литературон уацмыстæ кæсынмæ.

Цымыдисаг уый у, æмæ Алагиры ахуыргæнджытæ студентты ацы технологиимæ канд зонгæ кæй нæ бакодтой, фæлæ ма сæ ирон литературæйы уацмыстæм гæсгæ хи буктрейлертæ аразын дæр кæй сахуыр кодтой, уый. Студентты зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд ацы куыст, æмæ ныридæгæн сæхæдæг бацæттæ кодтой цалдæр буктрейлеры ирон литературæйы программæйы уацмыстæм гæсгæ.

Ныртæккæ ирон филологийы факультеты студенттæ сæхи цæттæ кæнынц ирон æвзаджы ахуыргæнджытимæ фембæлдмæ. Ног ахуыры азы къæсæрыл сæ базонгæ кæндзысты сæхи арæзт методикон æрмæджытимæ.

Абоны цард, нæ адæмы, нæ культурæйы, нæ ахуырады, не 'взаджы уавæр нæ размæ цы хæстæ æвæры, уыдон сæххæст кæнæн ис æрмæст иумæ, æрмæст кæрæдзимæ æнгом, уæхски-уæхск æрбалæугæйæ. Уымæн æвдисæн ирон филологийы факультеты студентты æмæ Алагиры 3-æм астуккаг скъолайы ахуыргæнджыты æмархайд.





## ***Педагогон коучинг ирон æвзаг æмæ литературæйы æрыгон ахуыргæнджытимæ***

Ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы аз нæ институтæн райдыдта цалдæр ног куысты хуызæй. Кафедрæйы кусджытæ бацархайдтой ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнджытимæ иумæ цалдæр ног ахуырадон мадзалы бацархайын, уыдонæй иу – педагогон коучинг (ахуыртæ æрыгон ахуыргæнджытæн).

Коучингы методикæ рагæй хъуыстгонд у педагогикæйы, спайда дзы кæнынц цыбыр рæстæгмæ фæлтæрддзинадимæ базонгæ кæныны тыххæй.





18-æм апрелы нæ институты арæзт æрцыд педагогон коучинг ирон æвзаджы æрыгон ахуыргæнджытæн æмæ ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты студенттæн. Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ ***Цæлаггаты Светланæ, Бибайты Мæдинæ, Гæбуты Маринæ, Гæззаты Иринæ*** æмæ ***Плиты Ланæ*** коучингы рæстæг æрыгон ахуыргæнджыты æмæ студентты ахуыр кодтой сæ дæсныйады сусæгдзинæдтыл, лыстæг æвзæрстой ныryккон домæнтæ ирон æвзаджы урокмæ, семæ иумæ бацæттæ кодтой урочы алы хай дæр.





## *Методикон ринг рæвдауæндæтты хъомылгæнджыты æхсæн*

30-æм майы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты арæзт æрцыд методикон ринг рæвдауæндæтты хъомылгæнджытимæ. Архайдтой дзы, рæвдауæндæтты сабитимæ хъомыладон куыст ирон æвзагыл чи кæны, сывæллæтты иронау дзурын чи ахуыр кæны, уыцы специалисттæ.

Методикон ринг-ерысы архайджытæ сæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ æвдыстой, къорды кусгæйæ. Цы фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æххæст кодтой, уыдон уыдысты методикæйæ, бынæттон æрмæгæй æмæ ирон сывæллæтты литературæйæ.

Сæ дзуæппытæн сын аргъ кодтой: Будайты Милуся, ирон сывæллæтты фыссæг; Сæлбиты Дианæ, сывæллæтты журнал «Ногдзау»-ы редактор; Бодзырты Иринæ, Беслæны 10-æм рæвдауæндоны сæргълæууæджы хæдивæг; Дзантиаты Мæдинæ, Дзæуджыхъæуы 99-æм рæвдауæндоны хъомылгæнæг. Жюрийы сæрдар – Джанайты Ларисæ, ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг.

Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ æмæ хъомылгæнджытæ! Базонгæ ут методикон рингы фæрстытимæ. Фæнды нæ, цæмæй ацы куысты хуыз дарддæр дæр æххæстгонд цæуа, фæрстытæ æмæ йын хæслæвæрдтæ та хъомылгæнджытæ æмæ ахуыргæнджытæ сæхæдæг куыд цæттæ кæной.



***I. Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ методикæйæ.***

*Ерысы 1-аг хай.*

*1-аг фарст.* Цавæр ахуыргæндтæ æмæ педагогтæ бахастой сæ æвæрæн рæвдауæндæтты ирон æвзаг амоныны методикæмæ? Цас фылдæр ранымайат, уый бæрц хуыздæр.

Дзуапп бацæттæ кæнынæн уын 2 минуты. ( Гуыриаты Меретхан, Джимиты Кларæ, Дзадзаты Риммæ, Цæкулты Азæ, …..)

*2-аг фарст.*

Хъомылгæнæг æмæ бинонты æхсæн бастдзинады традицион формæ цавæр у?

(ныййарджыты æмбырд)

*3-аг фарст.*
Цавæр куыст сараздзыстут, ацы аргъау амонгæйæ?

Уæздан цъиу

Иу изæр хъаз йæ дыууæ цъиуимæ доны былæй æрбацæйцыд. Уалынмæ дын æрлæууыд, систа зæххæй мæнæуы гага æмæ фæрсы йæ цъиуты:

- Уæ кæцыйæн æй раттон? Сымах дыууæ стут, гага та – иу.

- Мæнæн æй ратт! Æз тыхджындæр цъиу дæн æмæ дын тагъддæр айрæздзынæн! – загъта нард цъиу.

- Ды та цы зæгъыс?- бафарста мад йæ мæллæг цъиуы.

- Ахæр æй дæхæдæг æмæ нын фылдæр фæцæрай, - загъта къаддæр цъиу.

- Хæлар дын уæд, мæ уæздан хъæбул, - сдзырдта ма мад æмæ хоры гага мæллæг цъиуы дзыхы атъыста.

*4-æм фарст.*

Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Гино»-мæ гæсгæ мнемотаблицæ саразын. (5 минуты)

*5-æм фарст.*
Ацы æмдзæвгæ цавæр æнæтрадицион куысты хуызтæй бацамониккат?

ФЫДУАГ ЧЫЗГ ИРÆ

Сыстади æрæджиау Ирæ, -
Уый хуыссын куы уарзы бирæ.
Цъындатæ нынтъыхта къуыммæ,
Скодта ног къаба зыгъуыммæ…

Сбадти бандоныл, ныссабыр –

Галиумæ кæны йæ дзабыр.
Аскъуыдта йæ бæндæн худæн,
Бахсыдта йæ былтæ дзулæн.

Сбаста гинойы æндахæй,
Стæй йæ бакъуырдта йæ къахæй,
Уæдæ, дам, нæ чысыл агæй
Дон цæмæ сдæры æвзагæй?      (Гусалты З.)

*Ерысы 2-аг хай.*

**Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ сывæллæтты литературæйæ æмæ адæмон сфæлдыстадæй.**

*1-аг фарст.*

Ацы авторы куыстытæй нæм æрхæццæ æрмæст æртæ æмдзæвгæйы.

Фæлæ йе ’мдзæвгæтæй иу сабитæн уæлдай уарзон у. Æмдзæвгæйы сæйраг архайæг у хæдзарон фосы лæппын. Чи у уыцы фыссæг? Цавæр æмдзæвгæйы кой кæнæм?

Дзуапп: Хъайтмазты Аслæмырзæ, æмдзæвгæ «Сидзæр».

*2-агфарст.*

Ирон аргъæуттæй кæцыйæ æрбацыдысты ацы персонажтæ ?
(НЫВ «Мыст йæ фыртæн ус куыд куырдта»)

*3-аг фарст.*

Цавæр ирон аргъауæй сты ацы ныхæстæ? Чи сæ кæмæн загъта?

Уæд дын рувас йæхинымæры бахудт æмæ загъта:
— Цæй, ….. аргæвдæм дæ æмæ дæ бахæрæм, стæй уалдзæджы кæрдæг куы сцъæх уа, уæд дæ райгас кæндзыстæм. Мах дæ куы аргæвдæм, уæд дæ æгас дæр ракæндзыстæм; дæхи æгъдауæй куы амæлай, уæд дын райгасгæнæн нал ис.

Дзуапп: аргъау «Теуа йе ’нæзондæй куыд фесæфт».

*4-æм фарст.*

Уыцы гыццыл лæппу тынг бирæ уарзы йæ дзибаты. Чи у? Кæцы æмдзæвгæйæ нæм æрбацыд? Чи йæ ныффыста?

«Кимы дзибатæ». Цæрукъаты Валодя

*5-æм фарст.*

Цы иу кæны ацы нывты?
(Хетæгкаты Къостайы уацмыстæм гæсгæ нывтæ)

*6-æм фарст.*

Цавæр сывæллоны къæхтæ уынут нывы? Чи уыд уыцы сывæллон? Чи у нывы автор? Куыд хуыйны? Дзуапп: Хетæгкаты Къоста. «Дондзау»

*7-æм фарст.*

Кæцы нывæй ист у ацы куыдз? Чи йæ сныв кодта? Куыд хуыйны ныв?

Дзуапп: Хетæгкаты Къоста, ныв «Дурсæтджытæ»

*8-æм фарст.*

Кæй ләппуйы сныв кодта Хетæгкаты Къоста йæ зындгонд ныв «Дурсæтджытæ»-йы? Цы зонут уыцы цауы тыххæй?

Дзуапп: Санаты Ибрагимы ләппуйы сурæт.

*9-æм фарст.*

Куыд зонут ирон сывæллæтты æвзаг? Чи фылдæр дзырдтæ зоны сывæллæтты æвзагæй.

Дзуапп: Гакк, гукк, уыццы, бипп, гæццотæ …

*10-æм фарст.*

Сывæллæттæн фыст æмдзæвгæтæй кæцыйы цæуы ацы фæрдгуыты кой? Чи йæ радзурдзæн? Йæ автор чи у?
(æвдисы хъулон хъæдуртæй арæзт фæрдгуытæ)

Мæ нана

Нæу мæнæн мæ бон зæгъын,

Цас уарзын нанайы.

Фыны дæр йæ фæлмæн худт

Цæстытыл фæуайы.

Зымæгмæ мын бавæры

Чырыны фæткъуытæ

Хъулон хъæдуртæй мæнæн

Саразы фæрдгуытæ.                    Цæгæраты Гиго

*11-æм фарст.*

Иу фарст та уын сывæллæтты фыссæг  Будайты Милусяйæ.

**III.     БЛИЦ-БАФАРСТ.**

Ныртæм гæсгæ базонут æмбисæндтæ æмæ æнгом дзырдбæстытæ.

- Цавæр æмбисонд бамбæхст ныры?

- Базонут æмбисæндтæ.

**IV-æм хай.**

1. *Пайда кæнæм журнал «Ногдзау»-æй*

Филворд баххæст кæнут. Цавæр дзырдтæ уын дзы рауаид. Æртæ минуты уын ацы хæсæн. Чи фылдæр? Чи тагъддæр?

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Х** | **С** | **Æ** | **И** | **Б** | |
| **Æ** | **Р** | **В** | **Л** | **Æ** | |
| **Н** | **О** | **У** | **Æ** | **Х** | |
| **Æ** | **Л** | **Л** | **О** | **Й** | |
| **Ф** | **В** | **Б** | **Д** | **Г** | |
| **А** | **Р** | **Ы** | **О** | **А** | |
| **З** | **Д** | **Н** | **Н** | **С** | |

**2.** Нæ зынаргъ хъомылгæнджытæ! Иу фарст уын Танделаты Розæйæ. Дæ хорзæхæй, Розæ.

1) Цы хуыйны ацы рагон дзаума? Цæмæн хъуыд? (æвдисы рагон хæдзары дзаума)

2) Авдæны хуыссæнгæрзтæ ранымайут

Гобан гæбына, …



3. Тагъддзуринаг рæвдздæр чи ацахуыр кæндзæн.

Бæхты къæхты къыбар-къыбур,

Сармадзанты гыбар-гыбур,

Топпыты къæр-къæр,

Нæмгуыты гæр-гæр.

Иу ранæй хъуысы æхситт,

Иннæ ранæй – къуыззитт,

Чи кæны сыр-сыр,

Чи – сонтæй чыр-чыр.

4. Равдисут, ацы дзырдтæ цы нысан кæнынц, уый.

Уылынг –

Уыдисн –

Вæзн –

5. Цы нысан кæны дзырд «хæрзæггурæггаг» æмæ куыд баст у сывæллонимæ?

6. Цы зонут цæуæггаджы тыххæй? (Кæй дзуапп æххæстдæр у, уый амбулы)

7. Сфæлдыстадон конкурс (рагацау хъуамæ бацæттæ кодтаиккой иу сфæлдыстадон номер)





*Кæронбæттæн ныхас*

## *Ахуыргæнджыты олимпиадæ*

Ахуыргæнæджы æмæ зондамонæджы азы кадæн июны мæйы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институт ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн скодта олимпиадæ ирон æвзаг æмæ литературæйæ.

Олимпиадæйы фæрстытæ цæттæ кодтой канд институты кафедрæйы кусджытæ нæ, фæлæ ахуыргæнджытæ, ахуыргæндтæ æмæ ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты студенттæ.

Ахуыргæнджыты олимпиадæйы архайдтой ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ.

Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ! Базонгæ ут олимпиадæйы фæрстытимæ. Курæм уæ, цæмæй иннæ хатт активондæрæй бацархайат олимпиадæйы. Хорз уаид, олимпиадæйæн хæслæвæрдтæ цæттæ кæнынмæ дæр нæм куы фæкæсиккат, уæд.



## Олимпиадæйы фæрстытæ

**Фыццаг хай.**

1. Равзарут раст дзуапп:

Растфыссынады æгъдæутты системæ ахуыр кæны:

а) орфоэпи;

æ) орфографи;

б) графикæ;

в) фонологи.

2.Хайыг ***ма*** дефисæй хицæнгæнгæйæ фыссын хъæуы хъуыдыйады:

1) Ды та(ма) йын арфæтæ кодтай.

2) Æз(ма) дæм бауаинаг уыдтæн.

3) Къæвда нæ(ма) райдыдта.

4) Рауай(ма) ардæм.

3. Бацамонут фразеологион дзырдбæстыты нысаниуджытæ:

1) Куыд *уынгæджы фæдæн* (Г. Хъ.).

_____________________________________________________________________________

2) Йæхицæй æнæмастдæр сылгоймаг нæй, *фысы комæй хал нæ райсдзæн* (Хъ. А.).

_____________________________________________________________________________

3) Зæронд хæлæрттæ стæм, æмæ мæ сæ *цæсты ма бафтау* (Ц. Г.).

_____________________________________________________________________________

4. Сбæрæг кæнут иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ:

1) Дæс мæрты мын хорæй лæвæрдтой мыздæн (Къ.).

______________________

2) Фыдбылызæн бирæ нæ хъæуы (Æмб.).

________________________________

3) Абон мын библиотекæйæ чиныг æнæ райсгæ нæй.

______________________

4) Хъуды ком… Иу мæгуыр хæххон хъæу. Иу мæгуыр чысыл хæдзар. Бинонтæ (Г. Ц.). ______________________________

5. Сæвæрут хъуыдыйæдты цухгонд æрхæцæн нысæнттæ.

1) Адæмы фæзмгæйæ иу хатт мæ ерæдзыпп ахастон тулдзджынмæ мемæ (Къ.).

2) Физонæг ма йе хæбизджын дзурæд! (Къ.).

3) Кæм ссардтаид Бесо йæ бинонтæн хæринаг йе дарæс йе къахыдзаума? (Г.Ц.).

4) Ирон драмон театры актер Советон Цæдисы адæмон артист Тæбæхсæуты Бало уыд Отеллойы ролы хъазæг дунейы артисттæн сæ хуыздæртæй иу.

5) Хъазыбег скъолайы директор æмбырды раппæлыд 10-æм къласæй.

6. Цавæр мыггæгтыл дих кодтой нартæ? Ранымай сын сæ хицæндзинæдтæ.

___________________________________________________________________

___

1. Телугуйы адæмыхатты æмбисонд зæгъы: «Халон дæр мæлхъмæ гæсгæ йæхиуыл бумбулитæ æрсагъта».

**Фарст:** Ирон адæммæ та цавæр æмбисонд ис ахæм мидисимæ?

2. Адыгейæгтæм ис æмбисонд: «Цы куыст нæма райдыдтай, уый калмы хуызæн у» (В неначатом деле сидит змея).

**Фарст:** Ирон адæм та куыд фæзæгъынц?

8. Хетæгкаты Къоста, кадæг «Хетæг».
«Адæм æмхуызон кæм не сты æппæлынмæ!
Дзурынц, æвзæр, дам, æппæлы йæхицæй.
Чи та - йæ фыдæлтæй, чи та – йæ чындзæй…

**Фарст:** Кæмæй феппæлы хорз лæг?

________________________________________________________________________

___

9. Данте, Петрарка, Шекспир, Камоэнс … ацы поэттæ дунеон литературæйы ныууагътой бирæ уацмыстæ **уыцы** поэтикон жанры.

**Фарст:** Ирон литературæйы та фыццаг **уыцы** жанры чи ныффыста æмдзæвгæ? Цавæр жанр у?

10. Ныффыссут 10 арфæйы.

________________________________________________________________________

___

**Дыккаг хай.**

Олимпиадæйы дыккаг хай арæзт у рубрикæтæй.

Фæрстытæ бацæттæ кодтой ахуыргæндтæ, ахуыргæнджытæ æмæ ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты студенттæ.

**Фыццаг рубрикæ Ахуыргæндтæ – ахуыргæнджытæн**

1. **Куыдзойты Анжелæ.**



1)  Ирон æвзаджы æппæт дзырдтæ дæр раулæфты руаджы равзæрынц. æрмæст иу "дзырдгонд", æнкъарæн æвдисæг, арæзт у фæлхатгонд æмхъæлæсонæй, æмæ йæ дзурæм сулæфгæйæ . Цавæр дзырд у?

Дзуапп:  (ц-ц-ц)))

2) Ирон цавд у лæмæгъ динамикон. Дзырды раст æвæрд куы нæ  уа, уæддæр йæ  нысаниуæг нæ ивы. Æрмæст иу уавæры цавды бынат куы аивæм, уæд мивдисæджы нысаниуæг цæхгæр фæивы иу цавдимæ архайдмæ  разæнгард кæны, иннæимæ та  нæ уадзы.

Дзуапп:  (ардæм-ма рАцу, ардæм мА рацу; ам ма сбад...)

**2. Асаты Наташа, фил.н.канд.**




«Цавæр жанры фыста йæ уацмыстæ Гæдиаты Секъа?»

Дзуапп: таурæгъон элементтæй æххæст радзырд. Нафи

Хуызæгæн: «Азау», «Арагуыйы Ерыстау æлдар».

Иу фарст ма Асаты Натасæйæ.

Токаты Алиханыл йе ’рвадæлты лæг судмæ балæвæрдта. Хъуамæ йæ æд бинонтæ йæ хæдзарæй фæсурын кодтаид. Æрвад баххуырста адвокаты, фæлæ адвокат Алиханы хæдзармæ  куы æрбацыд, уæд йæ фæнд цæхгæр аивта.

«Æз, чи мæ баххуырста, уый нæ, фæлæ дæу сæрыл рахæцдзынæн суды», - ахæм дзуапп радта адвокат  Алиханæн.

Ирон фысджытæй чи уыд уыцы адвокат?

Дзуапп: Къубалты Алыксандр

**3. Тъехты Тамерлан.** Фил. н. канд., журнал «Мах дуджы» хайады редактор

Нывты цы предметтæ уынут, уыдон кæй радзырдимæ баст сты? Цавæр радзырд у?




Дзуапп: Коцойты Арсены радзырд «Æхцайы чырын»

**Рубрикæ. Ахуыргæнæг – ахуыргæнджытæн**

**4. Цæллагкаты Светланæ.** Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг

Ацы мыггагæй рацыд бирæ дзырддзæугæ адæймæгтæ. Ирыстоны дзы бынтон буцæн дарынц дыууæйы. Иуы дзы хонын «Ирон Нострадамус», рацыд Захъайы комæй, иннæ та уыдис Хетæгкаты Къостайы хуыздæр лымæнтæй иу, поэт ма йын йæ мады портрет дæр скодат (Тхостайы Туттийы портрет). Цавæр мыггаджы кой кæнæм?

Дзуапп: Санатæ. Санаты Сем, Санаты Ибрагим.

**5. Хуыбезты Эллæ, Ногиры 2-æм скъолайы ахуыргæнæг**

1) «Рагон нæртон лæгау зарын куы зонин...» Цавæр нæртон лæджы кой кæны Къоста? Чи у уыцы "нæртон лæг"?

Дзуапп: Уый у Сырдон.

2) Цавæр историон цаутæ æвдыст æрцыдысты Б. Елбыздыхъойы æмæ Дж. Нафийы уацмысты ("Хазби", "Фыдæлты туг").

Дзуапп:  Растад Хуссары æмæ Цæгаты  паддзахы  политикæйы ныхмæ 1830 азты. Иры растад уыд Кавказаг хæсты развæд...

**6. Танделаты Розæ.**




**7. Рубрикæ     Студенттæ – ахуыргæнджытæн**

Ныхасы бар ирон филологийы факультеты

студенттæн. Годызты Аринæ æмæ Халиты Элинæ.

Хæслæвæрд: райхалын кроссенстæ.







Дзуæппытæ: 1 – Хетæгкаты Къ. «Ирон фæндыр», 2 –  Фыццаг ирон чиныг.

**8. Блиц- фарст.**

1. Цавæр ирон аргъауæй сты ацы ныхæстæ? Чи сæ кæмæн загъта?

Уæд дын рувас йæхинымæры бахудт æмæ загъта:
— Цæй, ….. аргæвдæм дæ æмæ дæ бахæрæм, стæй уалдзæджы кæрдæг куы сцъæх уа, уæд дæ райгас кæндзыстæм. Мах дæ куы аргæвдæм, уæд дæ æгас дæр ракæндзыстæм; дæхи æгъдауæй куы амæлай, уæд дын райгасгæнæн нал ис.

Дзуапп: Аргъау «Теуа йе ’нæзондæй куыд фесæфт».

2. Ацы уацмысы авторы куыстытæй нæм æрхæццæ æрмæст æртæ æмдзæвгæйы.

Фæлæ ацы æмдзæвгæ йеддæмæ куы ницы ныффыстаид, уæддæр йæ ном арф фæд ныууагътаид ирон литературæйы.

Чи у уыцы фыссæг? Цавæр æмдзæвгæйы кой кæнæм?

Дзуапп: Хъайтмазты Аслæмырзæ, æмдзæвгæ «Сидзæр».

2. Презентацион æрмæгимæ куыст.

1) Кæй къух у уый? Цавæр персонаж? Чи у нывы автор?



Дзуапп: Тугъанты Махарбег. «Нарты Батраз».

2) Цы хуыйны ацы ныв? Чи у йæ автор?



Дзуапп: Тугъанты Махарбег. «Куыдзæппарæн был».

3) Нарты кадджыты архайджытæй кæй къухы ис ацы дзæбуг? Цавæр ныв у?



Дзуапп: Куырдалæгон

## *Педагогон форум «Мой край – моя святыня»*

18 майы Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты арæзт æрцыд педагогон форум «Мой край – моя святыня». Форумы архайдтой райдайæн скъолайы ахуыргæнджытæ æмæ, райдайæн скъолайы ирон æвзаг чи амоны, уыцы ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ.

Форумы нысан уыд бынæттон æрмæджы ахуырадон-хъомыладон ахадындзинад раргом кæнын, райдайæн скъолайы æппæт предметтæ амонгæйæ дæр дзы æнтыстджынæй пайдагæнæн кæй ис, уый, дæнцæгтыл æнцой кæнгæйæ, равдисын.

Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ! Базонгæ ут форумы архайджыты раныхæстимæ. *(Æрмæг лæвæрд цæуы цыбыргондæй)*





***Бигъаты Светланæ,***
Беслæны 5-æм скъолайы ахуыргæнæг

**Бæстæзонæн æрмæджы ахадындзинад скъоладзауы удварны рæзты**



Райдайæн скъолайы мадæлон æвзаг æмæ кæсыны уроктæн сæ сæйрагдæр хæстæй иу у хъомыладон куыст кæнын. Удгоймаджы хъомылады стыр ахадындздинад ис бынæттон æрмæгæн. Бынæттон æрмæгмæ хауынц, ирон адæмæн сæ фыдæлтæ цы диссагæн дзуринаг, æмбисондæн хæссинаг удхъомысы хæрзтæ æмæ хæзнатæ ныууагътой, уыдон. Сæ астæу бæрæг ирдæй зынынц мадæлон æвзаг, дзыхæйдзургæ адæмон сфæлдыстад æмæ цардыуаджы рæсугъд æгъдæуттæ.

Уæлеисгæ, бынæйахадгæ, цæтджинагау æвидигæ сты ирон дзырддзæугæ сфæлдыстады хæзнатæ.

Мингай азты Иры дзыллæйы зондахасты, сæ иумæйаг царды тыххæй цыдæриддæр æрхъуыдыйы уагыл зæгъинаг баззад, уыдон бавæрдтой фольклорон уацмысты. Уыдон мах ахуыр кæнынц адæмы тых æмæ зондæн, фæллой æмæ хъæбатырдзинадæн кад кæныныл. Худын нæ кæнынц магусатыл æмæ фæлитойтыл.

Æмбисæндтæ, аргъæуттæ, кадджытæ æмæ таурæгъты ахуырадон æмæ хъомыладон функцитæ бæрзонд кæй сты, уымæ гæсгæ сæ арæх пайда кæнынц ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ. Сæ фæрцы бæстондæр æмæ алывæрсыгдæрæй æвзæрст цæуы литературон уацмыс, цымыдисондæр кæны кæцы фæнды кæсыны урок дæр, æвзаджы урокæн та сты хъæздыг грамматикон æрмæг, грамматикон æмбарынæдтæ ныхасы рæзтыл куыстыты бындурыл бацамоныны фæрæз.

Бынæттон æрмæг аразы хорз фадæттæ æвзаджы иуæгты функционалон нысаниуæг бацамонынæн, ома номдартæ, миногонтæ, мивдисджытæ, хъуыдыйады уæнгтæ, хъуыдыйады хуызтæ æмæ а.д. хуымæтæджы ахуыргонд кæй нæ цæуынц, фæлæ сын ныхасы мидæг кæй ис бæлвырд функционалон нысаниуæг, уый равдисынæн.

Бæстæзонæн æрмæджы фæрцы скъоладзаутæ фылдæр базонынц сæ алыварсы дуне, базонгæ вæййынц сæ адæмы хъæздыг историимæ.

Уымæн æвдисæн, райдайæн скъолайы ирон кæсыны чингуытæм цы æрмæджытæ хаст æрцыд, уыдон.

Æрæджы нæ бæстæ кадджын уавæры сбæрæг кодта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæлахизы бон. 78 азы рацыд уыцы тугкалæн хæсты фæудыл, хæсты йæхи хъæбатырдæрæй чи равдыста, уыдон уыдысты ирон хæстонтæ.

Паддзахад стыр аргъ скодта ирыстойнæгты хæстон архайдæн. Не 'мзæххонтæ 70 уæлæма райстой Советон Цæдисы хъæбатыры нæмттæ.

Се 'хсæн уыдысты номдзыд инæлæрттæ Плиты Иссæ, Мамсыраты Хаджи-Умар, Дзусаты Ибрагим, Цæлыккаты Хъантемыр æмæ иннætæ. Кæй ранымадтон, уыдон иууылдæр сты Рихизфарсы районæй рацæугæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, районы цæрджытæ сæ сты сæрыстыр. Æмæ уыцы сæрыстырдзинад фæхæццæ кæнын хъæуы рæзгæ сабитæм дæр.

Хъыгагæн, кæсыны чингуыты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй фыст уацмыстæ бирæ нæй, фæлæ ахуыргæнæджы бон у, цы æрмæджытæ дзы ис, уыдоны бындурыл хъæздыг æмæ мидисджын куыст бакæнын.

Æз æрлæудзынæн, нæхи Рахизæрарсы районæй рацæуæг хæстонты тыххæй литературон кæсынады уроктæн цы æрмæг лæвард цæуы, ууыл.

3-æм къласы кæсыны чиныджы рубрикæ «Уæлахизы бæрæгбонмæ»-йы цы æрмæг ис, уыдонæй иу у Баситы Мысосты радзырдмæ гæсгæ фыст текст «Хъæбатыр Иссæ». Ацы скъуыддзаджы æвдыст цæуы иу эпизод Иссæйы хæстон цардæй. Хæстон хиндзинад æмæ хъæбатыдзинады руаджы Иссæ фæуæлахиз япойнаг знæгтыл, æфсæдтæн сæ гæрзтæ æрæвæрын кодта. Горæт ист æрцыд æнæ иу гæрахæй. Дæсгай мин салдаты æмæ афицеры радтой сæхи Плийы фырты къухмæ.

Текст бакæсыны размæ æнæмæнг хъæуы мотивацион уавæр саразын, стæй та дзырдуатон куыст бакæнын, алы методикон мадзæлтты фæрцы бацамонын дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ: *æнæнхъæлæджы æртыхсын, горæты чъылдыммæ, обæуттæ , цæхгæр домæн, уацар.*

Мотивацион уавæр саразынæн ахуыргæнæгæн феххуыс уыдзысты ирон æмбисæндтæ хъæбатырдзинады тыххæй, скæнын æмбæлы цыбыр беседæ дæр хæсты тыххæй. Уый фæстæ сывæллæттæ кæсынц текст æмæ дзуапп дæттынц ахæм фæрстытæн:

- Чи уыд Плиты Иссæ?
- Цавæр хъуыды фæзынд Иссæйы сæры?
- Цы нысан кæны æмбисонд «Тасдзинадæн стыр цæстытæ ис»?
- Равзарут чиныджы æмбисæндты мидис:

*Хæстон лæг мæлæтæй нæ тæрсы.

*Хъæбатыр хæсты быдыры рабæрæг вæййы.

Рагацау сывæллæттæн хæсгонд уыди бацагурын æмбисæндтæ хъæбатырдзинады тыххæй.

- Цавæр æмбисæндтæ бацæттæ кодтат уæхæдæг та хъæбатырдзинады тыххæй? Бамбарын сын кæнут сæ мидис.

Текст æвзаргæйæ, пайдагонд цæуы алыхуызон касты хуызтæй: æвзаргæ каст, цæсгæмттæм гæсгæ каст, цæгтæй каст, аив каст.

Зæгъæм, æвзаргæ каст:

- Иссæ тынг хъæбатыр æмæ зондджын кæй уыди, уый радзырды кæцы рæнхъыты æвдыст цæуы? Бакæсут-ма сæ.

Сывæллæттæн хæсгонд уыди цæмæй скæной нывтæ тексты мидисмæ гæсгæ. Нывæн йæ чъылдыммæ фарсыл ныффыссын текстæй нывмæ чи хауы, уыцы ныхæстæ.

Сæрмагонд куыст бакæнын хъæуы Иссæйы дзуаппыл уацайраг инæларæн.

Кæм сты де ’фсæдтæ,  зæгъгæ йæ куы бафарста, уæд ын дзуапп радта:

- Хæстон хиндзинад – мæ иу æфсад, хъæбатырдзинад та – ме ’ннæ æфсад.

Иссæ æрхъуыдыджын кæй уыд, ууыл дзурынц йæ хæстон хабæрттæй иуæй-иутæ. Зæгъæм, ирон æвзаджы фæрцы немыцыл хинæй куыд рацыд, уыцы цау. Ахуыргæнджытæ йæ зондзысты ацы хабар.

Иссæйы абарын æмбæлы Нарты кадджыты персонажтимæ, хæстæгдæр – нарты Сосланимæ, уый дæр знагыл фæуæлахиз кæнынæн пайда кодта алы мадзæлттæй дæр, уыимæ хиндзинад æаæ зондæй.

Хатдзæджы хуызы урочы кæрон скъоладдзаутæ кæнынц кластер Плиты Иссæйы тыххæй. Æвдисынц дзы, Иссæйы миниуджытæ. Цавæр лæг уыд Иссæ?  (Хъæбатыр, зонджын, æнæбасæтгæ, æрхъуыдыджын).

Урочы æнæмæнг фехъусын кæнын хъæуы Иссæйы зарæг. Бакæсын, Иссæйы тыххæй ист  документалон кинонывæй скъуыддзагмæ.

Плиты Иссæ райгуырд Бæтæхъойыхъæуы. Хуымгæнæны мæйы 28-æм бон районы Сылгоймæгты Советы сæргълæууæг Тараты Людмилæйы фæндонмæ гæсгæ Бæтæхъойыхъæуы арæзт æрцыд ахсджиаг мадзал «Рæстæг равзæрста мах», зæгъгæ.  Уазджытæ æрбацыдысты æфсымæрон ингæнты цурмæ, хъæбатыр хæстонты номыл æнусон арт кæм судзы, уырдæм.

Рахизфарсы минæвæрттæ, скъоладзаутæ, Республикæйы парламенты депутат Уататы Зелим.

Скъоладзаутæ бæстондæр базонгæ сты Плиты Иссæйы хъæуимæ. Æвдыст сын æрцыд Иссæйы сагъд гæдыбалас, йæ хæдзары бынат. Юнармеецтæ сæрыстырæй радзырдтой чысыл Бæтæхъойыхъæуæй хæсты быдырмæ кæй ацыд 250 адæймаджы. Уыдонæй 137-ы номыл сæ бинонтæ кæй

райстой сау гæххæттытæ. Бирæтæ дзы фесæфтысты æнæбæрæгай. Æртыгай æфсымæртæ нал сыздæхт 13-мыггагæй. Сæ ном ард æрцыд æдзæмæй алæугæйæ. Нырыккон фæсивæдæн ахæм мадзал дзуры сæ фыдæлты хъæбатырдзинад æмæ æгæрон уарзондзинадыл Райгуырæн бæстæмæ. Мадзалы кæрон цыртдзаæвæныл æвæрд æрцыд дидинджытæ.

Æртыккæгæм къласы литературон кæсынады чиныджы ма лæвæрд ис текст «Илитæ» Дзаттиаты Тотырбеджы уацмæ гæсгæ. Ацы чысыл текст дзуры не ’мбæстаг чызджы хъæбатырдзинадыл. Фарныхъæуккаг ирон чызг Дауыраты Илитæ хæсты цы сгуыхтдзинæдтæ равдыста, уый зонынц æгас Ирыстоны цæрджытæ дæр. Дзаттиаты Тотырбеджы фыст чысыл текст та ма скъоладзауты зонгæ кæны хъæбатыр чызг-хæстонимæ. Текстыл бакусыны фæстæ ахуыргæнæг хъуамæ радзура, Фыдыбæстæйы хæсты ма не мзæххон сылгоймæгтæй чи хæцыди, уыцы хъæбатыр сылгоймæгты тыххæй.

Абарсты хуызы спайда кæнын æмбæлы нарты кадджытæй ист эпизодтæй – нарты Сатанайы тыххæй. Зæрдыл æрлæууын кæнын нæ фыдæлты – аланты сылгоймаг паддзæхтæ Амагæ æмæ Зæринæйы; амазонкæты тыххæй æрмæджытæ; радзурын сылгоймаг – æрыгон чызг Зæринæимæ баст таурæгъ Мады хохы тыххæй.

Ахæм урокты кæрон сывæллæттимæ ныффыссæн ис фыстæджытæ хæстмæ «Письмо солдату».

Украинæйы хæстимæ сбæттын æмбисонд «*Знагмæ хъæддых куы нæ фæлæууай, уæд дын фыдбылызтæ сараздзæн*».

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæйыл фыст уацмыстæ ахуыр кæнынц майы, скъоладзаутæн раттæн ис хæслæвæрдтæ – бацæттæ кæнын чысыл иртасæн куыстытæ, хæсты сын чи уыд, уыцы фыдæлты тыххæй; цымыдисаг мадзал уыдзæн Æнæмæлгæ полкæн къамтæ бацæттæ кæнын, скæнын æй урочы кæрон.

Сывæллæттæн лæвæрд уыд хæс, цæмæй базоной сæ бинонтæй кæнæ хæстæджытæй Фыдыбæстæйы Стыр Хæсты чи фесгуыхтис, уыдоны тыххæй æрмæг æрæмбырд кæной.

Хуыздæр æрмæг бацæттæ кодтой Цъыккаты Ацæмæз æмæ Ходы Алыксандр. Ацæмæз цымыдисаг æрмæг æрæмбырд кодта йæ мады фыдыфыд Хуыцъистаты Индрисы тыххæй. Алыксандр та йæ фыды фыдыфыд Ходы Исламы тыххæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы сабиты зæрдæты арф фæд ныууадздзæн сæ чысыл иртасæн куыст, æнæмæнг фæзындзæн сæ хъомыладыл.

Мæ ныхасы кæрон мæ зæгъын фæнды ахæм ныхæстæ. Рæзгæ уды хъомылады стыр ахадындзинад ис ахуыргæнæгæн. Ирыстон хъæздыг у йæ хъæбатыр хæстонтæй, ахуыргæндтæй, хъуыстгонд музыканттæй, спортсментæй. Фæлæ се ’ппæты дæр размæ ракодта АХУЫРГÆНÆГ. Ацы аз

у ахуыргæнæджы аз, æмæ уын, мæ уарзон æмкусджытæ, мæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад æмæ стыр æнтыстытæ уæ куысты.

***Бицоева Д.К.,***
учитель начальных классов МБОУ СОШ№27 г. Владикавказа

**Экскурсия как организационная форма обучения младших школьников**



Одной из форм организации учебно-воспитательного процесса является **экскурсия.**

Школьная экскурсия это – форма учебно-воспитательной работы с классом или группой учащихся, проводимая с познавательной целью при передвижении от объекта к объекту, по выбору учителя и по темам, связанным с программами.

В рамках учебной деятельности нами используются следующие виды школьных экскурсий:

- урочные, проводимые в учебное время, и
- внеурочные, факультативные, проводимые до или после занятий в классе.

Урочные экскурсии входят в систему уроков по темам учебных предметов, поэтому учитель заранее планирует проведение экскурсии в своем тематическом плане.

Материал, рассматриваемый на внеурочных экскурсиях, может выступать дополнением к школьному курсу, а может и нести в себе отвлеченную, развивающую информацию.

Так, 4 апреля 2023 года в продолжении темы «Æфтауы дидинæг сыфтæр» в третьем классе была организована экскурсия в парк Жуковского, где ребята приняли участие во Всероссийской акции «День птиц», организованной Республиканским центром дополнительного образования.
Цель акции – привить любовь к птицам, воспитать экологическую культуру.

Ребята заранее изготовили скворечники, а во время проведения акции разделились на 3 команды и посоревновались в конкурсе чтецов, сборе скворечников на скорость, рисунке пернатых на асфальте и викторине на русском и осетинском языке.

В программе осетинского литературного чтения учащиеся встречаются с текстами народных колыбельных песен, знакомятся с колыбельными песнями Коста Хетагурова «А-ло-лай», Нафи Джусойты «Авдæны зарæг».

Во многих произведениях осетинского литературного чтения встречается описание домашнего очага – къона. Например, у Коста Хетагурова

«Гино, гино, гис,
Иу гæды нæм ис,
Къонайыл хуыссы,
Аргъæуттæ мысы».

Къона – это очаг, а над очагом висела надочажная цепь, которая в в мифологическом сознании осетин является одним из символов мировой оси. Рæхыс — цепь над очагом, к которой подвешивался котел, считалась священной. Очаг и цепь над ним составляли величайшую ценность каждого осетина.

Наши предки клялись огнем домашнего очага, верили в святость Надочажной цепи (Сафайы рæхыс). Сегодня учащиеся школ могут увидеть Надочажную цепь только в краеведческом музее. И здесь нам на помощь опять приходит музейный уголок школы, в котором учащиеся могут не только увидеть, но и прикоснуться к одному из реликтовых артефактов – подлинной Надочажной цепи. Вокруг нее проводят беседы о святости домашнего очага, обучающиеся старших классов рассказывают младшим школьникам о покровителе семейного благополучия и детей, о святости домашнего очага.

Особым видом экскурсий являются *историко-литературные экскурсии*. Это экскурсии по литературе, истории и обществоведению в историко-литературные музеи, в исторические места, посещение художественных выставок, картинных галерей, книгохранилищ, архивов, библиотек. Историко-литературная экскурсия проводится в форме паркового урока, урока вне стен классной комнаты. Это – еще одна попытка включить учащихся в деятельность: познавательную, активную, результативную. Примером такого урока является урок, посвященный Коста Хетагурову, проведенный нами у памятника поэта на Театральной площади.

Школьники узнают об истории создания памятника. Скульптор Сосланбек Тавасиев, рассказывая о том, как он работал над памятником, сказал: «Образ Коста владел мной с юношеских лет. Все, что касалось жизни и творчества поэта, меня необычайно глубоко волновало… Уже в те годы у

меня зародилась мысль воплотить образ поэта в скульптуре, но вплотную начал работать над ней в 1941-1942 гг… Десятки эскизов привели меня к окончательному, проверенному опытом и временем решению образа поэта. Этот памятник – знак горячей любви народа к своему великому поэту».

Скульптурная композиция не заканчивается одним только памятников Коста. Это целый комплекс оформленных в национальном стиле элементов. И каждый из этих элементов имеет свое значение, вызывает интерес у детей.

У памятника дети читают стихи Коста, а также подготовленные заранее сочинения на тему «Разговор с Коста».

Воспитанию бережного отношения к книге служит экскурсия в республиканскую научную библиотеку имени Арсена Коцоева. В книгохранилищах библиотеки учащиеся познакомятся с первыми изданиями осетинской литературы. Такую же экскурсию можно провести в детскую библиотеку имени Дабе Мамсурова при этом посещение библиотеки можно связать с изучаемой в 4 классе темой «Ахуырад æмæ наукæ». Экскурсия проводится в первые дни сентября, она служит хорошим настроем на учебный год. Посещение библиотеки не заканчивается простым знакомством с осетинской детской литературой, дети читают здесь свои любимые стихи осетинских поэтов, проводятся викторины, конкурсы.

В учебниках осетинского литературного чтения встречаются произведения о Великой Отечественной войне. К примеру, в учебнике 3 класса они объединены в рубрике «Уæлахизы бæрæгбон». В продолжении темы накануне Дня Великой Победы нами была организована экскурсия «По местам Боевой славы Осетии». Особое впечатление произвело на детей посещение памятника семи братьям Газдановых в селе Дзуарикау. Во время «Разговора о важном» дети познакомились с подвигом братьев Газдановых.

А затем обучающимися был подготовлен мини-спектакль о братьях Газдановых, который заставил прослезиться всех присутствующих в зале. Конечно, не всегда бывает возможность в реальных походах, поэтому часто прибегаю к виртуальным экскурсиям.

Виртуальная экскурсия – это организационная форма обучения, отличающаяся от реальной экскурсии виртуальным отображением реально существующих объектов с целью создания условий для самостоятельного наблюдения, сбора необходимых фактов.

В качестве примера можно привести виртуальную экскурсию по теме «Уазæгуаты ивгъуыдмæ», благодаря которой учащиеся «побывали» в осетинской сакле, «походили» по улицам далекого горного села, «сходили за водой» с невестой (традиция чындзы донмæ ракæнынц), побывали на сенокосе в горной местности.

Во время виртуальной экскурсии можно посетить горное село, заповедник, картинную галерею, горное село, что помогает организовать деятельность обучающихся по овладению научными знаниями.

Применение технологии виртуальных экскурсий позволяет собрать воедино основные способы передачи информации – словесно-логические, аудиовизуальные, кинестетические; активизировать три вида памяти – зрительную, слуховую, моторную.

После экскурсии собранный материал обрабатывается. Материалы экскурсии оформляются в виде альбома с соответствующими рисунками, фотографиями, записями, которые можно будет использовать во время повторения темы.

Завершением экскурсий являются письменные работы учащихся – сочинения по личным впечатлениям, проектные или исследовательские работы, конкурсы и викторины. Такая работа помогает детям запомнить увиденное и услышанное на экскурсии, учит излагать свои впечатления, выражать чувства, развивает письменную речь, обогащает активный словарь.

***Валиева Ф.М.,***
учитель начальных классов МБОУ СОШ№1 с. Эльхотово

**Краеведение как основа патриотического воспитания подрастающего поколения**



Любовь к большой и малой родине, любовь к людям, привитие бережного отношения к истории Отечества, к его культурному наследию, к обычаям и традициям народа, осознания долга перед Родиной, готовности к её защите – вот те истоки, их которых образуется могучая река под названием «патриотизм».

В чем реализуется патриотизм сегодня? Как воспитать это великое чувство в наших детях, живущих в 21 веке – веке компьютеров, телевидения, когда разрушены прежние идеалы и не успели сформироваться новые?

Воспитание патриотизма – это, прежде всего, воспитание нравственности. Перед учителем начальных классов возникает вопрос, какими

мы хотим видеть своих детей? Конечно же, высоко нравственными, готовыми защищать свою страну, стремиться сделать ее краше, богаче, крепче, счастливее.

Безусловно, основы патриотического воспитания закладываются в начальной школе на уроках родного языка и литературного чтения. Это те предметы, которые формируют национальную идентичность ребенка – будущего гражданина своей малой и большой родины.

Именно эти предметы знакомят учащихся с нравственно-эстетическими ценностями культуры осетинского народа и человечества в целом. В процессе восприятия художественного текста участвуют разум, чувства и воля, значит параллельно проходит развитие личности ребёнка, его нравственное воспитание.

В программу осетинского литературного чтения включены произведения осетинского устного народного творчества, классиков осетинской детской литературы. Они приобщают детей к духовной жизни литературных героев – носителей лучших черт национального характера. Особую значимость имеют произведения, объединенные рубрикой «Кæм райгуырдтæн, мæхи кæм базыдтон» (Где я родился, где я узнал себя).

Изумительное по глубине мысли стихотворение Станислава Кадзати «Фыдыбæстæ» в учебнике литературного чтения 3 класса создает полную картину малой родины:

Фыдыбæстæ – мыды бæстæ,
Фыдыбæстæ – фынты бæстæ,
Фыдыбæстæ – фыды хæрзтæ,
Фыдыбæстæ – фырты хæстæ.

Каждая строчка этого небольшого стихотворение включает глубокое нравственное начало.

В программе литературного чтения 4 класса рубрика «Райгуырæн бæстæ» включает всего три произведения – стихотворение Шамиля Джикаева «Фарны артдзæст у мæ бæстæ», рассказ Измаила Айларова «Фыдæлты уæзæг»и рассказ Ирбега Босиева «Æмбаргæ куыдз». Надо отметить, что все три произведения сеют в детской душе семена любви к родному краю, природе, к своей малой Родине.

Программа по осетинскому литературному чтению позволяет организовать работу так, чтобы ребенок почувствовал себя частичкой того большого мира, который зовется Родиной.

Патриотическое воспитание обучающихся начинается с познания малой Родины. Картины родной природы: горы и озера, степные дали и дремучие леса – все это в равной степени формируют у детей чувство к

родному краю, а чудесные осетинские легенды, сказки и песни, исторические повествования и памятники оставляют большой след в детской душе, независимо от того, где живет ребенок.

И здесь необходимо сказать о внеурочной деятельности в рамках краеведческой работы. Краеведение способствует воспитанию патриотизма на конкретных примерах, на конкретных примерах приобщает ребят к культурному наследию страны и малой родины.

Целью краеведческой работы является научить ребят любить, уважать свой народ, землю, край, Родину. Ведь краеведение обращает к прошлому, чтобы школьники, зная свои корни, могли создать достойное будущее.

Изучение истории родного края способствует формированию познавательного интереса к процессу обучения. Ведь местный материал доступен для ребенка, а значит, каждый может сделать свое собственное открытие или узнать что-то новое, т. е. почувствовать себя причастным к творению истории.

## *Семинартæ æмæ гом уроктæ*

***Гахаты Зæлинæ,***

Дзæуджыхъæуы 4-æм профессионалон

лицейы ахуыргæнæг

**Ирон литературæйы урок**

«Хорзæй баззай, Ир!»

(Кочысаты Мухарбег æмæ

Калоты Хазбийы сфæлдыстадмæ гæсгæ)

*Урочы нысантæ:*

1. Сфæлхат кæнын æмæ бафидар кæнын рацыд æрмæг.
2. Æрдзурын, Фыдыбæстæйы Стыр хæст цы бæллæхтæ æрхаста æппæт бæстæйы адæмтæн æмæ нæ гыццыл Ирыстонæн, ууыл.
3. Ахуырдзауты базонгæ кæнын, хæсты быдыры чи баззад, уыцы зынгхуыст ирон поэттæ Кочысаты Мухарбег æмæ Калоты Хазбийы цард æмæ сфæлдыстадимæ.
4. Æмдзæвгæтæ аив кæсгæйæ бакусын ныхасы рæзтыл.
5. Гуырын кæнын ахуырдзаутæм Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад, искæй рыст æмбарын æмæ йæ зæрдæйæ æнкъарын.

*Урочы эпиграф:*

«Зæххыл цы стырдæр хæст æрцыд,
Гъе, уым ирон туг дæр ныккалд!»
Плиты Грис

**Урочы цæстуынгæ æрмæг:**

Презентаци, хæсты темæйыл фыст чингуыты равдыст, æдзард фысджыты уацмысты æмбырдгондтæ; ахуырдзауты конд плакаттæ, музыкæ.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

1. Рацыд æрмæгæй бафæрсын.

Хъуысы Медойты Светланæйы зарæг хæсты тыххæй.

2. Ахуыргæнæджы разныхас темæ сбæлвырд кæнынæн ахуырдзаутимæ:

- Зæгъут-ма, цæуыл у зарæг? Цавæр хæсты кой дзы цæуы?

- Куыд уæм кæсы, цæмæ фæдзæхсынц мадæлтæ, цæмæй макуыуал уа хæст?

Ацы аз нæ бæстæйы алы адæмы хæттытæ дæр бæрæг кæнынц Уæлахизы 78 азы.

1941 азы 22-æм июны немыцаг фашисттæ æрбабырстой нæ бæстæмæ, фехæлдтой адæмы сабыр цард. Стырæй, чысылæй сыстадысты адæм æцæгæлон тыхгæнджыты ныхмæ, сæ Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ.

Ирон адæм дæр сæ тых, сæ хъаруйыл нæ бацауæрстой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, хъæбатырты ном хастой бæрзонд. Хæсты быдырмæ цы æрыгон фæсивæд ацыд, уыдонимæ уыдысты ирон фысджытæ дæр. Сæ уæлæ скодтой æфсæддон дарæс, сæ фыссæнгæрзтæй уæлдай ма сæ къухтæм райстой хæцæнгæрзтæ æмæ ацыдысты хæцæг æфсады рæнхъытæм. Фæлæ, хъыгагæн, бирæтæн нал бантыст сыздæхын сæ райгуырæн къонатæм, сæ æрыгон удтæ бабын сты тугкалæн хæсты.

Абон нæ ныхас уыдзæн, хæстæй чи нал сыздæхт, уыцы æрыгон поэттыл.

58 æрыгон ирон фыссæджы баззадысты хæсты быдыры, сæ зарæг сæ хъуыры фæбадт! (презентацийы æвдыст цæуы сæ номхыгъд)

**Хæстæй чи нал сыздæхт, уыцы æрыгон поэтты номхыгъд:**

*Абайты Бекызæ, Абайты Виктор, Абайты Петр, Агънаты Батырбег, Æгъуызаты Герги, Æлборты Хъызмæхæмæт, Баситы Дзахот, Баситы Дзамболат, Бæгъиаты Владимир, Бæззаты Кавказ, Бæройты Дауырбег, Бекъойты Амыран, Белеккаты Харитон, Бесаты Амырхан, Бигъуылаты Алыксандр, Билаонти Барис, Бузойты Кермен, Гасситы Георги, Годжиты Виктор, Гутнаты Хъанымæт, Гуытъиаты Мамытджери, Датиты Дзантемыр, Дегъуаты Андрей, Джелыты Хазби, Джиоты Грис, Дзадзати Хусин, Дзæхаты Темырхъан, Дзуццаты Æхсарбег, Едзиты Цини, Елехъоты Мурат, Калоты Къола, Калоты Хазби, Кокайты Алыксандр, Кочысаты Мухарбег, Кучиты Владимир, Къæбулты Елиоз, Къибирти Тазæрет, Къубалты Дмитри, Магкаты Алихан, Мæргъиты Ясон, Наниты Васо, Плиты Зауыр, Саукуйти Хасан, Таболты Хадзымырзæ, Тауитты Дзегут, Тыджыты Ефим, Тъехты Барис, Хайманты Георги, Хæмыцаты Георги, Ходы Хазби, Хуадонты Исса, Хуырымты Батырбег, Хъаныхъуаты Майрæм, Хъараты Ибрагим, Хъодзаты Салам, Хъуылаты Ладимыр, Цомартаты Батыр, Цоциты Герсан.*

Чи зоны, цавæр æнтыстдзинæдтæ бафтыдаид сæ къухы, цавæр литературон бынтæ ныууагътаиккой, куы сын бантыстаид царды фæндагыл дард ацæуын… (Сæ уацмысты æмбырдгонд ахуырдзаутæн равдисын)

Се 'ппæты хистæр Гутнаты Хъанымæтыл цыдис æртын азы, сæ тæккæ кæстæртæ Елехъоты Мурат æмæ Хайманты Георгийыл та – æвддæсгай азтæ.

***(Ахуыргæнæджы ныхас бæлвырдгонд цæуы презентацийы фæрцы)***

Елехъоты Мурат хæсты дыккаг бон курдиат балæвæрдта, цæмæй йæ арвитой фронтмæ. Зоны студент сси хæстон. Мураты тынг фæндыди литератор суæвын æмæ скъолайы фæстæ педагогон институтмæ дæр уымæн бацыд. Фыста æмдзæвгæтæ уырыссаг æвзагыл. Хæсты быдыры дæр йæ сфæлдыстадон куыст нæ уагъта, йæ æмдзæвгæтæ æмæ плакаттæ-иу арæх фæзындысты æфсæддон газетты. 1943 азы 7 ноябры Елехъоты Мурат знæгтимæ тохы равдыста стыр хъæбатырдзинад. Фæлæ йæхæдæг дæр бацарæфтыд фашистты къухæй. Йæ уацмыстæ хицæн чиныгæй рацыдысты 1947 азы Дзæуджыхъæуы, «За Родину», зæгъгæ, ахæм номимæ. Уыцы чиныг ногæй, æххæстдæрæй уагъд æрцыди 1983 азы.

Уæлдай курдиатджындæр уыдысты Калоты Хазби æмæ Кочысаты Мухарбег. Бæлвырддæрæй сын æркæсæм сæ цыбыр царды хабæрттæм.

***Ахуырдзаутæ кæсынц рагацау бацæттæгонд хъусынгæнинæгтæ.***

**Фыццаг ахуырдзау**

**Кочысаты Георгийы фырт Мухарбег** райгуырди 1920 азы Ольгинскæйы. Авдазон скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыди педагогон техникуммæ. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ йæ каст фæцис, æмæ йæ райстой Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ. Ам дæр ахуыр кодта иттæг хорз, иста Къостайы стипенди. Хæст куы райдыдта, уæд Мухарбег уыд фæстаг курсы. Фæлæ йын институт фæуын нæ бантысти – 1941 азы ацыди Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау тохы быдырмæ, уыдис афицер. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй йын саккаг кодтой Сырх Стъалыйы орден æмæ майдан «Хъæбатырдзинады тыххæй». Фæмард 1944 азы украинаг горæт Ямпол знæгтæй хъахъхъæнгæйæ.

Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты 1937 азæй фæстæмæ. Йæ уацмысты тæккæ æххæстдæр рауагъд рацыди 1977 азы Орджоникидзейы.

Йæ æмдзæвгæтæй бирæтæ систы адæмæн уарзон зарджытæ. Сæ тæккæ зындгонддæр у æмдзæвгæ «Сау цæстытæ».

Аив бакæсын æмдзæвгæтæ «Сау цæстытæ», «Фæстаг салам», бакусын сæ мидисыл:

- Цавæр темæйыл фыст у «Сау цæстытæ»?

- Цы аз фыст æрцыдисты ацы æмдзæвгæтæ,  уымæ æркæсут.

- Цæмæй хицæн кæны поэты зæрдæйы уаг?

- Цæуыл тыхсы, цы фæдзæхсы Мухарбег  «Фæстаг салам»-ы?

- Ирон адæймаджы цавæр миниуæг дзы æвдыст цæуы? Хæстонтæн сæ сæйрагдæр нысан цавæр уыд? (кадимæ амæлын)

- Цæуыл дзурæг сты фæстаг дыууæ рæнхъы? (райгуырæн зæхмæ уарзондзинад, патриотизм)

**Дыккаг ахуырдзау**

**Калоты Алыксандры фырт Хазби** райгуырди 1921 азы августы Цæгат Ирыстоны, Захъамæ æввахс чысыл хæххон хъæу Байыкомы. 1934 азы каст фæци Къостайыхъæуы авдазон скъола æмæ бацыди кусæг факультетмæ. Фæстæдæр Хазби ахуыр кодта Калачы паддзахадон университеты, стæй раивта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты литературон хайадмæ. Институт каст фæуын ын нæ бантысти – райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Æфсадмæ ацыд институты фæстаг курсæй 1941 азы августæй 1942 азы сентябрмæ ахуыр кодта Сталинграды облæсты Камышины танкистты скъолайы, сси кæстæр лейтенант. Хæцæг æфсадмæ ацыди 1942 азы октябры. Уыди танк Т-34-ы командир.

1943 азы афицер Калоты Хазби йæ цард нывондæн æрхаста бæсты сæрвæлтау – Курскы сырхзынг къæлæт кæй хуыдтой, уыцы ран, знæгтимæ æвирхъау тох кæнгæйæ, басыгъди танчы мидæг. Мæйы фæстæ йыл хъуамæ сæххæст уыдаид дыууæ ’мæ ссæдз азы. Поэт ныгæд ис Курскы облæсты Обояны районы, Красная Полянæ, зæгъгæ, уыцы хъæуы.

Хазби æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Йæ уацмыстæ мыхуыры цæуын байдыдтой ирон газеттæ æмæ журналты 1936 азæй фæстæмæ. Хæсты агъоммæ Хазби ныффыста драмæ «Бæтæйы фырттæ», фронты уæвгæйæ та – пьесæ «Тугджын фæндаг».

1956 азы Цæгат Ирыстоны чиныгуадзæны хицæнæй рацыдысты Хазбийы фыстытæ. Чиныджы ном хуынди «Хуры тын». Йæ уацмысты тæккæ æххæстдæр æмбырдгонд джиппы уагъд æрцыди 1976 азы – ис дзы æмдзæвгæтæ, фыстæджытæ, пьесæтæ. Йæ поэзи зындгонд у уырыссаг чиныгкæсæгæн дæр: Мæскуыйы чиныгуадзæн «Современник»-ы йæ æмдзæвгæтæ рацыдысты Кочысаты Мухарбегимæ иумæ, «Побратимы», зæгъгæ, ахæм номимæ 1973 азы.

Йæ уацмыстæй зындгонддæр у прозæйæ фыст æмдзæвгæ «Хорзæй баззай, Ир!» (аив бакæсын, мидисыл бакусын)

- Зæгъут, цæуыл хъуыдытæ кæны Хазби?

- Цавæр фæндтæ йæм ис?

- Цæуыл дары йæ зæрдæ?

- Цавæр æнкъарæнтæ сывзæрд уæ зæрдæты?

- Чи зæгъдзæн, цæмæн райстон Хазбийы ныхæстæ нæ урочы темæйæн?

**Аив бакæсын Хазбийы æмдзæвгæтæ** (презентацийы æвдыст цæуынц)

**Эпиграф равзарын.** Плиты Грисы ныхæсты мидис бамбæрстат? Кæй зонут сымах та, хæсты чи фесгуыхт, уыдонæй? Хæстонтæн цы цыртдзæвæнтæ æвæрд æрцыд æмæ æфсымæрон ингæнтæ конд æрцыд Ирыстоны æмæ Уæрæсейы алы къуымты, уым алы ран дæр ссарæн ис ирон лæджы ном!

Цалынмæ нæ хъæбатыр фæсивæды хъуыды кæнæм, уæдмæ сæ ном сæфт никуы уыдзæн!

**Кæронбæттæн.**

Уæ хорзæхæй, иу уысм æдзæмæй алæууæм (Минута молчания)

**Хæдзармæ куыст:** сахуыр кæнын фæйнæ æмдзæвгæйы зæрдывæрдæй.

## *Фæсурокты куыст*

***Гæджиты Лянæ,***

Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг

**Брейн-ринг**
**«Чи хуыздæр зоны нарты кадджытæ?»**

Сценæйы сæрмæ « Æрвон зынджы цæхæртæ»

**Фыццаг амонæг**: Уæ бон хорз, нæ зынаргъ уазджытæ, жюрийы уæнгтæ, ахуыргæнджытæ, ахуырдзаутæ. Ирон æвзаг æмæ уæ литературæйы бæрæгбоны хорзæх уæд!

**Дыккаг амонæг:** Уадз æмæ арæхдæр зæрдыл лæууын кæнæм, Иры дзыллæйæн ирон æвзаг кæй у аргъæутты, таурæгъты, æмбисæндты, Нарты кадджыты æвзаг, Къоста, Васо, Секъа æмæ иннæ куырыхон лæгты æвзаг.

**Фыццаг амонæг:**

У ном хæссынæй ноджыдæр бæрзонддæр,
Ирон лæгæн йæ мадæлон æвзаг.
Уый чи нæ зоны, - й' адæмæн у знаг,
Уый ничи схондзæн, бауæнд мыл ирон дæр.

**Дыккаг амонæг.**

Уыдис, дам, раджы ам, Кавказы,
Æмбисонды рæсугъд адæм:
Домбай тыхæй, хъæздыг æгъдауæй,
Бæрзонд, рæсугъд, аив уындæй.

Сæуæхсид райхъал кодта бæстæ,
Ирыстон циндзинадæй дзаг.
Нæ фæсивæд, нæ ирон адæм
Бæрзонд хæсдзысты Нарты кад.

*(Сценæйы астæу – æртæкъахыг фынг, фынгыл – æртæ чъирийы, бæгæныйы кæхц. Нарты хистæртæ бадынц фынджы уæлхъус, сабыр ныхас кæнынц.*

*Хъуысы рагон мелоди, хъисын фæндыры цагъд.*

**Фыццаг хистæр.**

- Нарт нарт уæд уыдысты, уæ хъусæг адæм, æмæ сæ арв нæрын уæд нæ уæндыди, мæлын куы зыдтой сæ дзыллæйы сæрыл. Нарт нарт уæд уыдысты, уæ фæрнджын адæм, æмæ нæртон лæгæн йæ нæртон дзыхæй рæстдзинад йеддæмæ куы ницы ирвæзт. Нæ дзыллæ дзыллæ гъеуæд уыдысты, æмæ сæ сæр сæрмæ куы хастой. Нæ нæртон фæсивæды тыххæй ацы сидт!

**Дыккаг хистæр.** Нæ адæм адæм уæд уыдысты, æмæ хистæрæй, кæстæрæй кæрæдзийы куы ’мбæрстой, сылгоймаджы сæрыл нарты адæмæй йæ ирд цæсгом чъизи куы ничи кодта. Нартæн сæ дзырд фæсайынæй се ’ндон сау æфсæйнаг кæны.

**Æртыккаг хистæр.** Адæмтæ-иу хæлæг уæд кодтой Нартмæ, сæ хорзы кой дардыл куы хъуысти, æмæ сæхиуыл хæцын куы фæрæзтой, хæрд æмæ ронгæй бæрц куы зыдтой, куы нæ сæфтой æнæвгъау нозтæй се ’фсарм, сæ зонд æмæ се ’хсар. Æрыгон фæсивæд, уый у нæ фæдзæхст!

**Фыццаг амонæг:** 2023-æм аз Цæгат Ирыстоны нысангонд æрцыд ирон «Нартиадæ»-йы азæй. Ахæм бардзырд 12 январы бафыста нæ республикæйы сæргълæууæг Сергей Меняйло. Уæлдай æргом здæхт цæудзæн адæмон аивадмæ.

**Дыккаг амонæг:** Нарты кадджытæ сты ирон адæмы хæзна. Национ хиæмбарынадæн – сæ ахсджиаг бындур. Уый фæдыл нæ республикæйы ацы аз цæудзысты алыхуызон мадзæлттæ. Мах дæр не скъолайы ахуыргæнинæгтимæ бацæттæ кодтам Брейн-ринг «Æрвон зынджы цæхæртæ».

**Фыццаг амонæг:** Абон нæ ерысы архайы 2 командæйы: 6 «А» къласы къорд - «Иры стъалытæ» æмæ 6 «Б» къласы къорд - «Хуры тынтæ».

Залмæ хонæм нæ архайджыты: уæ хорзæхæй, «Иры стъалытæ», «Хуры тынтæ». *(*Хъуысы ирон музыкæ. Залмæ кæрæдзи фæдыл æрбацыдысты хъазты архайджытæ æмæ бацахстой сæ бынæттæ. Архайджытæн сæ риутыл эмблемæтæ*).*

**Дыккаг амонæг:** Нæ хъазт арæзт у цалдæр хайæ, фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ арæзт сты темæтæм гæсгæ. Сымах, нæ архайджытæ, хъусут лæмбынæг алкæцы фарстмæ дæр. Уæдæ, амондимæ, размæ! Æнтыстджын ут!

Нæ зынаргъ, жюрийы уæнгтæ, уæ хъус æрдарут ацы ерысмæ, æмæ сын фондзбаллон системæмæ гæсгæ бæрæггæнæнтæ сæвæрут.

Ныхасы бар сын раттæм, уæ хорзæхæй, нæ ерысгæнджытæ, уæхи бацамонут, зæгъут уæ девиз æмæ нын уæ хæдзармæ куыст фенын кæнут (хæдзармæ куыстæн сын уыд къулын газеттæ бацæттæ кæнын).

**1 командæ:** Мах стæм «Иры стъалытæ».

Нæ девиз у:

Съалытау мах цæхæртæ калæм,

Нæ хъару «Хуры тынтæ»-имæ æвзарæм.

**2 командæ:** Мах стæм « Хуры тынтæ».

Нæ девиз у:

Нæ тæрсæм мах куыстæй, фæлæ тæрсæм æгуыстæй!

**Фыццаг амонæг**: Жюрийы уæнгтæ, уæ хъус æрдарут ацы ерысмæ æмæ сын 5 баллон системæмæ гæсгæ бæрæггæнæнтæ сæвæрут.

**Дыккаг амонæг:** Хъазты 1-аг тур хуыйны: «Фарстæн чи ратдзæн лæмбынæгдæр дзуапп». Алы къордмæ дæр ис тырыса. Æз фарст куы раттон, уæд зæгъдзынæн дзырд «Рæстæг», æмæ йæ дзуапп кæцы къордæн уа цæттæ, уый-иу сисæд тырыса. Раздæр æй чи сиса, уыцы къорд дæтдзæн дзуапп. Алы раст дзуаппæн дæр лæвæрд цæуы 1 балл.

Нарты бæстæй ныл Зилахар бафтыд, -

Не стыр фыдæлты лæгæвзарæн фæз.

Хурмæ-иу чи худти, мæймæ чи кафыд,

Уыцы нæртон гуырдтæн се ’фсымæр – æз!

**Фыццаг амонæг:** Ныр та рахизæм сæйраг хаймæ, сбæрæг кæнæм Нарты Кадджытæ та хуыздæр кæцы командæ зоны.

- Цавæр адæм уыдысты Нарт? *(Тыхджын æмæ зонджын)*
- Цы нысан кæны дзырд «Нартæ»? *(Абайты В. «Нартæ» - хуры сывæллæттæ)*
- Чи иртæста Нарты Кадджытæ? *(Ж. Дюмезиль, В. Миллер, В. Абайты)*

- Нарт цал мыггагыл дих кодтой? Цæмæй зындгонд уыдис алы мыггаг дæр? *(Æхсæртæггатæ –хæстон, хъæбатыр мыггаг, Алæгатæ - уæздæттæ, кувæг адæм, Борætæ – кусаг, хъæздыг, фарнхæсджытæ)*
- Чи уыдис Нартæн сæ хистæр? (*Уырызмæг)*
- Чи уыдис Нартæн сæ фыдæл? (*Сæуæссæ*
- Чи уыд Æхсар æмæ Æхсæртæджы фыд æмæ цы нысан кæны? *(Уæрхæг . Абайты В. гæсгæ равзæрд рагон ирайнаг дзырдæй «Варка» - «Бирæгъ»)*
- Чи уыд Нарты Стыр мад? *(Дзерассæ-рæсугъд)*
- Чи æрхъуыды кодта ирон бæгæны? *(Сатана)*
- Чи æрхъуыды кодта ирон дыууадæстæнон фæндыр? *(Сырдон)*
- Кæй номимæ баст сты ацы кувæндæттæ?
- Чи уыдис Нартæн сæ тæккæ хъаруджындæр æмæ æнаипджындæр? *(«Нартæн сæ тæккæ хъаруджындæр, – фыссы Нигер, – æппындæр аипп кæмæ нæ арынц Нарт, уыцы болат Батрадз)*
- Цы уыдис Батрадзæн йæ лæмæгъдæр бынат? (Йæ тъанг)
- Цæмæй райгуырд Сослан? Цæмæн? (Дуры гуыбынæй. Уыди Хуры бардуаг. У мифологи)
- Цы уыдис Сосланæн йæ лæмæгъдæр бынат? (йæ уæрджытæ)
- Кæй уадындзы цагъдмæ-иу æрæмбырд сты сырдтæ æмæ мæргътæ? (Ацæмæзы)
- Нарты адæм уынаффæ хæссынмæ кæм æмбырд кодтой, уыцы бынат куыд хуынд? *(Ныхас)*
- Къуырийы бонтæй Нарты хæцæн бон кæцы уыд? (Майрæмбон)
- Нарты хъазæн фæз цы хуынд? (Зилахар)
- Кæй зонут Нарты Кадджыты зындгонддæр кадæггæнджытæй? (Саулаты Дзæрæх, Гуыриаты Вано, Дзусаты Роман, Сланты Гаха, Хетæгкаты Гуыба)

*Ныр та сбæрæг кæнæм Нарты хъæзтытæ. Ранымайут Нарты хъæзтытæ, цавæртæ дзы зонут? Афыссут сæ сыфтыл. Кæцы къорд фылдæр. Равдисын иу хъазт.*

***(Æвдыст цæуынц экраныл)***

- Фат æмæ æрдынæй æхсын.
- Ронæй хъæбысхæст.
- Бæхтыл дугъуадзын (Скачки)
- Бæхы рагъыл кæфтытæ (Трюки)
- Хъулæй хъазт (Альчики)

- Гæппытæ кæнын (прыжки)
- Богæлтты хъæбысхæст (Борьба)
- Дугъ кæнын (Бег)
- Армæй хъазт
- Дзоныгъæй бырын

2. **Хъазт «Ссар дзырдтæ».** Иу минутмæ кæцы къорд фылдæр дзырдтæ ссардзæн дзырд «сыгъдæгзæрдæ»-йы (Сывæллæттæ кусынц сыфтыл)

Сыгъдæг, зæрдæ, сæрд, сæгъ, зæд, дæс, дыс, зыд, гæс, сырд, сыгъд, сыд, згæ, дæрзæг, сæр, рæс, рæсыд, æрдæг, гæды, дыргъ, згъæр, зды, дæнг, дæргъ, рæдыд, рæзæг, сæдæ, æгæр

**Фыццаг амонæг:** Нарты кадджытæ сты нæ зонды суадон, нæ царды айдæн. Алы адæймаг дæр хъуамæ зона йæ адæмы æгъдæуттæ, æххæст сæ кæна, уымæн æмæ уыдон сты адæмы æхсæнадон, культурон, æрвылбоны царды фæлтæрддзинад æвдисæн.

**Дыккаг амонæг:** «Натры кадджытæ» сты хъæбатырон эпос. Æвдыст сæ цæуы бæгъатырты тох æмæ сгуыхтытæ. Сты аив æмæ цымыдисаг таурæгътæ, хъусæн – æхцон, зæрдæйæн – æхсызгон. Адæймагæн хæссынц цин, æфтауынц æй сагъæстыл æмæ уæздан хъуыдытыл». Джыкайты Шамил

Дыккаг тур – Нывтæм гæсгæ сбæрæг кæнын Нарты кадджыты хъайтарты, раттын сын характеристикæ (æвдыст цæуынц экраныл)

1. Уырызмæг
2. Сатана
3. Сослан æмæ Тары фырттæ
4. Балсæджы цалх
5. Батрадз
6. Ацæмæз
7. Куырдалæгон
8. Нарты куывд
9. Уацамонгæ

***3.** Капитанты конкурс: Сæмбырд кæнын æмбисонд æмæ йын йæ хъуыды бацамонын.*
Æмбисæндтæ:
«Куыстæн йæ сæр – сындз, йæ бын – сой».
«Æмвæнд адæмæн хох дæр нæ лæууы».

*Къорды уæнгтæ та уыцы рæстæг æмбырд кæнынц пазлтæ (Тугъанты Махарбеджы нывтæй иу) сбæрæг кæнынц,* цавæр ныв у, уый. Кæцы къорд фæраздæр уа, уый амбылдта.

**4. Хæдзармæ куыст. Сфæлдыстадон куыст.**

**Амонæг:** Гъе, Нарты фæдонтæ, бахæццæ стæм сфæлдыстадон ерысмæ. Равдисут уæ сæрæндзинад, уæ арæхстдзинад зарынмæ, кафынмæ, æмдзæвгæтæ дзурынмæ.

**Хуры тынтæ: («Хонгæ кафт»)**

**Иры тырысатæ: (Сценка)**

**Амонæг:** Цалынмæ зæххы къорийыл мыггæгтæ цæрой, уæдмæ
нæ бамынæг уыдзæн «Нарты кадджыты» ирон æвзаг, стыр Къостайы хæххон суадонау сыгъдæг æмæ рæсугъд æвзаг.

**Фыццаг амонæг:** Бузныг уын, нæ нæртон фæсивæд. Уæ кад, уæ намыс сæфт макуы уæд. Кæддæриддæр царды мидæг уæлахиз ут. Уæ куырыхон хистæрты цыт бæрзонддæр кæнут.

У махæн арвау стъалыджын нæ дзырдуат.

Нæ намыс – не ’взаг, зæрдæтæн сæ таг.

Ирæттæй нæ æрмæстдæр зонынц уымæн,

Кæй нын ис Нартæ, Симд æмæ Къоста.

Куы нæ уа не ’взаг, нал уыдзыстæм мах дæр.

Нæхи сæфтмæ цæмæн бæллæм, зæгъ-ма?

Фæдисонау цæгъдын дзæнгæрæг Ирыл,

О бахъахъхъæнæм не стырдæр хæзна!

*(Цалынмæ жюрийы уæнгтæ хатдзæгтæ кæнынц, уæдмæ къордтæ кафынц «Симд»)*

*Ныхасы бар жюрийы уæнгтæн*